Bhojpuri Folk-tales

A Post-literacy Booklet
for
Newly Literate Bhojpuri Speakers

A Post-literacy Material submitted to the Central Department of Linguistics,
Faculty of Humanities & Social Sciences
Tribhuvan University, Kirtipur
for partial fulfillment of M. A. II year Paper IX, Practical Literacy (Lg. 509-5)

By Gopal Thakur Lohar
TU Registration No. 14176-83
Class Roll No. 32
Exam Roll No. 4133
2005

Central Department of Linguistics,
Faculty of Humanities & Social Sciences
Tribhuvan University,
Kirtipur, Kathmandu
Nepal
May, 2006

Bhojpuri Folk-tales

A Post-literacy Booklet
for
Newly Literate Bhojpuri Speakers

A Post-literacy Material submitted to the Central Department of Linguistics,
Faculty of Humanities & Social Sciences
Tribhuvan University, Kirtipur
for partial fulfillment of M. A. II year Paper IX, Practical Literacy (Lg. 509-5)

By Gopal Thakur Lohar
TU Registration No. 14176-83
Class Roll No. 32
Exam Roll No. 4133
2005

Central Department of Linguistics,
Faculty of Humanities & Social Sciences
Tribhuvan University,
Kirtipur, Kathmandu
Nepal
May, 2006

Letter of Recommendation

This is to certify that this term paper entitled Bhojpuri Folk-tales (A post-literacy booklet for newly literate Bhojpuri Speakers) is compiled and edited by Mr. Gopal Thakur Lohar under my supervision. I Recommend this term paper for evaluation.

C. M. Bandhu

(Prof. Dr. C. M. Bandhu)

Central Department of Linguistics, T. U.

Date: 12-5-2006

Tribhuvan University
Faculty of Humanities and Social Sciences
Central Department of Linguistics

The undersigned members of the Term Paper Committee have approved this Term Paper entitled **Bhojpuri Folk-tales** (A post-literacy booklet for newly literate Bhojpuri Speakers) submitted by Mr. Gopal Thakur Lohar to the Central Department of Linguistics, Tribhuvan University in partial fulfillment of the requirement for Master's Degree in Linguistics.

Supervisor: _____

External: _____

Head of the Department: _____

Central Department of Linguistics
Kirtipur, Kathmandu, Nepal

Date: 12-5-2006

ABSTRACT

Bhojpuri Folk-tales is a post-literacy booklet for newly literate Bhojpuri Speakers. It contains two parts: Principles applied for collection of the Bhojpuri folk-tales and the collected text of five popular Bhojpuri folk-tales.

ACKNOWLEDGEMENTS

First of all, I would like to express my sincere gratitude to Prof. Dr. Yogendra Prasad Yadava, head of the Central Department of Linguistics, whose inspiration worth great value for my affiliation to the department as a student of M. A. in linguistics. I am further grateful to him to provide me encouragement, enforcement and feedback for preparation of this dissertation under his kind supervision.

I received valuable guidelines for preparation of this term paper entitled **Bhojpuri Folk-tales** (A post-literacy booklet for newly literate Bhojpuri Speakers) from the former Head of the Department, Prof. Dr. C. M. Bandhu. With due respect I'm grateful to him.

Likewise, I can never forget Lecturer Balaram Prasain for his outstanding support by providing materials and necessary suggestions in Development of this dissertation.

I am grateful enough to all my respected teachers from the Department of Linguistics, who have always been a source of feedback and encouragement since I joined Master's Degree under the Department.

I'm obliged to my respected mother Parameshwari Devi for the folk-tale of Anjur as well as I extend my vote of thanks to the story-tellers Raghunath Chaudhary, Baliram Patel and Jagadish Chaudhary along with my brother Mr. Rishabh Dew Thakur for proof-reading and supporting me collecting the stories.

(Gopal Thakur Lohar)

Contents

Items	Page
1. **Introduction**	**1**
2. **Statement of the Problem**	**2**
3. **Literature Review**	**2**
4. **Objectives**	**2**
5. **Significance**	**2**
6. **Delimitations**	**3**
7. **Methodology**	**3**
8. **Text of the Bhojpuri Folk-tales**	**5 -94**
Bagad Pariwar/ बागड़ परिवार	**5**
Anjur Bahin/ आँजुर बहिन	**15**
Sonkesi Rani/ सोनकेसी रानी	**29**
Beta/ बेटा	**45**
Seksami/ सेकसामी	**67**
9. **References**	**95**

1. Introduction

Mother tongue and minority language speakers' literacy programmes are rapidly emerging as a concern of a global interest. This is result of awareness among concerned language communities and pressure upon government to preserve and promote all languages spoken in different communities.

It has also been learnt that the worldwide programme of Illiteracy Alleviation by 2000 run by UNSCO met failure, especially blamed on literacy programmes in languages other than mother tongues. Consequently, the UNESCO has launched 'Education for All' emphasizing on literacy in mother tongues.

According to the census report of 2000 in Nepal, Bhojpuri is the third major language of the country with strength of 7.53% of the total Nepalese population. But the medium of even primary education is still not the Bhojpuri language in the Bhojpuri speaking belt of the country.

As a non-aggregated additional subject, Bhojpuri is included in primary education curriculum of HMG, but lagging far behind in practice. The books developed and published for Class 1 to 5 are found negligible to meet the high demand in primary schools of the Bhojpuria region. Noumber of books published is nearly a thousand but there is demand of more than half a million. Besides, there is no concerned body found to implement the endeavor.

The situation of secondary level additional subject, Bhojpuri is facing worse situation. The language group of subjects is as an alternative to Mathematics, the subject can never be ignored in this new millennium of Science and Technology.

Besides these, some local efforts have been made by the residents to run literacy programmes under cooperation of some NGOs and INGOs sporadically. But it is learnt, the newly literates again turned illiterate due to lack of availability of post-literacy materials.

In this regard, this small booklet is developed to help the newly literate Bhopurias to continue their efforts to read further.

Moreover, this booklet, will also be used by all the institutions involved in running literacy programmes in the Bhojpuria area in the Kingdom of Nepal.

2. Statement of the Problem

- What should be done to consolidate literacy among newly literates?
- Why do the newly literate individuals forget literacy?
- How can their interest in reading be materialized?
- What types of materials should be prepared to do so?
- How are the contents of this booklet organized?

3. Literature Review

'Hamar Bhasha Bhojpuri' (Bhojpuri, Our Language) Book 1 to 5, Curriculum Development Centre, Sanothimi, Bhaktapur: The books prescribed for class 1 to 5 have contents starting from alphabets to simple comprehensions and traditional preliminary grammatical skills.

4. Objectives

- to search for the reasons why the newly literates forget to read and write
- to search for the interest of the newly literate individuals
- to materialize their interests
- to search for the variety of the post-literacy materials
- compilation of this booklet in this regard

5. Significance

As it's observed, the best way to teach literacy is the medium of mother tongue. Although the medium of even primary education in Nepal is other than mother tongue for all non-Nepali speakers, it's observed the teachers use mother tongue especially while teaching the kids alphabets and numerals. The situation is healthier in the non-formal literacy classes though it's seen scarcely.

But the main problem is that the newly literates forget what they have learnt, especially in the case of adult literacy programmes. The reason is that they don't get the post literacy materials in their mother tongues, i. e. Bhojpuri here particularly. It's also seen either the grown up children or adult, all are interested a little bit more in the folk story listening or reading.

That is why this small booklet of 5 folk stories of different kinds will be of great significance among them to keep on their knowledge of literacy. Moreover, they will be slowly increasing their interest in Nepali also, as all the stories are translated into Nepali as well.

6. Delimitations

This booklet is based on the variety of Bhojpuri spoken in eastern Bara district and western Rautahat district, Jamuni-Bakeya river belt of the two Madheshi Districts. The stories have been collected from the same area. Besides, the areal feature is same to the adjacent belt of the East Champaran in the Indian state of Bihar. So, the collector didn't stick to the political boundary while collecting Bhojpuri folk-tales.

All the stories have also been translated in Nepali so that the booklet can be significant as a post literacy material for Nepali speakers as well. Besides, it can arouse interest in Nepali, the national official language, among the Bhojpuri post-literates, too.

7. Methodology

(a) **Source of Data Collection:** The story-tellers of the Bhojpuri speaking belt specified above have only been the source of data collection.

(b) **Subject matter of the Data:** Folk stories regarding different walks of life of Bhojpurias are the subject matter.

(c) **Process of Data Collection:** The folk-tales have been recorded live in informants' voice and then transcribed and edited in Bojpuri written in Devanagari script.

(d) **Compiling:** The stories have been compiled from simple to complex for understanding. As it's the post-literacy material, the compilation is arranged in Preeti font for Devanagari script in font-size 18 and 1.5 line-spacing so that the newly literate Bhojpuri speakers can read without any emphasis on their eyesight.

(e) **Nepali Translation:** All the stories have been translated in Nepali and arranged in order of alternate page interpretation type so that the readers can read the material in both the languages as one to one correspondence. This help Bhojpuri speakers to develop skills of reading and understanding Nepali, the national official language. Besides, the Nepali speakers can also learn Bhojpuri while they go through the Nepali translation with side-by-side enjoyment of the Bhojpuri root of the stories. The Nepali translation enables the booklet to be used by newly literate Nepali speakers at the same time.

बागड़ परिवार

कवनों देश में एगो गाँव रहे । गाँव में एगो गरीब परिवार रहे । परिवार में एगो मुसमात के दूगो बेटा रहे । दूनू बेटा के शादी हो गेल रहे आ पुतोह सब बसत रहे । बाँकिर परिवार के सभे लोग बागड़े रहे । एक दिन मातारी अपना बेटा सब से कहलक, 'बउआ, अब घरही रहला से काम न चली । बड़का, तू जो पंजाब कमाए, छोटका रही घरेके काम धन्धा देखी ।'

बड़कु चल गेल पंजाब आ ओतहाँ आपन काम खोजके करे लगल ।

एने छोटकु गेल हर जोते खेत में ।

जब पनपिआई के बेरा भेल त मातारी सोचलक, 'लइका के पनपिआई जरुर खिआवेके के चाहीं ।' एतना सोचके ऊ गेल पनपिआई लेके बेटा के खिआवे । पनपिआई खा के बेटा हर जोते लागल । कलेवा के बेरा भेल हर खोल के घरे आएल ।

एहीलेखा रोज के रोज छोटकु जास हर जोते आ मातारी जास पनपिआई करावे ।

एक दिन मातारी पनपिआई खिआके घरे आएल ।

एतने में छोटकु देखइता कवनों राही बटोही पैंड़ा धइले चलल जात रहे ।

बटोही छोटकु से पुछइता, 'हई रास्तावा हो गउँवा में चल जाई ?'

छोटकु कहलख्, 'न हो, हमर बयल न बिकाई ।'

बटोही फेर से पुछेके कोशिस कएलख्, 'हो बयल नानू हम रास्ता नु पुछइतानी, हो गउँवा में चल जाई ?'

छोटकु फेर से कहलख्, 'एक बेर कह देनी हमार बयल न बिकाई । सुनइत नइखऽ ?'

बटोही समझ गेल, 'ई हरवाहा बहिर बुझाइता ।' आ चल देलख् अपने राहे ।

(नेपाली अनुवाद)

लाटो परिवार

एकादेशमा एउटा गाउँ थियो । गाउँमा एउटा गरीब परिवार थियो । परिवारमा एउटी बिधवाका दुई छोराहरु थिए । दुवै छोराहरुको बिहे भइसकेको थियो र बुहारीहरु बस्न लागेका थिए । तर परिवारमा सबैजना लाटै थिए । एक दिन आमाले आफ्ना छोराहरुलाई भनिन्, 'बाबु, अब घर मात्रै बसेर काम चल्दैन । जेठा, तँ काम गर्न पञ्जाब जा, कान्छो चाहिँ यहीँ बस्छ र घरको कामधन्धा हेर्छ ।'

जेठो पञ्जाब गयो र त्यहाँ आफू अनुसारको काम खोजी गरिबस्यो ।

यता कान्छा गयो हलो जोत्न खेतमा ।

जब खाजा खाने बेला भयो, आमा चाहिँले सोचिन्, 'छोरालाई खाजा त ख्वाउनै पर्ने हो ।' यति सोचेर उनी खाजा लिई छोरालाई ख्वाउन गइन् । खाजा खाएर छोरा फेरि हलो जोत्न थाल्यो । खाना खाने बेला भयो हलो खोली घर आयो ।

यसरी नै हरेक दिन कान्छो चाहिँ हलो जोत्न जान्थ्यो र आमा चाहिँ उनलाई खाजा ख्वाउन जान्थिन् ।

एक दिनको कुरो हो, आमा खाजा ख्वाई घर फर्किन् । यता कान्छोले कुनै बटुवा आफ्नो बाटो समाई कतै जानलागेको देख्यो ।

बटुवाले कान्छोलाई सोध्यो, 'यो बाटो ऊ त्यो गाउँमा पुग्छ ?'

कान्छोले भन्यो, 'नाइ नाइ, मेरा गोरु म बेँच्तिन ।'

बटुवाले फेरि सोध्ने कोसिस गऱ्यो, 'ए गोरु होइन भन्या, बाटो पो सोधिरहेछु, ऊ त्यो गाउँमा पुग्छ ?'

कान्छोले फेरि भन्यो, 'एक तालि भनिहालेँ म गोरु बेच्तिन । सुन्नुभएन कि क्या हो ?'

बटुवाले बुझिहाले, 'यो हली लाटो जस्तो छ ।' र ऊ आफ्नो बाटो समाती हिँडिहाल्यो ।

कुछ देर का बाद छोटकु के मेहरारु आएल राख बिगे । राख पटक के कहलक, 'बड़ा घाम बा । चलीं तनिका गछिया में छहाँ लीं ।'

छोटकु कहलख्, 'अच्छा तू चल ताले अवइताड़ी ।'

कुछ देर में ओकर मातारी फेर से खेता ओरी आएल ताले पतोह चलल जाइत रहे ।

मातारी पुछली, 'बउआ अवइता ? काहे न सँगी बोलवले अइलू ह ?'

तब पुतोह कहलक, 'रउवा का बुझाइता ? हम बिँड़ी धएले बानी ?'

स्वाभाविक रहे । जब परिवार में सभे बहिरे बा त कुछ गड़बड़ त होखबे करी ।

बाद में छोटकु आएलं हर खोलके घरे ।

मातारी ओकरा के कहलक, 'देख न । तोहरा भउजी के देह अझुराह बा । जल्दिए देह खाली होखेवाला बा । तोहर भइआ कुछ समादो न भेजलख अबतक ले । न होखे त जो तुहो पंजाब आ मांग लाव कुछ ढेउवा कउड़ी । न लेअएबे त घरखर्च कइसे चली ?'

छोटका कहलख्, 'होई दू चार दिन में जाएम ।'

ताले बड़की पुतोह एगो लइका के जन्मो देदेलख ।

अब छोटकु के पंजाब जाही के परल । खर्चा पानी लेके चल देलक पंजाब । जब छोटकु पंजाब पहुँचलख आ अपना भइया के खोज के भेंटो क लेलख् । हाल समाचार पुछा पुछौअल आ बाताबतौअल भेल ।

खुशी का मारे गदगद होइत छोटकु कहलख्, 'तोहरा बेटा भेलक ह ।'

बड़कु कहलख्, 'हमरा कहाँ से बेटा होई, भेल होखी तोरा भउजाई के ।'

छोटका कहलख्, 'हँ हँ उहे नु ।'

दुनू भाई खुब खुश भेलन स । बड़कु कमाएल ढेउवा में से दस हजार रोपेया देइत कहलख्, 'जल्दी लवट जो । रास्ता पर कुछियो, कुछियो किन के खाइत जइहे ।'

केही बेर पछि कान्छाकी स्वास्नी खरानी फाल्न आई । खरानी फालेर भनी, 'चर्को घाम छ । जाऔँ अलि रुखमुन बसी थकाई मारौं ।'

कान्छोले भन्यो, 'तिमी जाँदै गर म आउँदै छु ।'

केही बेरमै उसकी आमा फेरि खते तिर आइन् । बुहारी चाहिँ फर्किंदै थिई ।

आमाले सोधिन्, 'छोरो आउँदै छ ? किन सँगै न आएकी ?'

अनि बुहारीले भनी, 'हजूरलाई के लाग्यो ? म बिँडी राखेकी छु र ?'

स्वाभाविकै थियो । जब परिवारमा सबै लाटा नै छन् भने केही गडबड त भई नै हाल्छ ।

पछि कान्छो हलो फुकाएर घर आयो ।

आमाले उनलाई भनिन्, 'हेर, तेरी भाउज्यू दुई जीऊकी छे । ऊ चाँडै नै आमा बन्दै छे । तेरो दाई केही अहिलेसम्म खबर पठाएको छैन । मलाई लाग्छ तँ पनि पञ्चाब जा र केही पैसा मागेर ल्याऊ । ल्याएनौ भने घरखर्च कसरी धान्ने ?'

कान्छाले भन्यो, 'हुन्छ, दुई चार दिनमै जाउँला ।'

यसैबीच ठूली बुहारीले एउटा बच्चाको जन्म पनि दिई ।

अब त कान्छो पञ्जाब जानुपर्ने नै भयो । ऊ बाटो खर्च लिएर लाग्यो पञ्जाब तिर । कान्छो पञ्चाब पुग्यो र आफ्नो दाइलाई खोजेर भेंटी पनि हाल्यो, हालखबर सोधियो, बताइयो ।

खुशीले गद्गद् हुँदै कान्छाले भन्यो, 'तपाईंले छोरो पाउनु भएछ ।'

जेठाले भन्यो, 'मैले कहाँबाट छोरो पाउनु, पाएकी होली तेरी भाउज्यूले ।'

कान्छाले भन्यो, 'हो, हो त्यै भन्या हो ।'

दुवै दाइभाइ खुबै खुशी भए । जेठाले आफ्नो कमाईबाट दस हजार रुपैयाँ दिँदै भन्यो, 'तुरुन्तै फर्की जा । बाटोमा केही केही किन्दै खाँदै गएस् ।

छोटकु रेल चढ़के चलदेलख । जब नियरा के स्टेशन पर उतरल त ओकरा इयाद परल, 'भइया त कहले बाड़न कुछियो कुछियो किनके खाए के आ घरहु खातिर कुछियो कुछियो किनले जाएके ।'

अब गेल ऊ एगो दोकान का लगे आ सीधे खाड़ा हो गेल ।

दोकानवाला कहलख, 'काहे खाड़ा बाड़ हो भाई ? आवऽ बइठऽ । चायपानी पिअ आ जे मन लागइता से किनऽ ।'

फेर से दोसरो दोकान का लगे जा के खड़ा हो गेल । ओतहों दोकानवाला कतनो कहलख ई कुछ लेवे के तेयार न भेल । ई खाली कहे, 'न हो मरदे हमर भइआ कहले बा कुछियो कुछियो किनेके, हम बर्तन काहे किनू ?'

ई बर्तनो के दोकानवाला सोचलक जे अइसन अलबटाह से काहे लागल जाओ ।

ई छोटकु राम फेर बिना कुछ किनले, बिना कुछ खएले चले लागल घरे ओरी ।

रास्ता में कवनो आदमी करम लेले अवस्था में अँखरे मारकीन के कपड़ा आधा डाँड़ में पेन्हले रहे आ आधा देह पर धएले रहे ।

एने छोटकु राम जइसही ओह आदमी के देखलक, एकरा बुझाएल जे एकरा भाई के कहल कुछियो कुछियो इहे न त ह ?

छोटकु भाई पुछ पड़ल ओह आदमी से । 'हो भाई ! हई अपन कुछियो कछियो केतना में बेंचबऽ ?'

ऊ आदमी कस के खिसिआएल आ झार के बोललख, 'दुःखिया दुःख रोए आ सुखिया कथी न टोए ! भगबऽ कि न इहाँ से ?'

बाँकिर ई छोटकु ओह लोग के बहुत पिन्डोग क देलख ।

तब हार मान के महापात्र पंडित जी जजिमान से कहलन, 'निमन ढेउवा देइता त बेंच न द । ई अलबटाह से बतिअएला से ओकर बाते मानल निमन होई ।'

कान्छो रेल चढेर हिँड्यो घरतिर । जब नजीकको सीमावर्ती स्टेशनमा ओर्ल्यो, उसले दाइले भनेको सम्झ्यो, 'दाइले त केही केही किनेर खाने र घरका लागि पनि केही केही किनेर लाने भनेका छन् ।'

अब गयो ऊ एउटा पसलमा र केही नबोली उभिइरह्यो ।

पसलेले भन्यो, 'किन उीभएको हो भाइ ? आऊ बस । चियापान गर र जे मन पर्छ किन ।'

फेरि ऊ अर्को पसल नेर गएर उभिरह्यो । त्यहाँ पनि पसलेले कति भने, यो केही पनि लिन तयार भएन । यसले यति मात्र भन्थे, 'होइन हजूर, मेरो दाज्यूले भनेछन् केही केही किन्नलाई, म भाँडा किन किनूँ ?'

यो भाँडा पसलेले पनि सोच्यो यस्तो लाटोसँग लाग्नु नै बेकार रहेछ ।

यो कान्छो फेरि केही पनि नकिनिकन, केही पनि नखाइकन हिँड्यो घर तिर ।

बाटोमा कोही व्यक्ति किरियापुत्री बसेको अवस्थामा कोरा मारकीनको लुगा आधा जीऊमा आधा ढाडमा बेरेको थियो ।

यता कान्छो पनि त्यो मान्छेलाई हेर्ने बित्तिकै के बुझ्यो भने यसको दाइले भनेको केही, केही भन्ने वस्तु त्यही त होइन ?

कान्छोले त्यो मान्छेसँग सोधी हाल्यो, 'ए दाइ ! यो तपाईंको केही केही कतिमा बेच्नुहुन्छ ?'

त्यो मान्छे झनक्क रिसायो र हकार्दै भन्यो, 'दुःखिया दुःख रुने र सुखिया के नछुने ! भाग्छौ कि नाइ यहाँबाट ?'

तर यो कान्छोले उनीहरुलाई कायल पारिसक्यो ।

तब हार खाएर महापात्र पुरेतले यजमानलाई भने, 'राम्रो पैसा दिन्छ भने बेँच्दा हुन्छ । यो लाटोसँग कुरा गर्नुभन्दा उसले भनेको मान्नु नै जाती हुनेछ ।'

ताले ई छोटकु फेर से कहलक्, 'हो भाई, हो केतना देर लगवले बाड़ ? देबऽ त द पाँच हजार रोपेया देइताड़ी ।'

अब किरिओ बाला आदमी मान गेल । पाँच हजार रोपेया लेके आपन किरयापुतरी देदेलक् ई छोटकु के ।

छोटकु बहुत खुस होगेल आ पेन्हलेलख कफन के कपड़ा ।

एही बीच में ओकरा गाँव के कवनों साएकील से घोड़ासाहन स्टेशन से लोटइत रहे । ऊ एह छोटकु के किरिया काठी पेन्हल देखते समझ गेल, 'होए न होए, ए बतहा के बड़का भइअवा पंजाबे में मरगेल बा ।'

ऊ छोटकु से पहिलही घरे आके एकरा माईं के कह देखक, 'ए काकी, तोहर बड़का बेटा त मर गेल नन्हका किरिआ पेन्हले घरे आ रहल बा ।'

अब त घर में रोआकाना-चिकरोभिकरो लाग गेल । तनिका देर का बाद छोटको पहुँच गेल उतरी आ मारकीन पेन्हले । घर में जे शंका रहे ऊ साँच में बदल गेल ।

तइयो मातारी के दाह न अड़एल । मतरिया पुछलक्, 'ए बउवा, साँचो तोहर भाइ मर गेल ? कहिआ के बात ह ?'

छोटकु कहलक, 'का हरदम भाइ भाइ कएले रहलु ? रह तोहरा भाइ के बोला के लेआ देइत बाड़ी ।'

एतना कहते ऊ दउरत गेल अपना ममहर आ मामा के बोलवले चल आएल ।

मातारी से मामा पुछलक, 'का भेल ?'

मातारी समूचा बात कह देलक ।

अब मामा छोटको से पुछलक, 'साँचो तोहर बड़का भाइ मरगेल ? कहिआ ?'

छोटकु अपना माई ओर इसारा करे, 'ई नु कहलखऽ बोलावेके ।'

यत्तिकैमा कान्छोले फेरि भन्यो, 'ए दाइ, कति बेर लाउनुभएको ? दिनुहुन्छ भने दिनुस् पाँच हजार रुपैया दिन्छु ।'

अब त किरियापुत्री बस्नेले पनि मानिहाल्यो । पाँच हजार रुपैयाँ लिएर आफ्नो किरियापुत्री लुगा कान्छोलाई दियो ।

कान्छो धेरै खुशी भयो र लगाइहाल्यो किरियापुत्रीले लाउने लुगा ।

यसैबीच एकजना उसकै गाउँले साइकिल चढेर घोडासहन स्टेशनबाट फर्किंदै थियो । ऊ यो कान्छोलाई किरियापुत्रीको लुगा लाएको देख्ने बित्तिकै बुझिहाल्यो, 'हुनसक्छ, यो लाटोको दाइ पञ्जाबमै मरेको जस्तो छ ।'

ऊ कान्छोभन्दा अगाडि नै घर पुगी उसको आमालाई भन्दिहाल्यो, 'ए काकी, तपाईंको जेठो छोरो त मरिसक्यो । कान्छो चाहिँ किरियापुत्री लाएर घर आउँदै छ ।'

अब त घरमा रुवाबासी शुरु भयो । केही छिनमै कान्छो पनि आइपुग्यो मारकीन लुगा लाउँदै । घरमा जुन आशङ्का थियो, सत्यमा परिणत भयो ।

तैपनि आमाले माया थाम्न सकिन । सोधिहालिन्, 'ए बाबु, साँच्चै तेरो दाइ मरेछ ? कहिलेको कुरा हो ?'

कान्छाले भन्यो, 'के जहिले पनि दाइ दाइ मात्रै गरिराख्नुहुन्छ ? पख्नोस् म तपाईंको दाइलाई बोलाइदिन्छु ।'

यति भन्दै उ कुद्दै पुग्यो आफ्नो मावली र मामालाई बोलाएर आइपुग्यो ।

आमासँग मामाले सोधे, 'के भयो ?'

आमाले सबै कुरा बताइहालिन् ।

अब मामाले कान्छोलाई पनि सोधे, 'साँच्चै तिम्रो दाइ मरेको हो ? कहिले ?'

कान्छोले आफ्नी आमातिर ईशारा गर्दै भन्यो, 'यहाँले पो बोलाउन भन्नु भा'को ।'

तौले गाँवभर के लोग जमा होगेल । अब जहाँ सबलोग बहिरे बा उहाँ केकरा से का पुछ सकले । भारी बवाल खड़ा होगेल ।

ओही में से एगो आदमी छोटका के हावभाव पर ध्यान देलक ।

ऊ देखइताकि छोटका उतरी आ मारकीन त पेन्हले बा बाँकिर एकर मन तनिको मलीन नइखे । बल्कि छोटका खुसी का मारे नाच रहल बा । तबहिए ऊ मारलक छोटका के एक चमेटा काने का जरी आ जोर से पुछलक्, 'तोहर भाई मरल बा आ बाड़ हरूअई कएले ? बताव साँच साँच सभी हाल कइसे कइसे भेल ?'

तब छोटका कहलक्, 'तोहरे भाई मरल होई । हमर भाई त जीते बा पंजाब में । ओकरे से भेंट कएले त अवइत बाड़ी ।'

'रे त ई किरिआ काठी कहाँ पेन्हलेले ह ?'

'रास्ता पर ।'

'काहे ?'

'हमर भइआ कहले रहलन ह ।'

'तोहर भाई इहे किरिआ काठी पेन्हेके कहले रहे ?'

'ई किरिआ काठी नइखे । ई कुछियो कुछियो बा ।'

'कुछियो कुछियो का होखले ?'

'हमर भइआ कहलन रास्ता पर कुछियो कुछियो किन लिहे । बाँकिर सारा रास्ता पुछते अइली । घोड़ोसाहन में पुछली कए गो दोकान में । केनहु कुछियो कुछियो न मिलल । निरास भेल अवइत रहली ह त रास्ता में एगो आदमी के देह पर से पाँच हजार रोपेया देके उतरवाके मिलल ह ई कुछियो कुछियो ।'

(श्रोत : बलिराम पटेल, विसुनपुर्वा-२, बारा)

तबसम्म त गाउँभरिका मान्छेहरु ओइरिहाले । अब जहाँ सबै लाटै छन्, कसले कसलाई के सोधोस् । ठूलै समस्या खड़ा भयो ।

त्यसैमध्ये एकजनाले कान्छाको हाउभाउमा ध्यान दियो ।

उसले के थाहा पायो भने कान्छोले किरियापुत्रीको लुगा त लाएको छ तर उसको मन अलिकति पनि मलिन छैन । बरु कान्छो चाहिँ खुशी भएर नाचिरहेको छ । अनि उसले दियो कान्छालाई कानका मुनि एक थप्पड र हकारेर सोध्यो, 'तेरो दाइ मरेको छ र तँ बदमाशी गरेको गऱ्यै छस् । भन सत्य सत्य सबै हाल के कसरी भयो ?'

अनि कान्छाले भन्यो, 'तेरै दाइ मऱ्या होला । मेरा दाइ त जिउँदै छन् पञ्जाबमा । उनैसँग भेंटेर त आउँदैछु ।'

'त्यसो भए यो किरियापुत्रीको लुगा कहाँ लाइस् ?'

'बाटोमा ।'

'किन ?'

'मेरा दाइले भनेका थिए ।'

'तेरा दाइले किरियापुत्री लाउन भनेका थिए ?'

'यो किरियापुत्री होइन । यो केही केही हो ।'

'केही केही भनेको के हो ?'

'मेरा दाइले भने बाटोमा केही केही किनिलिनू । तर पूरै बाटो सोध्दै आएँ । घोडासहनमा सोधेँ कतिवटा पसलहरुमा । काहीँ पनि केही केही पाइएन । निराश भएर आउँदै थिएँ, अनि बाटोमा एकजनाको जीऊमा लाएको देखे पछि पाँच हजार रुपैयाँ दिएर फुकाल्न लगाई मैले लिएको हूँ यो केही केही ।'

(श्रोत : बलिराम पटेल, विसुनपुर्वा-२, बारा)

आँजुर बहिन

कवनों समय के बात ह, एगो शहर में बहुत बड़का बेपारी रहे । ओकरा घर में सात गो बेटा के बाद एगो बेटी के जन्म भेल । दुलार से ओकर नाँव आँजुर परल । सात गो बेटा के बाद जन्मल आँजुर के लड़िकाईं बड़ा खुशी से गुजरल । बाप, मतारी आ सातु भाई के आँख के पुतली रहे आँजुर । केहु ओह के आँख से दूर न जाए देवे । कहनामें बा 'राजावा के घर मोतिया के दुःख ?' बाप महासेठ हइले रहे । आँजुर के माटी आ काठ के बदले सोना, चानी, हीरा, जवाहर के खेलौना से खेल के ओकर बचपन गुजरल । साथे साथ खातिरदारी खातिर दर्जनो नोकर चाकर हर पल हाजिर रहे आँजुर का सोभ्का । भाई सब रहे अइसन जे अपना बहिन खातिर कवनों बेरा कवनों जोखिम उठावे ला तेयार रहे ।

सातु भाई के जइसे जइसे उमीर पहुँचल ओह लोग के शादी बिआह हो गेल । घर बस गेल । सास ससुर आ सातु भाई के असीम माया ममता का साथे सातु भउजाइयो आँजुर के भरपूर माने । आँजुर के घर मानल जाओ कि एह मृत्युलोक में भी स्वर्ग रहे ।

बाँकिर जइसे केहु आवेला त ओकर गइलो जरुरी होला, ओही तरे जन्म का बाद मरन ओतने सास्वत साँच बा । सब के मालूम बा एक दिन दुनियाँ छोड़ के जाएके परी । आँजुर मोसकिल से दस बरिस के रहल होई ओकर बाप-मातारी दुनिया से चल बसलन । शुरु शुरु में त आँजुर के अपना बाप-मतारी के मरन बहुत खलल । लगभग उ बावली हो गेल रहे । बाँकिर अपना भाइ आ भउजाई सब के दुलार आउर बेसी होते गेला से धीरे धीरे ऊ बाप-मातारी के मरन से पार पा गेल ।

दिन बितइत गेल । जब आँजुर तनिका सामरथ भेल त ओकर भाइ सब के मन में एगो बोझ तनिका बढ़ गेल । ऊ बोझ रहे आँजुर के हाँथ पीयर करेके । ओहलोग के सोचाई रहे, 'कम से कम अपना बराबर के निमन घर-बर देख के बहिन के बिआह क देती त हमनी के बैकुंठ के फल मिल जाइत ।'

(नेपाली अनुवाद)

आँजुर बहिनी

कुनै समयको कुरा हो, एउटा गाउँमा एउटा ठूलो व्यापारी थियो । उसको घरमा सातवटा छोरा पछि एउटी छोरीको जन्म भयो । मायाले उसको नाम आँजुर राखियो । सातवटा छोरा पछि जन्मेकी आँजुरको बाल्यकाल बडो खुशीपूर्वक बित्यो । आमाबाबु र सातैजना दाइहरूकी आँखाकी पुतली थिई आँजुर । कोही पनि उसलाई आँखाभन्दा टाढा जान दिँदैनथ्यो । उखान नै छ 'राजाको घरमा मोतीको दुःख ?' बाबु महासेठ छँदै थिए । आँजुरलाई माटो र काठको सट्टा सुन, चाँदी, हीरा, जवाहरातका खेलौनासँग खेलेर उसको बाल्यकाल बित्यो । साथसाथै उसकै सेवा सुश्रुषाका लागि दर्जनौं नोकरचाकर हरेक पल हाजिर रहन्थे आँजुरको अगाडि । दाज्युहरू पनि यस्ता थिए जो आफ्नी बहिनीका लागि जुनसुकै बखत जस्तो पनि जोखिम उठाउन तयार रहन्थे ।

सातैजना दाइहरूको जसो जसो उमेर पुग्दै गयो उनीहरूको बिहे भयो । उनीहरूको घर बस्यो । सासु-ससुरा र सातै दाइभाइको असीम माया ममताका साथै सातै भउज्यूहरूले पनि आँजुरलाई असाध्यै माया गर्थे । आँजुरको घर मानौं मृत्युलोकमा पनि स्वर्ग थियो ।

तर जसरी कोही आउँछ भने उसका लागि जानु पनि जरुरी नै हुन्छ, त्यसरी नै जन्मपछि मृत्यु त्यत्तिकै शास्वत सत्य हो । सबैलाई थाहा छ एक दिन संसार छाडेर जानु पर्छ । आँजुर मुश्किलले दस वर्ष के पुगेकी थिई होली उसका आमाबुबा संसार छोडी गए । शुरु शुरुमा त आँजुरलाई आफ्ना आमाबाबुको मृत्युले साऱ्है पिरोल्यो । लगभग ऊ लाटी भइसकेकी थिई । तर आफ्ना दाइ र भाउज्यूहरूको मायाप्रीति अझ बढ्दै नै गएकोले गर्दा बिस्तारै बिस्तारै ऊ आमाबाबुको मृत्युलाई बिर्सिंदै गई ।

दिन बित्दै गयो । जब आँजुर अलि उमेरलाग्दी भई, उसका दाइहरूको मनमा एउटा भार महशुस हुँदै गयो । त्यो भार थियो आँजुरको हात पहेँलो गर्नुपर्ने । उनीहरूको सोचाइ थियो, 'कम्तीमा आफू बराबरको राम्रो घर र बर हेरी बहिनीको विवाह गरिदिँदा हौँ त हामीलाई बैकुण्ठको फल प्राप्त हुँदो हो ।'

ओह लोग के एकेगो बात के चिन्ता रहे, 'दुल्हा कम से कम अइसन होखे जे आँजुर के सुखदुःख के अपन सुखदुःख समझे । ओकरा कहियो ई बात महशुस न होखे कि बाप-मातारी के बिना ओकरा कवनो बात के कमी हो रहल बा ।'

अइसने घर-बर देखे सातु भाई महिना-दू महिना के खर्चा पानी बान्ह के चल देलक परदेश ।

अब आएल पलहा आँजुर के भउजाई सब के । सातु भाइ के सामने त ऊ सब बहुत सुभग औरत जाइसन बुझाइत रहे, बाँकिर अब ओह लोग के बेहवार बदल गेल । अब ऊ सब औरत से चुरइन पिशाचिनी बन गेल । अब ऊ सब के असली रुप सामने आ गेल । सब से पहिले त आँजुर के खाएल पियल कम कर देलक । भूखे लट गेल आँजुर । तेल बिना ओकर केश अझुरा के लटिआ गेल । चेहरा के चमक मलीन होगेल । आँख धस गेल । देह दुबरा के अइसन हो गेल कि देख के डर आ तरस समा जाए । ओकरा आँख से लोर के नदी बहइत रहे । तकलिफ का चल्ते त केतना बेर ओकरा दाँतियो लाग जाए ।

बाँकिर ऊ एगो धिरजवान लड़की रहे । ओकरा पूरा विश्वास रहे एक दिन ओकर भाई सब लौट के आई आ ओकर समूचा दुःख कष्ट मेटा जाई । ओकरा आश रहे एक बेर फेर से खुशी भरल जिनगी जिएके । एही आस में ओकर भउजाई सब जे अऱ्हावे, बिना नाकुर नुकुर कएले ऊ क देवे । ऊ अँखरे चटाई पर सुते जवन कहिओ पोरा छुले तक न रहे । ईनार से रोज पानी ले आवे, जाँता-ढेंकी में पिसाई कुटाई करे, भात-भान्सा करे, खिआवे-पिआवे आ उपर से भउजाई सब के रात में देहो दबावे ।

आँजुर पर संकट के पहाड़ त टुटिए गेल रहे । एक दिन भउजाई सब कहलक आँजुर के जङल से जरना ले आवेके, बाँकिर बिना गतैना के बान्ह के । उपर से ओकरा गोड़ से चप्पलो निकलवा लेलक ।

उनीहरूलाई एउटै कुराको चिन्ता थियो, 'दुल्हा कम्तीमा यस्तो हुनुपर्‍यो जसले आँजुरको सुखदुःखलाई आफ्नै सुखदुःख सम्झोस् । उसलाई कहिल्यै पनि आमाबाबुको अनुपस्थितिमा केही कुराको कमी भएको महशुस न होओस् ।'

त्यस्तै घर-वर हेर्न सातैजना दाज्यूहरू महिना दुई महिनाको खाना खर्च बोकी परदेश हिँडे ।

अब आयो पालो आँजुरकी भाउज्यूहरूको । सातै दाइहरूको अगाडि त उनीहरू पूरै सहृदयी महिला जस्तै लाग्दथे, तर अब उनीहरूको व्यवहार बदलियो । अब उनीहरू आइमाईबाट किचकन्या पिशाचिनी जस्ता बनिसके । अब उनीहरूको असली रुप अगाडि आयो । सबभन्दा पहिले त उनीहरूले आँजुरको खानपिन कम गरी । भोकले दुब्लाइसकिन् आँजुर । तेल नपाएर उसको कपाल लट्टा परिसक्यो । अनुहारको तेज मलिन भइसक्यो । आँखा भित्र गइसक्यो । जीऊ दुब्लाएर यस्तो भइसक्यो कि हेर्ने बितिक्कै डर लाग्थ्यो । उसका आँखाबाट आँसुको खोलो बगिरहन्थ्यो । पीरले गर्दा त कतिपल्ट ऊ बेहोश पनि हुन जान्थी ।

तर ऊ एउटी धैर्यवान् केटी थिई । उसलाई पूरा विश्वास थियो एक दिन उसका दाज्यूहरू फर्केर आउलान् । उसको पूरै दुःख कष्ट मेटिने छन् । उसलाई आशा थियो एक चोटी फेरि सुखमय जीवन बाँच्ने । यसै आशमा ऊ भाउज्युहरूले जे जे भन्थे, बिना आनाकानी गरी सबै गरिहाल्थिन् । ऊ खाली गुन्द्रीमै सत्थी जो कहिल्यै परालसम्म पनि छोएकी थिइन । ईनारबाटै रौजै पानी ल्याउँथी, ढिकी-जाँतोमा कुट्ने पिन्ने गर्थी, भात-भान्सा गर्थी, सबैलाई ख्वाई पिआई गर्थी र त्यमाथि पनि भाउज्यूहरूको जीऊ पनि थिचिदिन्थी ।

आँजुरमाथि सङ्कटको पहाड त खसेकै थियो । एक दिन भाउज्यूहरूले भनी आँजुरलाई जङ्गलबाट दाउरा ल्याउन, तर कुनै दाम्लोले नबेरिकन । त्यसमाथि पनि उसको खुट्टाबाट उनीहरूले चप्पल पनि खोसे ।

बेचारी आँजुर ! खालिए पाँवे निकल गेल जङल में जरना ले आवे । आँजुर के गोड़ में काँट गड़ गड़ के लेहु लेहुआन होगेल । बाँकिर साहसी आँजुर हिम्मत न हारल । लकड़ी गोट क लेलक । अब जरुरत पड़ल गाताएन के । बहुत खोज ढुँढ़ कएलक कवनो जङली घास पाता ला । कुछिओ न मिलल ओइसन घास काटहु खातिर । काहे कि ओकर भउजाई सब कवनों हथियारो न लेजाए देले रहे । साँच बात त ई रहे कि आँजुर के जङल में जङली जनावर खा जाओ, ओकर भउजाई सब इहे चहइत रहे । जब आँजुर के कवनों उपाय न सुझल त ऊ बाप-मातारी के इयाद कक के रोए लागल ।

'भाँट-भाँटिन मर गेलन ।

सातु भाई परदेश गेलन ।

आँजुर के दुःख दे गेलन ।'

ओकर रोआई सुन के एगो अजगड़ साँप आएल केनहु से । साँप के देख के आँजुर डेरा के भागे लागल । ओकर होस हवास त गुम हो गेल रहे, भागो त भागो कइसे ? देखते देखते साँप गोट कएल जरना में लपेटा गेल । जरना बन्हा गेल । आँजुर समझ गेल, 'ई बनसप्ती माई के किरपा ह ।' ऊ जरना के बोझा उठा के मुड़ी पर ध लेलक आ घरे चल आएल ।

एक दिन आँजुर के भउजाई सब ओकरा के ईनार से पानी भर के ले आवेके कहलक् । बाँकिर डोल, बाल्टिन भा आउर कवनों बर्तन में न होके चलनी में । ओहु चलनी के इनार में डुबावे आक खिँचे ला उबहनों न देलक । बेचारी आँजुर इनार पर बइठ के रोए लागल । कोइला माता के ओकरा पर दया लागल । ऊ इनार के पानी उपर उठा देलिन । अचरज के बात त ई भेल जे आँजुर जब चलनी पानी में डुबा के उपर उठएलक त एको बुन पानी न गिरल । आँजुर एतना खुस भेल जेकर सीमा न रहल । पानी घरे पहुँचा देलक ।

बिचरी आँजुर ! नाङ्गै खुट्टा जङ्गलमा दाउरा लिन निस्की । आँजुरको खुट्टामा काँडा बिझेर रगताम्य भइसक्यो । तर साहसी आँजुर हिम्मत हारिन । दाउरा जम्मा गरिछाडिन् । अब बेर्ने केले ? डोरी थिएन । खुबै खोज तलाश गरी कुनै जङ्गली घासपातको लागि । केही पाइएन त्यस्तो घासपात काट्नलाई पनि । किन कि उसकी भाउज्यूहरूले कुनै हतियार पनि लैजान दिएका थिएनन् । साँचो कुरो त के थियो भने भाउज्यूहरू चाहन्थे आँजुरलाई जङ्गली जनावरले खाइजाओस् । जब आँजुरले कुनै उपाय पहिल्याउन सकिनन्, ऊ आमाबाबुलाई सम्झँदै रुन लागिन् ।

'आमा-बुबा मरिगए ।

सातै दाइ परदेश गए ।

आँजुरलाई दुःख दिइगए ।'

उसले रोएको सुनेर एउटा अजिङ्गर साँप आयो कतैबाट । साँप देख्ने बितिकै आँजुर तर्सेर भाग्न खोजी । त्यसै त उसको होस् हवास् उडेकै थियो, भागुन् भने पनि कसरी ? हेर्दा हेर्दै त्यो साँप जम्मा गरेको दाउरामा बेरिन पुग्यो । दाउरा बाँधियो । आँजुर बुझी हाली, 'यो वनस्पति माईको कृपा हो ।' ऊ दाउराको भारी उठाएर टाउको मा राखी र घर आइपुगी ।

एक दिन आँजुरकी भाउज्यूहरूले उसलाई ईनारबाट पानी भरेर ल्याउन भने । तर डोल, बाल्टिन अथवा अरु कुनै भाँडाको सट्टा चाल्नुमा । तै पनि चाल्नुलाई ईनारमा डुबाउन र तान्नका लागि डोरी पनि दिएनन् । बिचरी आँजुर ! ईनारमा बसेर रुन थालिन् । कोइला माता (ईनारकी देवी) लाई उसमाथि दया जाग्यो । उनले ईनारको पानीको सतह माथि उठाइदिइन् । आश्चर्य त तब भयो जब आँजुरले चाल्नु पानीमा डुबाएर माथि उचालिन्, एक थोपा पनि पानी चुहेन । आँजुर यति खुशी भई जसको कुनै सीमा रहेन । पानी घर ल्याइहाली आँजुरले ।

बाँकिर ओकर भउजाई सब के जब नियते खराब रहे त कहेके कथी रहे ? केहुलेखा आँजुर के सतावेके रहे । एक दिन ऊ पिसाचिनी भउजाई सब आँजुर के एगो बोरा धान दे देलक । बाँकिर कहलक नौह से चाउर निकाले खातिर, ढेँकी में कुटेके न । बेचारी आँजुर धान के बोरा केहुलेखा माथ पर उठवलक आ चल गेल जङल में ।

बोरा के एगो गाछी तर ध देलक । माथ पर हाँथ ध के झँखे लागल, 'ई एतना धान के नौह से छोड़ाके कब ले चाउर निकालम ?'

ओह गाछ पर एगो बुढ़वा चिरई रहइत रहे । ऊ ओह जङल के समूचा चिरई के मांजन रहे । चिरई आँजुर से पुछलक, 'तू काहे उदास बाडु ?'

आँजुर बोलल, 'बतवला से का फायदा ? तू कथी करब सुन के ?'

चिरई कहलक, 'तू कह न पहिले । हमरा बस में जे होई ऊ हम करम ।'

आँजुर मनहिछुए ओह बुढ़वा चिरई के सारा कहानी सुना देलक् ।

चिरई कहलक, 'बस ! एतने बात बा ? ई त बहुत आसान काम बा ।'

एतना कहके ऊ जङल के समूचा चिरई सब के बोला देलक । समूचा चिरई सब अपना चोंच से धान आ भुँसा अलग क के सारा चाउर निकाल देलक ।

आँजुर समूचा चिरई सब के धन्यवाद देइत चाउर लेके घरे लौट आएल ।

बाँकिर अबहु ओकरा छुटकारा न मिलल । घरे त भउजाई सब चाउर गने लगलिन । एगो चाउर के आधा दाना खोंढ़ रहे । ओतने खातिर आँजुर के पिटाइओ भेल कस के ।

रोते रोते आँजुर पहुँचल फेर से जङल में ओही बुढ़वा चिरई किहँ । चिरई से अपन सारा दुःख दर्द बतएलक । फेरु ऊ मांजन चिरई समूचा चिरई के बोलावलक आ ओकनी के मुँह निहार के देखे लागल । एगो चिरई आधा दाना चाउर काला में जँतले पकड़ाएल । ऊ चिरई सब के सामने माफी मङलक आ आधा दाना चाउर लौटा देलक ।

तर उसकी भाउज्यूहरूको नियत नै खराब थियो भने के भन्नु थियो र ? जसरी पनि आँजुरलाई सताउनु थियो । एक दिन ती पिशाचिनी भाउज्यूहरूले आँजुरलाई एक बोरा धान दिए । तर उनीहरूले भने नङले चामल निखन्न, न कि ढिकीमा कुट्न । बिचरी आँजुर धानको बोरा कसै गरी उठाई टाउकोमा राखी र जङ्गल तिर हिँडिन् ।

बोरा एउटा रुखमुनि राखिन् । पुर्पुरोमा हात राखी टोलाउँदै सोचिन्, 'यी यति धानलाई नङले निखनेर कहिलेसम्म चामल निकाल्छु होला ?'

त्यस रुखमा एउटा बुढो चरो बस्थ्यो । त्यो त्यस जङ्गलका सबै चराहरूको नाइके थियो । चरो आँजुरसँग सोध्यो, 'तिमी किन उदास छ्यौ ?'

आँजुरले भनिन्, 'बताएर के फाइदा ? तिमी के गर्छौ सुनेर ।'

चरोले भन्यो, 'तिमी पहिला भनेर त हेर । मेरो बलले भ्याएसम्म म केही गर्छु ।'

आनाकानी गर्दै आँजुरले त्यो बूढो चरोलाई सबै कथा सुनाइहालिन् ।

चरोले भन्यो, 'बस् ! यति कुराको लागि । यो त धेरै सजिलो काम छ ।'

यति भनेर ऊ जङ्गलका सबै चराहरूलाई बोलायो । सबै चराहरूले आ-आफ्ना चुच्चोले चामल र भुस अलग्ग छुट्याइदिए ।

आँजुर सबै चराहरूलाई धन्यवाद दिई चामल लिएर घर फर्किइन् ।

तर अझै उनले छुटकारा पाइनन् । घरमा त भाउज्यूहरूले चामल गन्न थाले । गन्दा गन्दै एउटा दाना चामल फुटेको देखियो । यति मात्रैका लागि आँजुरले बेसरी पिटाई पनि खाइन् ।

रूँदै रूँदै आँजुर जङ्गलमा फेरि पुगिन् त्यहि बुढो चरो कहाँ । चरोसँग आफ्नो दुःखदर्द बताइन् । फेरि त्यो चराको नाइकेले सबै चराहरूलाई बोलायो र सबैको मुख भित्र हेर्न शुरु गऱ्यो । एउटा चरोले आधा दाना चामल मुखमा चपाएको फेला पऱ्यो । उसले सबै चराहरूको बीचमा माफी माग्यो र आधा टुक्रा चामल पनि फर्काइदियो ।

फेर से आँजुर घरे आके ऊ आधा दाना चाउर भउजाई सब के देलक तब ओकरा भुँजामुठी खाएके मिलल ओह दिन ।

एक दिन आँजुर के फेर से भउजाई सब एगो नयाँ काम देलक । ऊ कठिन न बल्कि असम्भव रहे । घर में एगो करिया कमर रहे । आँजुर के भउजाई सब कहलक, 'एह कमर के आजु जा निमन से धोके ले आवऽ । कमर उजर हो जाएके चाहीं दूध जइसन ।'

कमर करिये केश के बिनल रहे । तइयो आँजुर दिनभर कमर खुब मलमल के धोएलक, भोर से साँझ ले । अब करिया कमर उजर होखेवाला रहे जे होखो ? जब ओकर सारा कोसिस बेकार होगेल तब ऊ गोड़ पसार के पुक्का फार के रोए लागल ।

संजोग से ओतिए खान ओकर भाइयो लोग घरे लौटल अवइत रहे । रोइत सुनके ओकर भाई लोग के अचरज भेल । बड़का भाई बोलल, 'एह सुनसान ठाँव में कवन रोइता एतना पुक्का फारके ? चलऽ त तनिका देखल जाओ ।'

ओह आवाज ओरी बढ़ते गेल लोग । लगोलाग गेल त देखलक एगो लड़की रोइत रहे । बड़का भइया पुछ परलन, 'तू कवन बाडू आ काहे रोइत बाडू ?'

भाई सब के देखके आँजुर के रोआई आउर बढ़ गेल आ सिसकी चढ़ गेल । सब से बेसी त ओकरा अचरज ई लागल जे ऊ केतना बदल गेल रहे दुःख में कि ओकर भाइए सब न चिन्हे सकल ।

जब ओकर भाइ सब सारा कहानी सुनलक, तब जाके ओह लोग के समझ में आएल कि ओह लोग के मेहरारु स केतना दुष्ट रहे सब । अब त सातू भाई खीस से आग बबुला हो गेल । सातू जने किरिआ खएलक, 'चलऽ घरे, सातू मेहरारु के तरहरा खन के जिअते गाड़ देम स ।'

फेरि आँजुरले घर आइकन त्यो आधा दाना चामल भाउज्यूहरूलाई फर्काइदिई अनि मात्रै भुजामुठी खान दिइयो ।

एक दिन फेरि आँजुरलाई भाउज्यूहरूले एउटा नयाँ काम दिए । त्यो काम कठिन मात्र थिएन बरु असम्भव नै थिए । घरमा एउटा कालो कम्बल थियो । आँजुरका भाउज्यूहरूले भने, 'यस कम्बललाई लिएर आज जाऊ र राम्ररी धोएर लिएर आऊ । कम्बल दूध जस्तो सेतो हुनु पर्‍यो ।'

कम्बल कालो केशले बुनिएको थियो । तैपनि आँजुर दिनभर कम्बललाई खुबै मलीकन धोई, मिरमिरेदेखि साँझसम्म । अब कालो कम्बल सेतो कसरी हुन्थ्यो र त्यस्तो हुन सकोस् ? जब उनको सम्पूर्ण कोसिस असफल भयो तब ऊ खुट्टा पसारेर पूरै चिच्याएर रुन थालिन् ।

संयोगले त्यसै बेला उसका दाइहरू घर फर्किरहेका थिए । रोएको सुनेर उसका दाइहरू आश्चर्यचकित भए । ठूला दाजुले भने, 'यस सुनसान ठाउँमा को रूँदै छ यति जोडले ? हिँड त हेरौं को रहेछ ?'

त्यस आवाजतर्फ बढ्दै गए सबैजना । जब नजिक पुगे, हेरे एउटी केटी रूँदै थिए । ठूल्दाइले सोधिहाले, 'तिमी को हौ र किन रूँदै छौ ?'

दाइहरूलाई हेरेर आँजुरको रुवाई झन बढ्यो । सबैभन्दा बढी त उनी कति बदलिसकेकी थिइन् जसले गर्दा उनकै दाजुहरूले उसलाई चिन्न नसकेकोमा आश्चर्य लाग्यो ।

जब उसका दाजुहरूले सबै कथा सुने, अनि मात्र उनीहरूले उनीहरूका पत्नीहरूले कति दुःख दिएका थिए बल्ल बुझ्न सफल भए । अब सातै दाजुहरू रीसले आगो भए । सातै जना किरिया खाए, 'जाऔं घर, सातै आइमाईहरूलाई खाल्टो खनेर जिउँदै पुरिदिन्छौं हामी ।'

आँजुर के दुलहो के लोग साथे ले ले आएल रहे । ओकरे घोड़ा पर आँजुर के बइठा देलक । दुनू दुलहा दुलहिन के लोग घरे न लेगेल । नियरा के शहर में रहल अपने घर में राख देलक । सातू भाई घरे आएल । मेहरारु लोग एह लोग के भव्य स्वागत कइलिन । ओह लोग के आवते सोना के लोटा में पानी आएल । तोसक तकिया गलैचा बिछावल गेल । बाँकिर न ऊ लोग बइठबे कएलक आ न गोड़े धोलक । सब से पहिले बड़का भइया पुछलन, 'आँजुर बबी कहाँ बा ?'

भउजाई लोग कहलक, 'गोड़धोआई करु, बइठू, तनिका आराम करु, बबी गेल होई केनहु खेले । आइए जाई एक तनिका में ।'

'पहिले आँजुर के बोलाव त पाछे होई गोड़धोआई आ आराम ।'

अब त मेहरारु लोग के परल आफत । तइयो मनावेके बहुत कोसिस कएलक लोग । बाँकिर सब बेकार होगेल । कुछ समयो बित गेल । तब बड़का भइया कहलन, 'तोहनी के मालुम बड़ले बा करिया कमर ऊजर होए में केतना टायम लागी । आ फेर ऊ बिना ऊजर कएले आई त ओकरा खाहू के त न मिली ! होई केनहु नदी में करिया कमर धोइत । उजर हो गेला पर त चलिए आई ।'

एतना सुनते मातर मेहरारु लोग के जिऊ उड़गेल । लागल ऊ लोग अपना अपना मरद के पाँव पकड़ के माफी माङे ।

भाई लोग कहलक, 'खैर जवन होखेवाला रहे तवन त होइए गेल । कवनों बात नइखे । हमनी खोज के ले आएम आँजुर के केनहु से । उठ लोगन । चल देख हमनी कथी लेआएल बाड़ी परदेश से ।'

मेहरारु लोग बाहर आएल । देखलक सातू घोड़ा खालिए रहे । पुछलक, 'इहाँ त हमनी के कुछ लउकते नइखे ?'

'मालूम नइखे दिन जवाना ? आवते मातर हई खान्तावा में ध देली हर बोरा मे कसके । केहु के पता न चली ।'

उनीहरूले आँजुरका लागि दुल्हालाई पनि साथै लिएर आएका थिए । उसकै घोडामा आँजुरलाई बसाइदिए । दुबै दुल्हा-दुल्हिनलाई घर लगेनन् । नजिकैको आफ्नै घरमा राखिदिए । सातै दाजु घर आए । स्वास्नीहरूले यिनीहरूको भव्य स्वागत गरे । उनीहरू आउनासाथ सुनको अमखरामा पानी आयो । डसना, तकिया, गलैंचा ओछ्याइयो । तर न उनीहरू बसे न खुट्टा नै धोए । सबैभन्दा पहिले ठुल्दाइले सोधे, 'आजुर नानी कहाँ छे ?'

भाउज्यूहरूले भने, 'खुट्टा धुनुस्, बस्नोस्, एकछिन आराम गर्नुस्, नानी कतै खेल्न निस्केकी छिन् । आइहाल्छिन् एक छिनमा ।'

'पहिले आँजुरलालई बोलाऊ, अनि पछि मात्रै हुने छ खुट्टा धुवाइ र आराम ।'

अब त स्वास्नीहरूलाई पऱ्यो आपत । तैपनि मनाउनको लागि धेरै कोसिस गरे उनीहरूले । तर सबै नाकाम भयो । केही समय पनि बित्यो । अनि ठूल्दाइले भने, 'तिमीहरूलाई थाहा छँदै छ कालो कम्बललाई सेतो हुन कति ट्याम लाग्छ । र फेरि ऊसेतो नपारीकन आई भने उसले खान पनि पाउँदैन । होलिन् कतै खोलामा कालो कम्बल धुँदै । सेतो भएपछि त आई नै हाल्छे होला ।'

यति सुन्ने बितिकै ती आइमाईहरूको हंसले ठाउँ छोड्यो ।सबैजना आ-आफ्ना पतिको पाउमा परी माफी माग्न लागे ।

दाइहरूले भने, 'ठीकै छ जे हुनेवाला थियो त्यो त भई नै सक्यो । केही छैन । हामी खोजेर ल्याउँछौं आँजुरलाई कतैबाट । उठौं सबैजना । लागौं हेरौं हामी के के ल्याएका छौं परदेशबाट ।'

आइमाईहरू बाहिर आए । हेरे सातै घाडाहरू खाली नै थिए । सोधे, 'यहाँ त हामी केही देख्नै सकिरहेका छैनौं किन ?'

'थाहा छैन दिन जमाना ? आउँदा आउँदै यस खाल्डोमा राखिदिएँ बोरामा हालेर । कसैले थाहा न पाउने गरी ।'

(भोजपुरी)

मेहरारु लोग जइसे खान्ता में झँखिअवलक, पाछु से सातू भाई ओह लोग के जोर से धकेल देलक आ उपर से माटी भर देलक ।

धुमधाम से आँजुर के शादी भेल । शहर में धुम मचल । खुशियाली मनावल गेल । आँजुर अपना ससुरार चल गेल । जिन्गी भर फेर ओकरा ओइसन पिसाचिनी भउजाई से भेंट न भेल ।

कथा गेल वन में ।

सोचऽ अपना मन में ।

(श्रोत : परमेश्वरी देवी, संकलनकर्ता के माई)

स्वास्नीहरू खाल्डोमा हेर्न के लागेका थिए, पछाडिबाट सातै दाजुभाइहरूले उनीहरूलाई जोडले धकेलिदिए र माथि बाट माटोले पुरिदिए ।

धूमधामले आँजुरको बिहे भयो । शहरमा धूम मच्चियो । खुशियाली मनाइयो । जीवन भरि उनले त्यस्ती पिशाचिनी भाउज्यू पाइनन् ।

कथा गयो वनमा ।

सोचौं आफ्नो मनमा ॥

(श्रोत : परमेश्वरी देवी, सङ्कलनकर्ताको आमा)

सोनकेसी रानी

एगो शहर में चार इयार रहे लोग : राजा के बेटा, मन्त्री के बेटा, सोनार के बेटा आ लोहार के बेटा । ऊ चारू जने हमजोलिये रहे । ओह लोग के बीच के प्रेम अइसन रहे कि लागे जे ओह लोग के शरीर अलग अलग बाँकिर आत्मा एके होखे । ऊ लोग किरिया खइले रहे कि ऊ लोग तब तक ले कुँआर रही जब तक ले ओही लोग लेखा सखी-बहिनपा लागल चार गो लड़की विआह खातिर नइखे मिल जात । राजा के बेटा के विआह खातिर बहुत अगुआ लोग आइल, बाँकिर ऊ बिआह खातिर तइयार ना भइलन । ऊ कहस- 'हमनी चारू साथी एके दिन बिआह करेम ।'

एगो दोसरा शहर में एगो राजा के चार गो बेटी रहे । उहो लोग किरिया खइले रहे कि ऊहो लोग ओकनिए से विआह करी जे ओह लोग लेखा साथी होई । चारू जवान इयार लोग के ई खबर मिलला का बाद ओह राजा किहाँ पहुँचल । अब देरी कवन बात के रहे ? दूनू पक्ष जे चाहत रहे ऊ मिल गइल । राजा के बेटा के बिआह बड़की बहिन से, मंत्री के बेटा के मझली से, सोनार के बेटा के तीसरकी से आ लोहार के बेटा के सब से छोटकी बहिन से भइल ।

चारू इयार आपन-आपन कनिया का साथ घरे पहुँचल । ओह लोग के भव्य स्वागत भइल । सब केहु कहे कि ओह लोग के मित्रता के भगवान से आशीर्वाद मिलल बा । बाँकिर कभी कभी इन्सान जे चीज के आशीर्वाद सम्झेला, उहे अभिशाप में बदल जाला । राजा के बेटा के मेहरारू एक रात अइसन मजाक कइली कि उनका ओकरा से घृणा हो गइल । इहे घटना बाँकी तीनू इयार का साथे भइल । चारू बहिन का बीच जेतना प्यार रहे ओतना ऊ लोग अपना-अपना पति का साथ ना निभा पइलक । चारू इयार आपन-आपन मेहरारू से तङ आ गइल । एक दिन ऊ लोग घर छोड़ के जङल निकल पड़ल । जङल में ऊलोग एक दोसरा से आपन आपन गुण का बारे मे पुछलक आ बतइलक ।

(नेपाली अनुवाद)

सुनकेस्रा रानी

एउटा शहरमा चार मित्रहरू थिए : राजाको छोरा, मन्त्रीको छोरा, सुनारको छोरा र डकर्मीको छोरा । चारैजना एकै उमेरका थिए । उनीहरूको बीचमा यस्तो प्रेम थियो कि लाग्दथ्यो उनीहरूको जीउ फरक-फरक तर आत्मा एउटै होस् । उनीहरू तबसम्म विवाह गर्दैनन् जबसम्म उनीहरू जस्तै मीतिनी लाएकी चारवटी केटी विवाहको लागि तयार रहेका पाइँदैनन् भनी उनीहरूले किरिया खाएका थिए । राजाको छोराको विवाहको लागि धेरैजना केटी दिन आए तर उनी विवाहको लागि तयार भएनन् । उनीहरू भन्थे, 'हामी चारै मित्र एकैदिन विवाह गर्छौं ।'

एउटा अर्को शहरमा एउटा राजाकी चारवटी छोरीहरू थिए । उनीहरूले पनि उनीहरू जस्तै मित्र हुनेहरूसँग मात्र बिहा गर्ने किरिया खाएका थिए । यस्तो खबर पाएपछि चारै जवान मित्रहरू राजा कहाँ पुगे । अब ढीलो गर्ने कारण नै के थियो र ? दुबै पक्षले जे चिताएका थिए पाइहाले । राजाको छोराको विवाह जेठी दिदीसँग मंत्रीको केटाको विवाह माहिलीसँग, सुनारको छोराको विवाह काहिलीसँग र बढइको छोराको विवाह कान्छीसँग भयो ।

चारै मित्रहरू आ-आफ्नी नववधुसँग घर फर्के । उनीहरूको भव्य स्वागत भयो । सबजना भन्थे, उनीहरूको मित्रतालाई भगवानबाट आशीर्वाद मिलेको छ । तर कहिले काहीं मानिसले जसलाई आशीर्वाद सम्झन्छ त्यही अभिशापमा परिणत हुन्छ । राजाको छोराको पत्नीले एकराति यस्तो मजाक गरी उनलाई उससँग घृणा शुरु भयो । यस्तै घटना अन्य तीन मित्रहरूसँग पनि घट्यो । चारै दिदीबहिनीको बीचमा जति माया-ममता थियो त्यति उनीहरूले आ-आफ्ना पतिहरूसँग निर्वाह गर्न सकेनन् । चारै मित्रहरू आ-आफ्नी पत्नीदेखि दिक्क हुन पुगे । एक दिन उनीहरू घर छोडेर वनतिर निस्किहाले । वनमा उनीहरूले एक-आपसमा आ-आफ्नो विशेषताको बारेमा सोधपुछ गरे र बताए पनि ।

राजा के बेटा कहलन, 'हम कइसनो विशाल राक्षस के मार सकतानी ।' मंत्री के बेटा कहलन, 'हम मरल आदमी के ओकर बँचल हड्डी से जिन्दा कर सकतानी ।' लोहार के बेटा कहलक, 'हमर बनावल उड़न खटोला हमरा कहला पर कही भी उड़के जा सकता ।' सोनार के बेटा कहलक, 'हमर बनावल अउँठी के हम पचास वरिष का बादो चिन्ह सकतानी ।' आ ऊ एगो अउँठी राजा के बेटा के अपन चिन्हासी दे देलक ।

जङल जङली जानवर आ राक्षस सब से भरल रहे । रात में विश्राम करत बेर सुरक्षा खातिर लोहार के बेटा पहिला पहर में पहरा देवे । सोनार के बेटा दोसरा पहर में, मंत्री के बेटा तीसरा पहर में आ राजा के बेटा चउथा पहर में पहरा देवे । एक रात एगो राक्षस के आदमी के महक लाग गइल । ऊ सुंघते सुंघते ऊलोग का ओर पहुँचल । पहरा के पलहा राजा के बेटा के रहे । उनका आ राक्षस का बीच घमासान लड़ाई छिड़ गइल । राजा के बेटा के बहादुरी आ साहस का आगु राक्षस के कुछियो ना चलल । राक्षस हार के भागे लागल आ पाछा से ऊ खेदे लगलन् । आखिर ऊ राक्षस के मारे में सफल भइलन् । लड़ाई में ऊ एतना थाक गइलन कि कुछ क्षण खातिर ऊ विश्राम करे लगलन । पता ना चलल कि उनकर आँख कब झँपा गइल ।

बिहान भइल । जब तीनू इयार उठलक लोग तब राजा के बेटा के ना देख के घबरा गइल । ऊलोग उनका के एने ओने खोजलक आ अन्त मे एह निष्कर्ष पर पहुँचल कि शायद उनका के कवनो जङली जानवर खा गइल होई । आपन इयार के मरन ओह लोग खातिर अपूरणीय क्षति का रूप मे रहे । एह घटना से शोकाकुल होके ऊ लोग सन्यासी के जीवन शुरु कर लेलक । ऊलोग तीर्थ धाम करे खातिर जात्रा पर निकल गइल ।

ओने जब राजा के बेटा के नीन टुटल, तब ऊ अपना साथी लगे जाए खातिर दउरलन । बाँकिर घनघोर जंगल में ऊ रास्ता भटक गइलन । उनका टिउवे ना आवे । ओह लङ एगो बुढवा पीपर के गाछ रहे । उनकर बेचैनी देख के उनका पर ओकरा दया आ गइल । उ कहलक - 'देखऽ, एह जङल से बाहर निकलेवाला दूगो रास्ता बा । एगो एक बरिस के जेह में खतरा नइखे । दोसर छव महिनावाला जेह मे खतरा बा, काहे कि एह रास्ता में राक्षस के घर पड़ेला ।'

राजाका छोराले भने, 'म जस्तो पनि राक्षसलाई मार्न सक्छु ।' मंत्रीका छोराले भने, 'म मरेको मानिसलाई उसको हड्डीबाट जिउँदो पार्न सक्छु ।' डकर्मीका छोराले भने, 'मैले बनाएको विमान मैले भने बमोजिम जहाँपनि उडेर जान सक्छ ।' सुनारका छोराले भने, 'मैले बनाएको औंठी म पच्चास वर्ष पछि पनि चिन्न सक्छु ।' अनि उसले राजाका छोरालाई एउटा औंठी आफ्नो चिनो स्वरुप दिई पनि हाले ।

वन जङ्गली जनावर र राक्षसहरूले भरिपूर्ण थियो । राति विश्राम गर्ने बेला सुरक्षाको लागि डकर्मीको छोरा रातको पहिलो प्रहरमा पहरा दिन्थ्यो । सुनारको छोरा दोस्रो प्रहरमा, मन्त्रीको छोरा तेश्रो प्रहरमा र राजाको छोरा चौथो प्रहरमा पहरा दिन्थे । एक रात एउटा राक्षसले मान्छेको गन्ध थाहा पायो । उ सुँघ्दा-सुँघ्दै उनीहरूको नजीक आइपुग्यो । पहराको पालो राजाको छोराको थियो । उनको र राक्षसको बीचमा घमासान युद्ध शुरु भयो । राजाको छोराको बहादुरी र साहसको अगाडि राक्षसको केही लागेन । राक्षस हारेर भाग्न लाग्यो र उनी पछ्याउँदै लघार्न थाले । अन्तमा उनी राक्षसलाई मार्नमा सफल भए । लडाईंमा उनी यति थाक्न पुगे कि उनी केही छिन विश्राम गर्न लागे । थाहा भएन उनका आँखाहरू कुनबेला बन्द भई उनी निदाउन पुगेछन् ।

मिरमिरे उज्यालो भयो । जब तीनैजना भित्र उठे, राजाको छोरालाई नदेखेर तर्सिन पुगे । उनीहरूले उनलाई यताउता खोजे पनि । तर अन्तमा निष्कर्षमा पुगे, शायद उनलाई कुनै जङ्गली जनावरले खान पुगेकै रहेछ । मित्रको मृत्यु उनीहरूको लागि एउटा अपूरणीय क्षति रुपमा रह्यो । यस घटनाबाट शोकाकुल भएर उनीहरूले सन्यासीको जीवन शुरु गरे । उनीहरू तीर्थधाम गर्न यात्रामा निस्के ।

उतातिर जब राजाको छोराको आँखा खुल्यो, तब उनी आफ्ना मित्रहरूकहाँ जान दगुरे । तर घनघोर वनमा उनी बाटो बिराइहाले । उनले दिशा पहिल्याउनै सकेनन् । त्यहाँ एउटा पीपलको बुढो रुख थियो । उनको आतुरता देखेर उसलाई उनीमाथि दया आइहाल्यो । उसले भन्यो, 'हेर, यो वनबाट बाहिर निस्कन दुइटा बाटाहरू छन् । एउटा एक वर्ष लाग्ने जसमा कुनै खातरा छैन । अर्को छ महिना लाग्ने जसमा खातरा छ, किनकि यस बाटोमा राक्षसको घर छ ।

राजकुमार छव महिनावाला रास्ता अपनवलन् । ऊ अकेले जात-जात दनवाँ दइँत के देश मे पहुँच गइलन । ओतहाँ ऊ एगो महल के पास पहुँचलन । ऊ भीतर गइलन त देखलन कि एगो बहुत सुन्दर कन्या बइठल बाड़ी । पुछला पर पता चलल ऊ दनवाँ दइँत के बेटी रहली । बाँकिर ऊ राक्षस ना होके दनवाँ दइँत के पोसपुत बेटी रहली । उनकर केश सोनउली रंग के रहे । ओही से उनकर नाम सोनकेसी रानी पड़ल रहे । राजकुमार राजकुमारी के देख के मोहा गइलन । राजकुमारी के भी खुशी के ठेकान ना रहल । बाँकिर ऊ खुशियो रहली आ दुखियो । उनका खुशी एह बात के रहे कि उनका एगो मानव के साथ मिलल आ दु:ख एह बात के कि राक्षस उनका के देखते खा जाएवाला रहे । एह से राक्षस के अवते राजकुमार के जिनगी के अन्त हो गइल करीब निश्चिते रहे । राजकुमारी उनका के तरहरा खोन के ओही में छुपा देली ।

जब दनवाँ दइँत चराउर पर से साँझ मे आइल त कहे लागल - 'छी मानुष ! इहाँ त आदमी के गन्ध आवत बा ।' राजकुमारी कहली - 'इहाँ त सिरिफ हमही बानी आउर केहु नइखे । हमरे के खा जा ।' राक्षस थाकल रहे, सुत गइल ।

दनवाँ दइँत रोज दिन में जब चराउर पर चल जाय तब ऊ राजकुमार के बाहर निकाल लेस आ फेर रात के बाप के आवे से पहिलही तरहरा में राख देस । एह तरे दिन बितत गइल । धीरे धीरे ओहलोग का बीच एतना प्रेम बढ़ गइल कि एक दोसरा बिनू जिअल मुश्किल हो गइल ।

एक दिन दनवाँ दइँत चराउर पर जाए से पहिले राजकुमारी से कहलक - 'बेटी, आज हम तोहरा के एगो राज के बात बतावे के चाहतानी । कुछ दिन से हमरा ठीक से नीन नइखे पड़त । रात में भयानक सपना देखिले । हमरा कवनो बेमारी लाग नइखे सकत । हमरा डर बा त सिरिफ मरन से । बाँकिर हम कइसे मर सकतानी ? हमार प्राण त एगो सुगा में बसेला । एगो पोखरा बा, जवना का बीच मे खाम्हा बा, ओही पर एगो पिंजड़ा टाँगल बा आ ई सुगा ओही पिंजड़ा में बा । अगरचेत जे कोई राजकुमार अपना मेहरारू से तंग होके इहाँ आई आ ई सुगा के मारे में सफल हो जाई, तभीए जा के मृत्यु हमरा पर विजय पाई । सब से बड़की बात त ई बा कि ई राज तोहरा छोड़ के केकरो पता

राजकुमारले छ महिना लाग्ने बाटो रोजे । उनी एक्लै जाँदा जाँदै दानव र दैत्यहरूको नगरमा पुगे । त्यहाँ उनी एउटा महल नेर आइपुगे । उनी भित्र पसे । अनि हेर्छन् एउटी अत्यन्त सुन्दर युवती बसेकी छे । सोध्दा थाहा भयो उनी दानव दैत्यकी छोरी थिइन् । तर उनी राक्षस नभएर दैँत्यहरूकी धर्मपुत्री छोरी थिइन् । उनको मपनल सुनौलो रङ्गको थियो । त्यसैले उसको नाम सुनकेस्रा रानी परेको थियो । राजकुमारीलाई देखेर राजकुमार मोहित भए । राजकुमारीको लागि पनि खुशीको सीमा रहेन । तर उनी खुशी थिइन् र दुःखी पनि । उनी एउटा मानवको सामीप्य पाएकोमा खुशी थिइन् र देख्ने बितिक्कै राक्षसले उनलाई खाइदिने छ भने कुरा सम्झेर उनी दुःखी थिइन् । यसले गर्दा राक्षसको आगमनसँगै राजकुमारको जीवनको अन्त लगभग निश्चित नै थियो । राजकुमारीले एउटा ठूलो खाल्डो खनेर राजकुमारलाई लुकाइहालिन् ।

जब दानव दैँत्य शिकारबाट साँझपख फर्क्यो भन्न शुरु गरिहाल्यो - 'छी मानुष ' यहाँ त मान्छेको गन्ध आइरहेछ । राजकुमारीले भनिन् 'यहाँ त म मात्रै हूँ अरु कोही छैन । मलाई नै खाइहाल ।' राक्षस थाकेको थियो, सुत्यो ।

दानव-दैत्यहरू प्रत्येक दिन जब शिकारमा हिँडिहाल्थे तब उनी राजकुमारलाई बाहिर निकाल्थिन् र फेरि राति बाऊ आउनु भन्दा अगाडि नै उनलाई खाल्डोमा लुकाइदिन्थिन् । यसरी नै दिन बित्दै गयो । बिस्तारै उनीहरूको बीच यति गहिरो मायाप्रीति बस्यो कि एकजना बिना अर्कोलाई बाँच्न नै गाह्रो हुन पुग्यो ।

एकदिन दानवदैत्यले वनमा जानु भन्दा पहिले राजकुमारीलाई भन्यो - 'छोरी, आज म तिमीलाई एउटा रहस्यको कुरो बताउन चाहन्छु । केहि दिनदेखि राति मलाई राम्ररी निद्रा आइरहेको छैन । राति भयानक सपना देख्छु । मलाई कुनै रोग लाग्न सक्दैन । मलाई डर छ भने मात्र मृत्युसँग । तर म कसरी मर्न सक्छु ? मेरो प्राण एउटा सुगामा बसेको छ । एउटा पोखरी, छ जसको बीचमा एउटा खम्बा छ, त्यसैमाथि एउटा पिँजडा झुण्डयाइएको छ र त्यो सुगा त्यही पिँजडामा छ । कोही राजकुमार आफ्नो पत्नीबाट दिक्क भएर यहाँ आउँछ र त्यो सुगा मार्नमा सफल हुन्छ अनि मात्र मृत्युले ममाथि विजय पाउँछ । सबभन्दा ठूलो कुरो यो छ कि यो रहस्य तिमी बाहेक कसैलाई पनि थाहा

नइखे । तू त हमार बेटी बाडू ।' एतना कह के ऊ शिकार का खोजी में चल गइल । ओकरा का मालुम रहे कि ई राज खोलले ओकर काल बन जाई ।

राजकुमारी के त एही घड़ी के इन्तजार रहे । ऊ ई राज राजकुमार से खोल देहली । राजकुमार सोचलन कि बिना देरी कइले सुगा के मारले बुद्धिमानी होई । ऊ पोखरा में कूद पड़लन आ पउँड़े लगलन । राजकुमारी पोखरा के आँट पर खड़ा हो के देखत रहली । बाँकिर उनकर करेजा डर का मारे थर थर काँपत रहे । ऊ पछतावा का आग मे जरे लगली आ मने मने सोचे लगली - 'हम केतना मूर्ख बानी जे भगवान के भेजल बरदान के आज मौत के मुँह में धकेल देनी ।' ओने दनवाँ दइँत के एह बात के पता चल गइल । उ हहास पताल बन्हले गरजत पोखरा का ओर आवे लागल । ओकर गरज सुन के राजकुमारी के होश उड़ गइल । राजकुमार खाम्हा पर से पिंजड़ा उतार के सुगा के एगो गोड़ तुर देलन । दनवाँ दइँत के एगो गोड़ टुट गइल । राजकुमार ओह के लंगड़ा के पोखरा का तरफ आवत देखलन । ऊ सुगा के दुसरका गोड़ भी तुर देलन । दनवाँ दइँत के दुसरको टाङ टुट गइल अब ऊ घुसुक के आगा बढ़े लागल । जब ऊ लगोलाग आइल त राजकुमार सुगा के मूड़ी ममोर देलन । दनवाँ दइँत ठहरे मर गइल । एह तरे राजकुमार आ राजकुमारी आपन रास्ता के काँट के निकाल फेंके मे सफल भइल लोग । ऊ लोग जल्दिए विआहो क लेलक ।

कतनो रहे त दनवाँ दइँत राजकुमारी के बाप रहे । ओहीसुके ऊ ओकर छुतका से मुक्त होखे खातिर करम करे लगली । सातवाँ दिन राजकुमारी नदी में सतधन नहाए गइली । ऊ मुड़ी में के केश माटी से मलत रहली कि एगो केश टूट गइल । उनका एकर बड़ा मोह लागल । ऊ एकरा के फेंकेके बदले एगो पाता के दोना बना के ओही मे ध के दहा देली ।

ऊ दोना दहत-दहत दोसरा राजा के राज मे कात लाग गइल । राजा ओहिजा नहात रहलन । ऊ दोना के छान लेलन । खोल के देखला पर केस के अदभूत चमक से ऊ मोहा गइलन । ऊ सोचे लगलन 'जेकर केस अइसन बा, ओकर रूप कइसन होई ?' ऊ कहे लगलन कि ऊ जब बियाह करिहन त उहे सोना के केसवाली सोनकेसी रानी से ।

छैन । तिमी त मेरी छोरी हौ ।' यति भन्दै ऊ शिकारको खोजीमा निस्क्यो । उसलाई के थाहा थियो रहस्य खोल्नु नै उसले काललाई निम्त्याउनु थियो ।

राजकुमारीलाई यसै समयको प्रतिक्षा थियो । उनले यो रहस्य राजकुमारलाई बताइहालिन् । राजकुमारले साचे, कति पनि ढीलो नगरी सुगा मार्नु नै बुद्धिमानी होला । उनी पोखरीमा हाम्फाले र पौडी खेल्न थाले । राजकुमारी पोखरीको किनारमा उभी हेर्दै थिइन् । तर उनको जीउ डरले थर-थर काम्दै थियो । उनी पश्चातापको आगोमा डढ्न थालिन् र सोच्न थालिन् - 'म कति मूर्ख छु, ईश्वरले पठाएको वरदानलाई आज मैले मृत्युको मुखमा धकेली दिएँ ।' अर्कोतिर दानव-दैत्यले पनि यस कुराको सुइँको पाइसक्यो । ऊ वायुवेगका साथ गर्जँदै पोखरीतिर लम्किन थाल्यो । उसको गर्जन सुनेर राजकुमारीको होश उड्यो । राजकुमारले खम्बाबाट पिँजडा ओराली सुगाको एउटा खुट्टा भाँचिदिए । दानव-दैत्यको पनि एउटा खुट्टा भाँचियो । राजकुमारले उसलाई खोच्याउँदै पोखरी तर्फ आउँदै गरेको देखे । उनी सुगाको अर्को खुट्टा पनि भाँचिदिए । दानव दैत्यको अर्को खुट्टा पनि भाँचियो । अब ऊ घिस्रिँदै अगाडि बढ्न थाल्यो । जब जब नजीक-नजीक पुग्न के लागेथ्यो, राजकुमारले सुगाको घाटी निमोठिदिए । दानव-दैत्य ठहरै मऱ्यो । यसरी राजकुमार र राजकुमारी आफ्नो बाटोको काँडा पञ्छाउन सफल भए । उनीहरूले चाँडै विवाह पनि गरे ।

जस्तो भए पनि दैत्य राजकुमारीको बुवा थियो । त्यसैले उनी उसका जुठोबाट मुक्त हुनलाई किरियापुत्री बसिन् । सातौँ दिन राजकुमारी नदीमा सतधन नुहाउन गइन् । उनी माटाले कपाल नुहाउन के लागेथिइन् उनको एउटा कपाल टुक्रियो । टुक्रिएको कपाल फाल्न उनलाई मोह लाग्यो । उनले यसलाई फाल्नुको सट्टा पातको एउटा टपरी बनाई त्यसैमा राखी बगाइदिइन् ।

त्यो टपरी बग्दा-बग्दै कुनै अर्को राज्यमा पुग्यो र किनारामा थामियो । राजा त्यहीँ नुहाउँदै थिए । उनले टपरी उठाई हेरे । कपालको अद्भूत चमकले उनलाई मोहित पाऱ्यो । उनी सोच्न थालें, 'जसको कपाल यस्तो छ उसको रूप कस्तो होला ?' उनी मनमनै भन्न थाले, उनी जहिले बिहे गरे पनि त्यही सुनको कपाल भएकी सुनकेस्रा रानीसँग गर्नेछन् ।

सारा राज में डुगी पिटवावल गइल कि जे एह सोनकेसी रानी के खोज के ले आई, ओह के आधा राजपाट दे दिआई । ई अइसन काम रहे कि सभी खतिरा असम्भव लागे । आखिर एगो बुढिया कुटनी एह काम खातिर तइयार हो गइल । ओकरा के एगो डेङी बनवा के देहल गइल ।

बुढिया कुटनी डेङी पर चढ़ गइल आ कहलस - 'सत के डेङी होइबऽ त तूँ ओह घाट पर लाग जइबऽ जवना घाटे सोनकेसी रानी नहात होइहें ।'

डेङी दहत-दहत ओही घाट पर जा के लाग गइल जहाँ सोनकेसी रानी नहात रहली । ऊ डेङी के घाट पर बान्ह देलक । जब सोनकेसी रानी नहा के जाए लगली त बुढिया उनका पाछा लाग गइल । ऊ कहलस कि 'जाही दिने हमरो गवनवा ए बेटी ताही दिने तोहरो माई के जनमवाँ । हम तोहार मउसी हईं । हम तोहरा के देखे अइनी ह ।' राजकुमारी ओकरा पर विश्वास क लेली । ऊ ओकरा के घरे लेजा के हर सम्भव स्वागत कइली ।

राजकुमार घरे ना रहस । ऊ, शिकार खेले गइल रहस । जब ऊ घरे अइलन, तब एगो तीसर आदमी के देख के अचम्भित हो गइलन । काहे कि ऊ जगह मानव बस्ती से बहुत दूर रहे । बुढ़िया कुटनी बहुत चालाक रहे । राजकुमार से ऊ कहलक, 'बउवा, चिन्ता के कवनो बात नइखे । हम सोनकेसी रानी के मउसी हईं । हम तोहनी के आशीर्वाद देवे आइल बानी । राजकुमार भी खुश हो गइलन सास के पाके ।

राजकुमार आ राजकुमारी बहुत खुश रहे लोग । बाँकिर जब इन्सान खुशी के आनन्द लेवे लागेला, तब कबहु कबहुँ ओकरा मन के मृत्यु के डर दुःखित बना देवेला । राजकुमार आ राजकुमारी भी अपवाद ना रहल लोग । एक रात राजकुमारी राजकुमार से पुछली, 'अगरचेत जे हम पहिले मर गइनी त अपने दोसरा लड़की से बिआह करेम ? राजकुमार जबाब देलन - 'हमर प्राण ! काहे तू मरबू ? अइसन ख्याल तोहरा मन में कइसे आइल ह ? अइसन ओहियात बात मत करऽ ।' जब राजकुमारी ज्यादा जोड लगइली त ऊ कहलन - 'हम दोसर बिआह ना करम । तोहरा इयाद का सहारे सारा जिन्गी गुजार देहम । बाँकिर तू का करबू अगरचेत जे हम पहिले मरजाईं ?'

पूरै राज्यमा भ्याली पिट्न लगाइयो, जसले ती सेुनकेश्रा रानीलाई खोजेर ल्याउँछ उसलाई आधा राजपाट दिइनेछ । यो यस्तो काम थियो, सबैका लागि असम्भव बुझिन्थ्यो । अन्तमा एउटी बुढिया कुटनी यो काम गर्न तयार भइन् । उसलाई एउटा डुङ्गा बनएर दिइयो ।

बुढियाकुटनी डुङ्गामा बसिन् र भनिन् – 'सत्यको डुङ्गा छौ भने तैंले त्यो घाटमा थामिनु पर्छ जुन घाटमा सुनकेस्रा रानी नुहाउँदै गरेकी होस् ।'

डुङ्गा बग्दा-बग्दै त्यही घाटमा पुग्यो जहाँ सुनकेस्रा रानी नुहाउँदै थिइन् । उसले डुङ्गालाई घाटमा बाँधिदिइन् । जब सुनकेस्रा रानी नुहाएर जान थालिन् अनि बुढिया कुटनी उसको पछाडि लागी । उसले भनी, 'जुन दिन मेरो बिहा भयो छोरी त्यसै दिन तिम्री आमाको जन्म पनि भयो । म तिम्री ठुलीआमा हुँ । म तिमीलाई हेर्न आएकी हुँ ।' राजकुमारी उसमाथि विश्वास गरिहालिन् । उनी उसलाई घर लगिकन हर सम्भव स्वागत गरिन् ।

राजकुमार घरमा थिएनन् । उनी शिकार खेल्न गएका थिए । उनी जब घर फर्के, तेस्रा मानिसलाई देखेर अचम्भित हुन पुगे । किनकि त्यो ठाउँ मानव बस्तीबाट धेरै टाढा थियो । बुढिया कुटनी साऱ्है बाठी थिइई । उसले राजकुमारलाई भनी, 'छोरा, चिन्ता गर्नु पर्दैन । म सुनकेस्रा रानीकी ठूलीआमा हुँ । म यहाँहरूलाई आशीर्वाद दिन आएकी हुँ ।' सासुलाई पाएर राजकुमार पनि खुशी भए ।

राजकुमार र राजकुमारी असाध्यै खुशी थिए । तर जब मान्छे खुशीको आनन्द लिन्छ तब कहिलेकाहीं उसको मनलाई मृत्युको भयले दुःखी बनाइदिन्छ । राजकुमार र राजकुमारी पनि अपवाद रहेनन् । एक रात राजकुमारीले राजकुमारलाई सोधिन्, 'यदि म पहिले मरेँ भने हजुर अर्की केटीसँग विहा गर्नुहुन्छ ? राजकुमारले जबाफ दिए, 'मेरो प्राण ! तिमी किन मर्छ्यौ ? यस्तो विचार तिम्रो मनमा कसरी आयो हँ ? यस्तो नचाहिँदो कुरा नगर ।' जब राजकुमारीले ढीपी नै कसेर बसिन् तब उनले भने, 'म अर्को विवाह गर्दिन । तिम्रै संझनामा पूरै जिन्दगी बिताइदिन्छु । तर तिमी के गर्छ्यौं यदि म पहिले मरेँ भने ?'

राजकुमारी के आँख एतना बात सुन के लोर से डबडबा गइल । ऊ कुछियो बोले ना सकली । जब राजकुमार बार-बार इहे सवाल पुछे लगलन त ऊ फुटफुट के रोए लगली । राजकुमार उनका के चुपावे लगलन आ कहलन - 'हम मर जाएम त हमरा लाश के जरइहऽ मत, एगो काठ के बक्सा मे तेल में डुबा के ध दिहऽ । हमार साथी लोग अइहेन त जिआ दिहेन हमरा के ।' एतना बात कह के राजा अपना हाथ मे से अउँठी निकाल लेलन आ राजकुमारी के पेन्हा देलन । ऊ कहलन 'तू एह अउँठी के भूलिवो के अपना अंगुड़ी में से जन ऊतरीहऽ ।'

राजकुमार के का पता ? इहे रात उनका जिनगी के अन्तिम रात रहे । जब सबेरे भइल त बुढिया कुटनी उनकाके जहर के लड्डु दे देलक । उनका ओकरा पर तइयो शंका ना रहे । ऊ लड्डु खा लेलन । तनिके देर में जहर आपन किरमात देखावे लागल । राजकुमार देखते देखते बोहोश हो गइलन । मुँह-नाक से फेन आ लेर-पोंटा भभके लागल । होत होत राजकुमार अपना जिनगी के अन्तिम साँस ले के दुनियाँ छोड़ देहलन । राजकुमारी के दुःख के ठेकान ना रहल । उनका एतना दुःख पहुँचल कि ओकर शब्द में बेयान नइखे कइल जा सकत ।

बुढ़िया कुटनी राजकुमार के मरन से भीतरे भीतर खुशी रहे बाँकिर बाहर से देखावटी लोर चुआवत रहे । राजकुमारी राजकुमार के कहल मोताबिक उनका लाश के एगो काठ के बक्सा में तेल भर के ओही में डुबा के राख देली ।

राजकुमारी के फेर नदी में सतधन नहाए जाए के परल । बुढ़िया कुटनिओ सतधन नहाए के बहाना से राजकुमारी का जवरे नदी के घाट पर पहुँचल । डेङी घाट पर लागले रहे । बस, अब देर कवना बात के रहे ! जइसहीं राजकुमारी नदी मे नहाए खातिर पानी में बटली, बुढ़िया उनका के घिंसिआवत-टारत डेंगी में चढ़ा लेलक् । ऊ कहलक् - 'सत के डेङी होइबऽ त जहाँ से आइल बाड़ऽ ओतहें चल जइबऽ ।'

यति कुरा सुन्ने बित्तिकै राजकुमारीको आँखामा गहभरी आँसु छछल्कियो । उनी केही बोल्नै सकिनन् । जब राजकुमारले फेरि-फेरि पनि यही प्रश्न गरिरहे, तब उनी भकानो छाडेर रुन लागिन् । राजकुमारले उनलाई साम्य पार्दै भने, 'म मरेँ भने मेरो लाशलाई नजलाउनू, एउटा काठको बाकसमा तेलमा डुबाएर राख्नू । मेरा मित्रहरू आएर मलाई फेरि ब्युँताइदिने छन् ।' यति भन्दै राजकुमारले आफ्नो हातबाट औंठी निकालेर राजकुमारीको हातमा लगाइदिए । उनले भने, 'यस औँठीलाई बिर्सेर पनि आफ्नो औंलाबाट न निकाल्नू ।'

राजकुमारलाई के थाहा ? यही रात उनको जिन्दगीको अन्तिम रात थियो । जब बिहान भयो, बुढियाकुटनीले उनलाई विषको लड्डू दिई । उनले उसमाथि तै पनि शङ्का गरेनन् । उनले लड्डू खाइहाले । केही बेरमै विषले आफ्नो प्रभाव देखाउन शुरु गऱ्यो । हेर्दाहेर्दै राजकुमार बेहोश भए । मुख र नाकबाट फिँज र ऱ्याल-सिँगान बग्न थाल्यो । हुँदा हुँदै राजकुमार आफ्नो जिन्दगीको अन्तिम साँस लिएर संसार छाडी हिँडे । राजकुमारीको दुःखको सीमा रहेन । उनलाई यस्तो चोट पुग्यो कि त्यसलाई शब्दमा बयानै गर्न सकिदैन ।

बुढिया कुटनी राजकुमारको मृत्युले भित्रभित्रै साऱ्है खुशी थिइन् तर बाहिर देखावटी आँसु बगाउँदै थिइन् । राजकुमारी राजकुमारले भने अनुसार उनको लाशलाई एउटा काठको बाकसमा तेलमा डुबाएर राखी दिइन् ।

राजकुमारीले फेरि नदीमा सतधन नुहाउन जानुपऱ्यो । बुढिया कुटनी पनि सतधन नुहाउने बहानामा राजकुमारीसँगै नदी किनारमा पुगिन् । डुङ्गा घाटमा बाँधिएकै थियो । अब ढीलो किन गर्ने ? राजकुमारी नुहाउनलाई नदीमा पस्न के लागेथिइन् बुढिया कुटनीले उनलाई धकेल्दै घिसार्दै डुङ्गामा बसाइहाली र भनी, 'सत्यको डुङ्गा हौ भने जहाँबाट आएका हौं त्यहीँ पुग्नेछौ ।'

अब सोनकेसी रानी का आगे ओकर नियत साफ हो गइल । बुढिया कुटनिओ उनका के सारा कहानी कह देलक् । ऊ उनका से माफिओ मंगलक् । ऊ कहलक् - 'हम त तोहरा साथे बुराई कइले बानी । बाँकिर एह बुराई के अब तूँ आशीर्वाद समुझऽ । अब तोहर बिआह अइसन राजा से होई जे तोहरा जिनगी के स्वर्ग बना दिहें ।'

डेडी एक हप्ता में ओह राज में आ के लाग गइल जवना राज से आइल रहे ।

राजा सोनकेसी रानी से मिले खातिर ब्याकुल रहस् । नदी का किनारे भी उनकर एगो महल रहे । जब से बुढ़िया कुटनी सोनकेसी रानी के खोजी में गइल रहे, राजा ओही महल में विराजमान रहस । उनकर रात के नीन आ दिन के चयन छिना गइल रहे । ऊ दलिची से झँखियावत नदी के घाट पर टकटकी लगइले रहस । दूरे से सोनकेसी रानी के केश के चमक आ अद्भूत खुबसुरती देख के राजा जान गइलन कि अब उनकर अरमान पूरा होखे जा रहल बा । राजा एतना जान लेहलन कि ऊ जेतना सोचले रहलें सोनकोसी रानी ओह से बहुत बेसी खुबसूरत बाड़ी ।

डेडी घाट पर लागल । अब राजा पागल जइसन बाँह पसरले उनका स्वागत खातिर घाट पर पहिलही से खड़ा रहलें । ऊ उनका के अपना बाँह में जकड़ेके चहलें कि सोनकेसी रानी बोललीं, 'खबरदार ! पाछा हटीं । हमर देह मत छुईं ।'

राजा उनका के ना छुअनी बाँकिर सोचे लगनी कि कइसे उनकर मन जीतल जाव ।

सोनकेसी रानी राजा से कहली, 'हमरा खातिर जे अपने के मन में प्यार बा, ओकर हम प्रशंसा करतानी । बाँकिर हमार बात ध्यान से सुनी । हम बाह्र वरिष सदाबरत चलावे के चाह तानी । हम एगो कसम खइले बानी कि कवनो मर्दाना के देह तवले ना छुअम, जवले ई पूरा नइखे हो जात । एकरा पूरा भइला का बादे हम अपने से बिआह करेम ।'

सोनकेसी रानी के सुन्दरता का जानी उनका के केतना मोह लेले रहे, ऊ तइयार हो गइलें आ सदाबरत के सारा इन्तजाम कर देलें । सदाबरत चले लागल । सोनकेसी रानी के नाम दूर-दूर तक फइल गइल । सबकेहु कहे कि ऊ बड़ा प्रतापी रानी बाड़ी । साधु-सन्त आ भिखारी खातिर चौबीसो घंटा भोजन बँटात रहे ।

अब सुनकेस्रा रानीका सामुन्ने बुढिया कुटनीको मनसाय छर्लङ्ग भइसक्यो । बुढिया कुटनीले पनि उनलाई सारा वृत्तान्त सुनाइहाली । ऊ उनीसँग माफी पनि मागी । उसले भनी - 'मैले तिमी नराम्रो गरेकी छु । तर मेरो यस अपराधलाई अब तिमीले आशीर्वाद ठाने हुन्छ । अब तिम्रो विवाह यस्तो राजासँग हुन्छ जसले तिम्रो जिन्दगीलाई स्वर्ग बनाइदिन्छ ।'

एक सप्ताहमा डुङ्गा त्यो राज्यमा आइपुग्यो जुन राज्यबाट हिडेको थियो ।

राजा सुनकेस्रा रानीसँग भेट्नका लागि व्याकुल थिए । नदी किनारमै उनको एउटा महल थियो । जुन दिनदेखि बुढिया कुटनी सुनकेस्रा रानीको खोजीमा हिँडेकी थिई, राजा त्यही महलमा बसेका थिए । उनको रातको निद्रा र दिनको चयन खोसिएको थियो । उनी भ्यालबाट चियाउँदै नदी किनारमा एकटकले हेर्दै बस्ने गरेका थिए । टाढैबाट सुनकेस्रा रानीको कपालको चमक र अद्भूत सौन्दर्य देखेर राजा अब आफ्नो इच्छा पूरा हुने कुरामा विश्वस्त हुन पुगे । राजाले यति यति त अवश्य बुझे सुनकेस्रा रानी अझ बढी नै सुन्दर छिन् जति उनले पहिला सोचेका थिए ।

डुङ्गा घाटमा रोकियो । अब राजा पागल जस्तो भएर घाटमा हाथ बढाई रानीको स्वागतका लागि पहिला देखि नै उभेका थिए । उनी रानीलाई आफ्नो अँगालोमा हाल्न के खोजेथे सुनकेस्रा रानी भनिन्, 'खबरदार, पछाडि हटनोस् । मलाई न छुनोस् ।'

राजाले उनलाई छुन त छोएनन् तर सोच्न लागे रानीको मन कसरी जित्न सकिन्छ ।

सुनकेस्रा रानीले राजालाई भनिन्, 'मेरो लागि हजूरको मनमा जुन माया छ, म त्यसको प्रशंसा गर्दछु । तर मेरो कुरा ध्यान दिएर सुन्नुहोस् । म बाह्र वर्ष सदाव्रत चलाउन चाहन्छु । मैले किरिया खाएकी छु, कुनै पुरुषको जीउ म तबसम्म छुन्न जबसम्म यो पूरा भइसकेको हुँदैन । यो पूरा भएपछि मात्रै म हजुरसँग बिहा गर्छु ।'

सुनकेस्रा रानीको सोन्दर्यले राजालाई खै कहाँसम्म तानेको थियो होला, उनी तयार भइहाले र सदाब्रतको सारा तयारी पनि गरिहाले । सदाब्रत शुरु भयो । सुनकेस्रा रानीको नाम टाढा-टाढासम्म फैलियो । सबैले भन्थे, उनी बडो प्रतापी रानी छिन् । साधु-सन्त र भिखारीलाई चौबीसै घण्टा भोजन बाँडदै गरिन्थ्यो ।

उनकर नाम सुन के राजकुमार के तीनू सन्यासी साथी लोग ओह राज में भटकत भटकत पहुचल । सदाबरत के अन्तिम दिन आ गइल रहे । उहो लोग खाए खातिर पाँत में बइठल रहे । सोनकेसी रानी भोजन बाँटत अइली । जब ऊ सोनार के बेटा के भोजन देत रहली त उनका हाँथ में अउँठी देख के ऊ चिन्ह गइल । ऊ पूछलन, 'अपने के ई अउँठी के देले बा ?'

सोनकेसी रानी सारा बृत्तान्त बतवली आ रोए लगली । तीनू इयार लोग उनका के चूप करवलख आ कहलक, 'चिन्ता के कवनो बात नइखे । हमनी अपना इयार के फेर से जिआ लेहेम ।'

लोहार के बेटा तुरन्त एगो उड़न खटोला बनवलक । ओह उड़न खटोला पर तीनू इयार लोग तीन पउवा पर बइठल । चउथा पर बुढिया के बइठवलख आ बीच में सोनकेसी रानी के बइठा के उड़न खटोला के उड़ा देहलख लोग । जब उड़न खटोला बीच नदी के उपर पहुँचल त बुढिया कुटनी के धकेल के नदी में गिरा देहलख लोग । सोनकेसी रानी के निर्देशन मोताबिक उड़न खटोला राक्षस के घर का लगे उतारल गइल । काठ के बक्सा के खोलल गइल । मंत्री के बेटा राजकुमार के लाश का उपर मन्तर पढ़ के पानी छिटलक । राजकुमार उठ के बइठ गइलन । सभेकेहु खुश भइल । सोनकेसी रानी अपना पति के पा के केतना खुश भइली, एकर बखान नइखे कइल जा सकत ।

(श्रोत : छठु पटेल, देवाही, रौतहट)

(नेपाली अनुवाद)

उनको नाम सुनेर राजकुमारका तीनैजना सन्यासी साथीहरू भौंतारिँदै बरालिँदै त्यस राज्यमा आइपुगे । सदाब्रतको अन्तिम दिन आइपुगेको थियो । उनीहरू खाना खान पङ्क्तिमा बसेका थिए । भोजन बाँड्दै सुनकेस्रा रानी आइपुगिन् । जब उनी सुनारको छोरालाई खानेकुरा दिँदै थिइन्, उनको हातको अैंठी हेर्ने बित्तिकै उसले चिनिहाल्यो । उसले सोध्यो, 'हजुरलाई यो औंठी कसले दिएको हो ?'

सुनकेस्रा रानी तमाम कुरा बताइन् र रुन थालिन् । तीनै मित्र रानीलाई सान्त्वना दिए र भने, 'चिन्ता गर्नु पर्दैन, हामी आफ्नो मित्रलाई फेरि बचाइहाल्छौं ।'

डकर्मीको छोराले तुरुन्तै एउटा विमान बनाए । त्सयमाथि तीन कुनामा तीन मित्र बसे । चौथोमा बुढिया कुटनीलाई बसाए र बीचमा सुनकेस्रा रानीलाई बसाएर विमान उडाइहाले । जब विमान बीच नदीमाथि पुग्यो बुढियाकुटनीलाई धकेलेर नदीमा खसालिदिए । सुनकेस्रा रानीको निर्देशन मुताबिक विमान राक्षसको घर नेर ओरालियो । काठको बाकस खोलियो । मन्त्रीको छोराले मन्त्र पढेर लाशमा पानी छर्के । राजकुमार ब्युँतिएर उठी बसे । सबैजना खुशी भए । सुनकेस्रा रानी आफ्नो पतिलाई पाएर कति खुशी भइन् यसलाई बयान गर्न सकिँदैन ।

(श्रोत : छठु पटेल, देवाही, रौतहट)

बेटा

कवनों देश में एगो राजा रहे । उनका एकेगो बेटा रहे । एक दिन बेटा कहलक, 'बाबुजी आज मन करा जङल में शिकार खेले जाएके ।'

राजा कहलन, 'जा माइओ से इजाजत लेलऽ ।'

राजकुमार माई का लगे गेल । कतनो रहे मातारी रहे । पहिले बहुत सम्झएलक्, 'देख बड़ा देवासेवा से एगो त तू बेटा बाड़ऽ । जङल में कुछ हो गेल त ई राजपाट के चलाई ?'

कुछियो कहलक मातारी बाँकिर राजकुमार मानल न । घोड़ा कसलक आ चलदेलक् जङल का ओर अकेले । अङरक्षक जब जाएके चहलक ओकरो के न जाए देलक राजकुमार ।

एने अङरक्षक सोचलक्, 'हम राजा के बहुत निमक पानी खएले बाड़ी । हम अगर न जाएम त हमरा भारी पाप लागी । कहीँ जङल में कुछ होगेल त हम कवन मुँह लेके रहम ?'

इहो राजा के जानकारी दे देलक आ घोड़ा कस के निकलगेल राजकुमार से चूपे चूपे ।

राजकुमार घोड़ा दउरवइत दउरवइत चलल चल गेल कवनों दोसरा राज में । तौले साँझ हो गेल । घोड़ा एगो फूलबारी में बान्ह के लगलन आराम करे । इनकर अङरक्षको जे रहे से कुछ दूर पछाड़िए रुक गेल एगो दोसर फूलबारी में ।

ओह देश के राजा के एगो बेटी रहे । उनकर नाम रहे फूलकुमारी । उहो ओही बगैचा में आएल रहलिन ।

बगैचा में एगो इमरितवा आम के गाछी रहे । ओकर दहतुर रहे हर साल ओह पर एकेगो आम फरे । ओहु साल एगो आम पाक के मह भेल रहे । बुझाए कि अब टभक जाई कि तब टभक जाई ।

फूलकुमारी ओह दिन ओही आम खातिर टकटकी लगवले गाछ तर अगोर के बइठल रहलिन । एतने में आम त टभक के गिर गेल ।

एने राजोकुमार दिनभर के भुखाएल रहे । आम लभक के जाके उठा लेलक ।

(नेपाली अनुवाद)

छोरा

एकादेशमा एउटा राजा थिए । उनको एउटै छोरा थियो । एकदिन छोराले भन्यो, 'बुवा हजूर, आज मन लागिरहेछ जङ्गलमा शिकार खेल्न आउँ ।'

राजाले भने, 'जाऊ आमासँग पनि अनुमति लिइहाल ।'

राजकुमार आमा कहाँ गयो । जे भए पनि आमाको हृदय । पहिले खुबै सम्झाइन्, 'हेर बाबु, कति भाकल गर्दागर्दै त तिमी मेरो एक्लो छोरो, जंगलमा केही भयो भने यो राज्य कस्ले चलाउँछ ।'

आमाले जे भने पनि राजकुमारले मानेन । घोडामा बस्यो र र बायुवेगले हिँड्यो जङ्गलतिर एक्लै । अंगरक्षक जब जान खोज्यो, उसलाई पनि राजकुमारले आफूसँग लगेन ।'

अंगरक्षकले सोच्यो, 'म राजाको नून पानी खाएको छु । यदि म गइन भने ठूलो पाप लाग्छ । यदि जङ्गलमा केही भयो भने त म कुन मुख लिएर बाँच्छु ?'

उसले पनि राजालाई सुटुक्क जानकारी दियो र घोडा लिई चुपचाप जंगलतिर निस्क्यो ।

राजकुमारले घोडा कुदाउँदा-कुदाउँदै कुनै अर्कै राज्यमा पुगे । तबसम्म साँझ परिसक्यो । घोडा एउटा बगैंचामा बाँधेर आराम गर्न लागे । यिनका अंगरक्षक पनि अलि पछाडि नै एउटा अर्कै बगैंचामा पर्खी बसे ।

त्यस राज्यको राजाकी एउटी छोरी थिई । उनको नाम थियो फुलकुमारी । उनी पनि त्यसै बगैचामा आएकी थिइन् ।

बगैचामा एउटा अमृते नामको आँपको रुख थियो । त्यस रुखमा एउटै दाना आँप फल्ने गर्थ्यो । त्यस वर्ष पनि एउटा आँप पूरै पाकिसकेको थियो । लाग्दथ्यो केही छिनमै झर्छ ।

फूलकुमारी त्यही आँपलाई कुरेर एक टकले आँपतिर हेरी रुखमुनि बसेकी थिइन् । यत्तिकैमा आँप टप्क्यो ।

यता राजकुमार दिनभरिका भोका थिए । आँप लम्किँदै गएर टपक्क टिपिहाले ।

अब फूलकुमारी सोचे लागल, 'अब का करु आज आम त देखइत बाड़ी जे कवनो बाहरी मोसफिर उठालेलक ।'

फूलकुमारी राजकुमार लङ आके कहलक, 'ए मोसाफिर तू ई आम हमरा के दे द । एकरा बदला में ई बावन विगहा के फूलबारी में तोरा काँच पाकल जइसन आम के जेतना जरुरत होखे तुरलऽ । खएब से खा आ मन करे त घोड़ा पर लाद के लेजा । बाँकिर ई आम हमरा चाहीँ । एही ला हम दिनभर तकतकी लगवे बइठल बाड़ी ।'

एने राजकुमार कहलक, 'हेने सुनबु । तू एह आम के दाम जेतना होखे लेलऽ । बाँकिर आम मत माङऽ हमरा से । ई आम हम न देहम ।'

दुनू आदमी में हरपट चलेलागल । फूलकुमारी कहे बावनो बिगहा फूलबारी के समुचा आम तुर लेवे ला बाँकिर ई आम के छोड़के आ राजकुमार कहे कवनों किमत पर उहे आम चाहीं ।'

दूनू आदमी में इहे बाताकही होते होते फूलकुमारी राजकुमार के हाँथ में से आम छिन लेलक ।

एने दूनू जने में हरपट चलइत देख के अङरक्षक जे रहे से राजकुमार लङ चल आएल आ राजकुमार के कान में कुछ सिखा देलक ।

फूलकुमारी जब दू डेङ बढ़ल त राजकुमार कहलक, 'जा जा आजु त हम तोहे कुछियो न कहम । बाँकिर हम तोहरा से कहिओ शादिओ करम आ कोहबर में गन के सात जूता मारम ।'

फूलकुमारिओ कहलक, 'जब तू कोहबर में हमरा के सात जूता मरबऽ त हमहू तोहरा से बीच सड़क पर कोदो दरवालेम ।'

अब राजकुमार के शिकार खेलेके योजना योजने लङ रह गेल । लौट आएल घरे आ बिना कुछ बोलले बतिअएले सुत रहल बिछौना पर । ना केहु से कुछ कहे ना केहु से कुछ पुछे ।

फूलकुमारी सोच्न थालिन्, 'अब के गरुँ ? आज आँप त हेरिरहेकी छु कुनै बाहिरी बटुवाले पो टिपिसक्यो !'

फूलकुमारी राजकुमार नेर गइन् र भनिन्, 'ए बटुआ, यो आप मलाई दिई हाल । यसको सट्टामा यो ५२ बिघाको बगैंचामा तिमीलाई काँचो वा पाकेको जस्तो आँप जति चाहिन्छ, बरु तिमी टिप । खाने जति खाऊ र मन लागे घोडामा बोकेर लैजाऊ । तर त्यो आँप मलाई चाहियो । म त्यसैको लागि दिनभर कुर्दै बसेकी छु ।'

यता राजकुमारले भने, 'सुन । तिमी यो आँपको मोल जति भए मबाट लेऊ । तर यो आप मसँग न माँग । यो आँप म दिन्न ।'

दुबै जनामा विवाद शुरु भयो । फूलकुमारीले त्यो आँपलाई छाडेर बाउन्नै बिघा फूलबारीको सबै आँप टिप्न भन्थी भने राजकुमारले कुनै पनि हालतमा त्यै आँप चाहियो भन्थे ।

दुबैबीच यस्तै कुराकानी चल्दाचल्दै फूलकुमारीले राजकुमारको हातबाट एक्कासी आँप खोसिहालिन् ।

यता दुबैजनामा वादविवाद चर्किंदै गएको देखेर अंगरक्षक त्यहाँ आइपुग्यो र राजकुमारसँग केही कानेकुसी गऱ्यो ।

फूलकुमारी दुई पाइला अघि के बढेकी थिइन् राजकुमारले भने, 'जाऊ जाऊ, आज त म तिमीलाई केही भन्दिन । तर कुनै दिन म तिमीसँग बिहा पनि गर्छु र सुहागरातमा गनेर सात जुत्ता हान्छु ।'

फुलकुमारीले पनि भनिन्, 'तिमीले सुहागरातमा मलाई सात जुत्ता हान्छौ भने म पनि तिमीलाई बीच बाटोमा कोदो पिन्न लगाउँछु ।'

अब राजकुमारको शिकार खेल्ने योजना योजनामै रह्यो । बिना कुनै कुराकानीको घर फर्के र ओछ्यानमा सुते । कोहीसँग न केही भन्थे न केही सोध्थे ।

लौंड़ी, चेरिया, नोकर, चाकर सब केहु पुछ के हार गेल । खाएल पिअल सब त्याग देलक राजकुमार । कुछ देर के बाद राजारानी अएलन उनकरो से राजकुमार न कुछ कहलक ।

बाद में उनका अङरक्षक से पुछला पर ऊ जे दिने भेल रहे से सब बता देलक ।

तब राजा जाके राजकुमार के कहलन, 'उठ उठ ! ओही लड़की पाँच दिन में हम तोहर शादी करा देहम । एह में कवनों चिन्ता फिकिर के बात नइखे ।'

राजकुमार के मन हरखित भेल । उठ के मुँहहाँथ धोएलक, खएलक पिलक ।

बिहने पूरा लावालस्कर का साथे राजा गेलन ओह राजा किहँ । फूलकुमारी के देखलन । पर पसन भेल । ओनहु से दिन मिलल । फूलकुमारी का बापो अएलन पर राजकुमार के देखे । दुनू ओर से परपसन होगेल दिन उतर गेल ।

निमन दिन बाउर भेल, बाउर दिन निमन भेल । अपना दिन महुरत पर बरियात निकल गेल राजकुमार के । एने उनका अङरक्षक के हदासे परान जाए लागल । ऊ सोचे लागल, 'सेनुरदान तक त ठीक बा । बाँकिर कोहबर में जइसही राजकुमार अपना कनिआ के सात जूता मरिहेन, बवाल होजाई । राजा प्रभुवाला बात बा । सारा बरियतिया भुँजा भुँजा जाई ।'

बरियात पहुँचल नगर में । घोड़दौर, अतिशबाजी, परिछावन, कनिआ निरेछन पूरा भेल । सेनुरदानो हो गेल । जब कोहबर के बेरा भेल त बात त पकापकिए रहे । राजकुमार फूलकुमारी के सात जूता मार देलक । अब त भेल बवाल । गोली, बनुक, भाला, गड़ाँस, तेगा, बर्छी निकले लागल । केहु कहे मार साले के । केहु केकरो के केहु केकरो के मारे के कहे । कुछ लोग लड़िके के मारेके कहे लागल ।

अङरक्षक जे रहे से दसु नौह जोड़ के खडा हो गेल । पहिले सब लोग से शान्त होएके कहइत बोलल, 'देखल जाओ हम त आएल बाड़ी रउरे नगर में । इहो बात साँच बा हमनी कुछियो करब त अपने लोग से न जीतम । इहो हमनी के मालूम बा । फेर जेकरा से नेह जोड़ा गेल ओकरा के बेइजतो करेके राजकुमार भा हमनी के कवनों नियत नइखे ।'

धाई, सुसारे, नोकर, चाकर सबैले सोध्दै थाके । खानपीन सबै त्यागे राजकुमारले । अलि पछि राजारानी पनि आए । उनीहरूलाई पनि राजकुमारले केही बताएनन् ।

पछि अंगरक्षकलाई सोध्दा, उसले दिउँसो जे जति भएको थियो ती सबै बताइदियो ।

अनि राजा गएर राजकुमारलाई भने, 'उठ, उठ ! चिन्ता नलेऊ ५ दिनमै म त्यही केटीसँग म तिम्रो बिहे गराइदिन्छु । यसमा कुनै चिन्ता फिक्री गर्ने कुरै छैन ।'

राजकुमारको मन हर्षित भयो । उठेर हातमुख धोए । खानपिन गरे ।

भोलिपल्ट पुरै लावालस्करका साथ राजा ती राजाकहाँ गए । फूलकुमारीलाई हेरे । मन पराए । उतातिरबाट पनि साइत केटा हेर्ने साइत जुराइयो । फूलकुमारी को बुवाले पनि राजकुमारलाई हेरे । दुबै थरीले बेहुलाबेहुली मन पराए । विवाहको साइत पनि तय भयो ।

अशुभ दिन शुभ, शुभ दिन अशुभ भयो । निर्धारित तिथि मुहूर्तमा राजकुमारको जन्ती निस्क्यो । यतातिर उनको अंगरक्षकलाई त्रासले प्राणै जाला जस्तो भयो । ऊ सोच्न थाल्यो, 'सिन्दुरदानसम्म त ठीकै होला । तर सुहागरातमा राजकुमारले आफ्नी बेहुलीलाई सात जुत्ता हान्ने बित्तिकै ठूलो बवाल हुन्छ । राजघरानाको कुरो छ । सारा जन्ती मकै भैं भुट्टिने छ ।'

जन्ती नगरमा पुग्यो । घोडदौड, आतिशबाजी, द्वारपूजा, कन्यानिरीक्षण पूरा भयो । सिन्दुरदान पनि भयो । जब सुहागरातको समय भयो, अनि कुरा त पक्कापक्की नै थियो । राजकुमारले राजकुमारीलाई सात जुत्ता हानिहाले । अब भयो कोलाहल । गोली, बन्दूक, भाला, गडाँस, तलवार, बर्छी निस्किन थाल्यो । कसैले भने - दे दनक सालेलाई । कसैले कसैलाई, कसैले कसैलाई पिट्न भने । केही मान्छेले बेहुलालाई नै ठोक् भन्न थाले ।

अङ्गरक्षक त्यहीँ थियो । दसौँ औंला जोडेर उभिन पुग्यो । पहिले सबैसँग शान्त हुन आग्रह गर्दै भन्यो, 'हेर्नुहोस्, हामी त यहाँहरूकै नगरमा आएका हौं । यो कुरो पनि साँचो छ हामी जे जस्तो गरे पनि यहाँहरूसँग जित्दैनौं । हामीलाई यो पनि थाहा छ । फेरि जोसँग नाता जोडियो उसलाई बेइज्जत गर्ने नियत न राजकुमारको छ न हाम्रो नै ।

एगो गँवभुवा जोर से बोलल, 'जूतो चला देलक तोहर मालिक आ अबही कहइत बाड़ बेइजत करेके कवनों नियत नइखे ?'

अङरक्षक फेर कहलक, 'पहिले लेखा लेहम कि बनिया डाँड़म ?'

केहू फेर कहलक् गँवभुवा ओर से, 'भेल पहिले तू राज बतावऽ काहे भेल अइसन ?'

अङरक्षक बोलल, 'देखीं हमर राज परिवार के खानदानी रेवाज बा, कोहबर में लड़की के जूता ठेकावे के । ओही से राजकुमार राजकुमारी के सातबेर जुता ठेका देलन ह । एकर मतलब ई बा जे एतना कएला पर लड़की बराबर न बोली । घर में दुनू के गनना मिलइत रही । घर में सुख शान्ति रही । अब अपनहीलोग कहीं कि नयाँ बर कनिया के जीनगी में अपने लोग सुख शान्ति चाहम कि न ? अगर चाहम त ई कवनों असगुन ना बल्कि सगुन के संकेत बा ।'

बुढ़पुरान लोग कहे लागल, 'बात त ठीके बा । घर में बात त मरदे के रहेके चाहीं । मेहरारु के बात से त घर साँचो बिगड़ जाले ।'

कहेके मतलब जे पितृसत्तात्मक रेवाज के कायम राखेके बात पर लोग राजकुमारी के बेइजती बिसर गेल आ स्थिति जे रहे से फेर हेमखेम में बदल गेल ।

बिहने बिदागिरी भेल, लोग घरे आएल । राजकाज चले लागल ।

बाँकिर राजकुमार जब बिछौना पर जाए त ओह बात के इयाद करा देवे, 'इयाद बा ? हम जे कहली से पुगा नु लेली ?'

फूलकुमारी भी मोका के तलाश में रहे ।

एतने में कुछ दिन बितल । फूलकुमारी के देह अभुराह होगेल । नइहर में खबर गेल । ओने से राजा अएलन आ बेटी के बिदागिरी कराके ले गेलन ।

दिन पुगला पर फूलकुमारी के एगो लइका पैदा लेलक् । दूनू घरे बधावा बाजल । सदाबरत बँटाएल ।

एउटा नगरवासीले कराउँदै भने, 'तेरो मालिकले जुत्ताले पनि हानिसके र पनि तैँले बेइज्जत गर्ने कुनै छैन भन्ने ?'

अङ्गरक्षकले फेरि भने, 'पहिला हिसाब हेर्नुहुन्छ कि साहुलाई दण्डित गर्नुहुन्छ ?'

नगरबासीहरूको तर्फबाट फेरि कसैले भने, 'ठीक छ पहिला खुलाएर भन् यस्तो किन भयो ?'

अङ्गरक्षकले भने, 'हेर्नोस्, हाम्रो राजपरिवारमा पुस्तौंपुस्ताको चलन छ सुहागरातका बेला बेहुलीलाई जुत्ता छुवाउने । त्यसैले राजकुमारले राजकुमारीलाई सात पल्ट जुत्ता छुवाएका हुन् । यसके अर्थ यो हो यति गरिसके पछि बेहुली चोथाले हुने छैनन् । घरमा बरबधूका बीचमा कुरो मिल्ला । घरमा शान्ति रहनेछ । अब यहाँहरू आफैं भन्नोस् नयाँ बेहुला-बेहुलीको जीवनमा यहाँहरू सुखशान्ति होओस् भन्ठान्नुहुन्छ कि नाई ? यदि त्यसो होओस् भन्ठान्नुहुन्छ भने यो कुनै अपसकुन नभई शुभ साइतको सङ्केत हो ।'

बुढापाकाहरू भन्न थाले, 'कुरो त ठीकै छ । घरमा त अदब लोग्नेमान्छेकै हुनु पर्छ । आइमाईको कुराकानीले त घर साँचै भाँडिन जान्छ ।'

भनाईको अर्थ पितृसत्तात्मक रीतिथितिलाई कायम राख्ने सवालमा नगरबासीहरूले राजकुमारीको बेइज्जती बिर्सिहाले र स्थिति फेरि स्नेहमय बन्न पुग्यो ।

भोलिपल्ट बिदाई भयो, जन्ती घर आए । राजकाज चल्न थाल्यो ।

तर राजकुमार जब ओछ्यानमा जान्थे, ती कुरालाई सम्झाई हाल्थे, 'बिर्स्यौ कि क्या हो ? मैले जे भने पूरा गरिहालें नि ?'

फूलकुमारी पनि अवसर पर्खिरहेकी थिई ।

यस्तैमा केही दिन बित्यो । फूलकुमारी गर्भवती भइन् । माइतमा खबर पुग्यो । उताबाट राजा आए र छोरीलाई बिदा गराई लगे ।

दिन पूरा भए पछि फूलकुमारीले एउटा नवराजकुमारको जन्म दिइन् । दुबै घरमा जन्मोत्सव मनाइयो । सदाब्रत बाँडियो ।

बरहिआ पुगला पर राजकुमार के बाप गेलन भार सार लेके बिदागिरी खातिर ।

ओने फूलकुमारी अपना बाप के कह देले रहलिन जाले लइका छटहेड़ न होई ताले बिदा न करेके । बिदागिरी रोका गेल । समय अनुसार लइका के पढ़ाई लिखाई भी सुरो होगेल ।

कोसिस बहुत भेल राजा के ओर से पुतोह के ले आवे खातिर बाँकिर एने उनकर बुहारी टस से मस न भइलिन । बाद में राजा के मन में भी हो गेल, 'आज आवे चाहे बिहान, आई त हमरे घर में । का भेल तनिका दिन नइहरे रह जाई त !'

एने लड़िका तनिका छटहेड़ भेल । गेल स्कूल में पढ़े । कुछ दिन बितल स्कूल में ।

एक दिन के बात ह । टिफिन का बेरा लइका लोग खेले लागल । गेन के खेल होइत रहे । ई फुलकुमारी के बेटा मारलक लात कस के । गेन चलगेल तनिका दूर खेल मैदान से ।

एगो लइका कह परल, 'ई बिना बाप के बेटा ! लूर ढङ हइते नइखे मार देलन गेन हुमचाके, चाहे ऊ केनहु जाओ ।'

एह बात से फूलकुमारी के बेटा के बड़ी आन लागेल । साँझ के दौरल आएल घरे । माई से पुछलक, 'हमर बाबुजी कहाँ बाड़न आ का करलन ?'

मातारी कहलिन, 'अबही समय नइखे भेल । समय आई त बतादेम ।'

लइका जिद्ध पर उतर गेल । कहलक, 'जवले तू न बतइबू तवले हम खएबे न करम ।'

मातारी हार मान के समुचा हाल बता देलिन बेटा के । आजा-आजी आ बाप के नाँव आ ठाँव सब बता देलिन आ कहलिन, 'तोहरा बाबु जी से हम परन कएले बाड़ी जे जवले उनका से हम बीच सड़क पर कोदो न दारवालेम ससुरार न जाएम ।'

बाऱ्ह दिन पुगेपछि राजकुमारको बाबु पुगे विभिन्न कोसेली सौगात लिएर बुहारी बिदा गराउन ।

उता फूलकुमारीले आफ्नो बुबालाई भनिसकेकी थिइन्, जबसम्म छोरो अलि ठूलो हुँदैन तबसम्म उनलाई ससुराली न पठाउनको लागि । बिदाई रोकियो । समय अनुसार छोरो पनि पढाइ लेखाइ शुरु गरिसक्यो ।

राजाको तर्फबाट कोसिस त धेरै भयो बुहारीलाई घर ल्याउनलाई तर यता उनकी बुहारी कति पनि कुरा सुन्दैनथिइन् । पछि राजको मनमा पनि भयो, 'आज आओस् वा भोलि, आउँछे त मेरै घरमा । के भयो केही दिन माइत नै बसिन् भने !'

यता केटो अलि ठूलो भयो । स्कूलमा गयो पढ्न लेख्न । केही दिन बित्यो स्कूलमा ।

एक दिनको कुरो हो । टिफिन ट्याममा बच्चाहरू खेल्न थाले । फुटबल खेलिँदै थियो । यो फूलकुमारीको छोरोले अलिक कस्सिएर एक किक हान्यो । फुटबल अलि पर नै पुगिसक्यो खेल मैदानमा ।

एउटा केटोले भनिहाल्यो, 'यो बिना बाउको छोरो ! सीप ढङ्ग छँदै छैन हानिदियो फुटबल भएभरको बल लाएर, जता गए जाओस् ।'

यति कुराले फूलकुमारीको छोरोलाई ठूलो चोट पुऱ्यायो । साँझपख दौडिँदै आयो घर । आमासँग सोध्यो, 'मेरो बुवा कहाँ हुनुहुन्छ र के गर्नुहुन्छ ?'

आमाले भनिन्, 'अहिले समय भएको छैन । उचित समयमा बताइदिउँला ।'

केटो जिद्धमा अड्यो । भन्यो, 'जबसम्म मलाई बताउनुहुन्न तबसम्म म खाँदै खान्न ।'

हार खाएर आमाले पूरै वृत्तान्त सुनाइहालिन् छोरालाई । बाज्ये-बज्यै र बुवाको नाम र ठेगाना बताइहालिन् र भनिन्, 'तिम्रो बुवासँग म बाचा गरेकी छु जबसम्म उहाँलाई म बीच सडकमा कोदो पिन्न लाउँदिन म ससुराली जान्न ।'

अब ई लइका सोचलेलक बाप मतारी दूनू के बीच में सुलह करावे के आ मातारी के बातो राखेके । मन लगा के पढ़े लागल । पढ़ाई जब पूरा हो गेल तब ऊ एक दिन अपना माई से कह के निकल गेल अपना देश में ।

राजधानी में पहुँच गेल । जाके पहुँचल एगो बुढ़िया के घर में आ कहलक, 'तोहरा के हम पाँच हजार रोपेया देहम आ तीन दिन रहम । दाई हमरा के मदत कर । हम बहुत दूर से एगो जरुरी काम से एतहाँ आएल बाड़ी ।'

बुढ़ियो कहलक, 'कवनों बात नइखे । रह जा अपने घर समझ के ।'

बिहान भेला खाना पीना हो गेला के बाद ई लइका बुढ़िया से से कहलक, 'दाई, आज तनिका हमरा के एगो बात के पता लगा देबे ?'

'कथी ?'

'तनिका जा के पता लगाव त आजु इहाँ के युवराज कवन पोसाक में बाड़न ?'

बुढ़िया घर से निकलल आ तनिका देर के बाद आ के लइका के कह देलक, 'आज युवराज सिपाही के पोसाक में बाड़न ।'

सँझिया के बेरा रहे । इहो लइका सिपाही के पोसाक लगा लेलक आ नगर के गोएँड़ा एगो पुल पर बइठ गेल । तनिका देर के बाद एगो जोलहा चदर बेंचले अवइत रहे । लइका जोलहा से पुछलक, 'कय थान चदर उबर गेल बा आज तोहर ?'

जोलहा कहलक, 'आज निमन बेपार न भेल ह । देखल न जाओ सरकार दस थान त उबरिए गेल बा ।'

लइका कहलक, 'ठीक बा ई सभी चदर एही लङ छोड़ दे । बिहान नोकर सब के बाँटेके बा । तुहो बिहाने आके दरबार से पइसा ले जइहे ।'

आन्हरा पाव दूनू आँख ? चदर राख के जोलहा खुशी से उछलइत चलगेल घरे मने मने कहइत, 'चल, बिहान एढ़ा के डेढ़ा त होबे करी ।'

लइका दसु थान चदर बुढ़िया किहाँ लेआके ध देलक आ फेर कहीं चल देलक ।

अब यो केटोले सोचिहाल्यो बाबु र आमा दुवैजनाको बीचमा मेलमिलाप र आमाको बाचा पूरा पनि गर्ने । मन लगाएर पढ्न थाल्यो । पढाइ जब पूरा भयो, ऊ एकदिन आमालाई भनेर निस्क्यो आफ्नो देशमा ।

राजधानीमा आइपुग्यो । आइपुग्यो एउट बुढियाको घरमा र भन्यो, 'म तपाईंलाई पाँच हजार रुपैया दिउँला र तीन दिन बसुँला । बुढीआमा मलाई मदत गर्नुहोस् । म धेरै टाढाबाट एउटा जरुरी कामले यहाँ आइपुगेको छु ।'

बुढियाले पनि भनिन्, 'ठीक छ । आफ्नै घर सम्झेर बसे हुन्छ ।'

भोलिपल्ट खानपीन गरिसके पछि केटोलो बुढियालाई भन्यो, 'बुढीआमा, आज मलाई एउटा कुरा पता लगाइदिनुहुन्छ कि ?'

'के होला त्यस्तो ?'

'अलिक बुझेर आइदिनुस् न, आज यहाँको युवराज कुन पोसाकमा होइबक्सिन्छ ?'

बुढिया घरबाट निस्किन् र अलिखेरमा आएर केटोलाई भनिन्, 'आज युवराज प्रहरीको पोसाकमा होइबक्सिन्छ ।'

साँझको समय थियो । यो केटो पनि प्रहरीको पोसाक लगाएर नगर बाहिर एउटा पुलमा बसिहाल्यो । केहीबेर पछि एउटा जुलाहा दोसल्ला बेंचेर घर फर्किंदै थियो । केटोले जुलाहालाई सोध्यो, 'कति थान दोसल्ला आज बाँकी बचेछ तिम्रो ?'

जुलाहाले भन्यो, 'आज राम्रोसँग व्यापार भएन । हेरिबक्सियोस् न सरकार, दस थान त बाँकी नै छ ।'

केटोले भन्यो, 'ठीक छ, यी सबैलाई यहीं रहन दे । भोलि नौकरहरूलाई बाँड्नु छ । तँ पनि भोलि नै दरबार आएर पैसा लिएस् ।'

के खोज्छस् काना आँखो ? दोसल्लाहरू राखेर जुलाहा खुशीले उफ्रिँदै गयो घर । मनमनै भन्दै गयो, 'ठीकै भो भोलि त एकको डेढ भई नै हाल्छ ।'

केटो दसौं थान दोसल्ला ल्याएर बुढियाकहाँ थन्काइदियो र फेरि कतै निस्कयो ।

बिहान भेला राजा के कचहरी लागल । जोलहा मारे खुशी के पहुँचलक कचहरी में । राजा के सलाम ठोकलक आ अर्जी कएलक, 'सरकार पइसावा दिआव । फेर से सता उता किने जाएके परी ।'

राजा के अचरज आ खीस दूनू बढ़ गेल । पुछलन, 'रे कइसन पइसा ?'

'सरकार ! युवराज न कहलन ? काल्हे नु उनका के हम दस गो चदर देली आ उहाँका कहलन आजु कचहरी में आके पइसा लेजाएके ।'

राजा के त अचम्हो लाग गेल । मने मने सोचलन, 'ई त बड़का ठग ढुँक गेल नगर में ।'

राजा कहलन, 'अच्छा त तू जो अभी बाद में हम खुदे तोहे बोलवाएम ।'

एने राजभर में राजा डुगडुगी पिटवा देलन, 'नगर में एगो चोर घुस गेल बा । जे पता लगा दी ओकरा के दस हजार रोपेया इनाम दिआई ।'

एगो सिपाही एह काम के जिम्मा लेके चल देलख । ओकर कहनाम रहे बिहने तक ले चोर के पकड़ लेवेके ।

बिहान खानी पहरा बढ़ा दिआएल आ सिपाही सब खोजे लागल घरे घरे आ राहे चौराहे ओह चोर के ।

एने लइका फेर आएल बुढ़िया के घर में । नकाब आ नकली केश लगा लेलक । सिङार क लेलक आ बेसकिमती साड़ी बलाउज पेन्ह के बहुत खुबसुरत लड़की के भेष में बुढ़िया के घर से तनिका दूर जा के चौराहा पर बइठ गेल झोलन्हरिया में ।

जब आधा रात भेल त सिपाही आएल ओह लङ । पुछलक, 'तू कवन बाड़े ? ई आधा रात में इहाँ का करइत बाड़े एह चौबटिया पर । जो घरे । न त तूहे पकड़ा जएबे । डुगडुगिया सुनले ह बिहने कि न ?

भोलिपल्ट राजको इजलास शुरु भयो । जुलाहा खुशी हुँदै पुग्यो कचहरीमा । राजालाई सलाम ठोक्यो र बिन्ती चढायो, 'सरकार दाम बक्सियोस् । फेरि धागो सागो किन्न जानु पर्ला ।'

राजालाई अचम्भ पनि लाग्यो रीस पनि उठ्यो । सोधे, 'ए ! केको दाम ?'

'सरकार ! युवराजले भनिबक्सेन ? हिजै मौसूफलाई म दस थान दोसल्ला दिएँ र मौसूफ सरकारले आज कचहरीमा आएर पैसा लिन मर्जी बक्सेको थियो ।'

राजालाई त ठूलो अचम्भ लाग्यो । मनमनै सोचे, 'यो त कुनै ठूलै ठग पसेको जस्तो छ नगरमा ।'

राजाले भने, 'ठीक छ । अहिले तँ जा । पछि म तँलाई आफैँ बोलाउन पठाउँछु ।

एता राज्यभरि राजाले कटुवाल कराउन लगाए, 'नगरमा एउटा चोर पसेको छ । जसले पता लाउँछ उसलाई दस हजार रुपैयाँ पुरस्कार दिइने छ ।'

भोलिपल्ट पहरा बढाइयो र सिपाहीहरूले पनि घरघरै, बाटोबाटै र चोकचोकमा खानतलासी शुरु गरे चोर पक्रिन ।

यता केटो फेरि आयो बुढियाको घरमा । मुकुण्डो र नक्कली कपाल लायो । श्रृङ्गार पनि गऱ्यो र महँगो महँगो साडी-ब्लाउज लाएर चिटिक्क परेकी एउटी केटीको भेषमा बुढियाको घरभन्दा अलि टाढा गएर बसिहाल्यो चौबाटोमा गोधुली साँझपख ।

जब आधी रात गयो एउटा सिपाही पुग्यो त्यहाँ । सोध्यो, 'तँ को होस् ? यो आधी रतमा यहाँ के गर्दै छ्यौ यस चौबाटोमा । घर जाऊ । होइन भने पक्रिन्छ्यौ । बिहान कटुवाल कराएको सुन्याछैनौ कि क्या हो ?'

ऊ लड़की बोलल, 'हजूर, हमर कवन दोस बा । एगो बदमास हमरा के घर में रहल दुलम क देले बा । जब न तब हमरा घर में ढुँक जाइता । हमर इजत पर हाँथ डाले के चहइता । घर में रहल मोसकिल हो गेला से हमरा ई चौराहा पर आवेके परल ह । का करु ? हमरा त कुछ सुझते नइखे ।'

'केने गेल ऊ बदमास ?'

'हजूर, इहे चलल जाइता पुरुब ओर ।'

सिपाही जोर जोर से झटके लागल पुरुब ओर । बाँकिर कुछ देर के बाद फेर लौटल । डाँट के बोलल, 'कहाँ बा कवनों बाइली आदमी ओनेकारी ?'

'हजूर, का कहू ? अपने ओने गेली ह आ अपने के तनिके आगाड़ि बढ़ला पर ऊ फेर से एगो घर में से आके लागल ह हमरा के लछार पछार करे । देखु न हमर लुगो फाटगेल हेदा ।'

'केने गेल ह ?'

'इहे हजूर उत्तर ओरी ।'

सिपाही कहलक, 'अब अइसे न होई । तू अपन साड़ी बलाउज हमे देदे आ हमर पोसाक में बन्दूक लेके तू एनही केनहू रह । जइसे ऊ फेर से आई, हम ओके पकड़ लेम त तू फेर से आके हमर बन्दूक लौटा दिहे । हम ओके पकड़ के हाजत में बन क देम ।'

अब सिपाही साड़ी बलाउज पेन्ह के उहाँ बइठ गेल आ ई लइका कान्ह पर बनुक लेले बुढ़िया के घर में आके सुत रहल । बेचारा सिपाही रातभर बदमास के पैंड़ा ताकते रह गेल ।

जब बिहान भेल त टोला परोसा के आईमाई देखलक एगो औरत के चौबटिया पर बैठल । जा के कवनों मुँह उघार के देखलक त ई रहे सिपाही । बढ़ियाँ उपहास भेल सिपाही के ।

समाचार राजमहल में पहुँचल । अब राजा कहलन, 'ई चोर ए लेखा न पकड़ाई ।'

राजा फेर से डुगडुगिया दिअवादेलन ।

त्यो केटीले भनी, 'हजूर, मेरो के कसूर ? एउटा बदमासले त मलाई घरमा बस्न मुस्किलै पारेको छ । बेला न कुबेला मेरो घरमा पसिहाल्दो रहेछ । मलाई लछारपछार गर्न खोज्छ त्येल्ले । घरमा त बस्नै नसक्ने भएर मैले यस चौबाटोमा आउनु परेको छ हजूर । के गरुँ ? म त केही सोच्न सकिरहेकी छैन यस बेला ।'

'कता गयो त्यो बदमास ?'

'हजूर, उ भरखर पूर्वतिर लम्केको छ ।'

सिपाही पनि कुद्दै लाग्यो पूर्व तिर । तर केही बेर पछि फेरि फर्क्यो । हकार्दै सोध्यो केटीलाई, 'उतातिर त केही पनि नौलो मान्छे भेट्दै भेटिन मैले, हँ ?'

'हजूर, के भनूँ ? हजूर उता लाग्नुभो । अलिकति मात्रै अघि के लम्किनुभएको थियो होला त्यो बदमास त एउटा घरबाट निस्केर फेरि मलाई लछार पछार गर्न खोजेको थियो । हेर्नुस् न मेरो फरिया पनि च्यात्दियो त्यसले ।'

'कता निस्केछ ?'

'यतै हजूर, उत्तरतिर ।'

सिपाहीले भन्यो, 'अब यसरी हुँदैन । तँ आफ्नो साडी-ब्लाउज मलाई दिइदे र मेरो पोसाकमा तँ बन्दूक लिएर यतै कतै बसिराख् । जसै गरी ऊ फेरि यता आउँछ, म पक्रिहाल्छु, अनि तँ आएर मेरो बन्दूक फर्काइदिनू । म त्यसलाई समाएर तुडुङमा हाल्दिन्छु ।'

अब सिपाही चाहिँ साडी-ब्लाउज लाएर त्यहाँ बस्यो र यो केटो काँधमा बन्दूक बोकी बुढियाको घरमा आएर सुत्यो । बिचरा सिपाही रातभरि बदमासलाई कुर्दै बस्यो चौबाटोमा ।

जब मिरमिरे उज्यालो भयो, टोलछिमेककी आइमाईहरूले एउटी महिलालाई चोबाटोमा बसेको देखे । गएर कसैले घुम्टो हटाई हेर्दा ऊ त सिपाही पो रहेछ । राम्रे उपहास भयो सिपाहीको ।

खबर राजभवनमा पुग्यो । अब राजाले भने, 'यो चोर लरतरो तरिकाले पक्रिन्न ।'

राजाले फेरि कटुवाल कराउन लगाए ।

'भाइ रे, आज साँझ के केकरो बेटी पुतोह बाहर निकली त ओके गिरफ्तार कएल जाई ।'

सबकेहु अपना अपना घर में चेता देलक बेटीपुतोह के बाहर न निकले के ।

एने अब युवराज के मन में भेल, 'काहे न आज हमही चलु चोर के पकड़े ?'

राजा से कहलन, 'बाबुजी आज एह चोर के पकड़े के जिम्मा हमर भेल ।'

राजा कहलन, 'ठीक बा । बाँकिर तनिका होसियारी से !'

युवराज निकल गेलन चोर के पकड़े ।

एने जब रात के दू बजल त उ लइका जे बा से एगो लड़की के भेष में बीचे सड़क पर जाँत हलाके लागल कोदो दरे ।

युवराज जब ओ होके गुजरलन त बोललन डाँट के, 'हए ढीठ औरत, तोरा थाह नइखे शाही ऐलान ? पकड़वा के ले चलू ? काहे बाड़े कोदो दरइत एतना सबेरे ?'

ई औरत घोघ तान के दसु नौह जोड़ के खड़ा होगेल आ कहलक, 'सरकार, अपनही के तरफ से त काल्हु सँझिया मिलल ई कोदो बन में । अगर अभीन न दरम त फेर होत फजिरे त अपनही के सेवाटहलव में जाए के बा । लइकाफइका कथी निन्हपका के खाई ? अब सरकार के जे हुकुम !'

युवराज सोचलन, 'साँचो काल्ह कोदउवे बनिहारी बँटाएल । बेचारी ठीके कहइत बा ।'

युवराज चल गेलन फेर अपन रास्ता धएले चोर के पकड़े । कुछ देर में फेर ओही लङ अएलन । तौले ऊ औरत युवराज से बिलुख बिलुख के कहे लागल, 'सरकार, जेके अपने खोजइत बाड़ी ऊ त बड़ा बेइजता बदमास बा । कए बेर आके हमरा के बेइजत करे के कोसिस कर चुकल ।'

युवराज पुछलन, 'रे केने गेल ?'

'इहे नु चलल जाइता उत्तर मुहे ।'

'दाज्यूभाइ सबै सुनौं । आज साँझ कसैको घरबाट चेलीबेटी बाहिर निस्की भने उसलाई गिरफ्तार गरिने छ ।'

सबैले आ-आफ्ना घरमा चेलीबेटीलाई घरबाहिर ननिस्कन भनिहाले ।

यता अब युबराजले मनमनै भने, 'किन न आज म आफैँ जाउँ चोर पक्रन ?'

राजालाई भने, 'बुवा हजूर ! आज यस चोरलाई समाउने जिम्मा मेरो भयो ।'

राजाले भने, 'ठीक छ । तर अलि चनाखो भएस् ।'

युवराज निस्के चोर समात्न ।

यता जबा रातीको दुई के हानेथ्यो त्यो केटो एउटी केटीको भेषमा बीचै सडकमा जाँतो गाडेर कोदो पिन्न शुरु गऱ्यो ।

युवराज त्यहाँ आइपुग्दा हकारेर बोले, 'ए निडर आइमाई, तँलाई थाहा छैन शाही आदेश ? समाएर लग्नै पऱ्यो कि ? किन यति चाँडै कोदो पिनिरहेकी छ्यौ ?'

यी आइमाई घुम्टो तानेर दुबै हात जोडी उभी र भनी, 'सरकार, मौसूफकै तर्फबाट त हिजो साँझ पाइयो यो कोदो ज्यालामा । यदि यसबेला पिन्न सकिएन भने एका बिहानै त मौसूफ सेवाटहलमा जानु छ । केटकेटी के पकाएर खान्छन् सरकार ? अब मौसूफको जो हुकुम ।'

युवराजले सोचे, 'साँचै हिजो त कोदो नै ज्याला बाँडियो । बिचरी ठीकै भन्दैछे ।'

युवराज फेरि आफ्नो बाटो लागे चोर समात्न । केही बेर पछि फेरि त्यहीँ आइपुगे । अहिले त ती आइमाई युवराज बिलौना गरी गरी भन्न थालिन्, 'सरकार, जसलाई मौसूफले खोजिबक्सिँदैछ त्यो साऱ्है छट्टु बदमास रहेछ । कति पल्ट यहाँ आएर मलाई लछारपछार गर्न पनि खोजेछ त्यसले ।'

युवराजले सोधे, 'कता गयो त्यो ?'

'उ भरखरै उत्तरतिर लागेछ ।'

युवराज लगलन झटके उत्तर मुहे । धरेके एक डेङ त धरस दू डेङ । कुछ देर में फेर धुम के अएलन ।

'कहाँ बा ओने केनहु ?'

'का कहु सरकार ! अपने ओने गेली ह आ ऊ त देखल न जाव हेने पुरुब से आके फेर हमरा के बेइजत करेके कोसिस कएले रलखऽ ।'

अब युवराज के भी बुझाएल जे चोर त अब पकड़ाइए जाई । औरत से कहलन, 'तू दोसर कपड़ा पेन्ह के जो बर्तन माजे आ अपन कपड़ा हमरा के देदे । हमर कपड़ा लेले जो अपना घरे नुका के ध दिहे आ कवनों के कहिहे न । चोर पकड़ा जाई तब अपने सबकेहु के मालूम हो जाई ।'

ओह लइका के त इहे घड़ी के इन्तजार रहे । चट से कपडा बदल के आएल आ युवराज के अपन कपड़ा पेन्हा देलक । युवराज लगलन कोदो दरे आ लइका जा के बुढ़िया किहाँ सुत रहल ।

जब बिहान भेल त कवनों आदमी देखलक एगो जनी के कोदो दरइत बीच रास्ता पर । जब ऊ नज्दीक गेल त ई त रहस ओह नगर के युवराज जनानी के भेष में ।

धीरे धीरे बेरो उठगेल । लोग तमाशा देखेलागल । एने युवराज लाज का मारे मुड़ गाड़ के कोदो के दराई छोड़स न । बाद में लावालस्कर आएल, युवराज चलगेलन राजमहल में ।

कुछ दिन में फेर युवराज युवराज्ञी के बिदागिरी ला ससुरार गेलन । ओने नवयुवराज त सब हाल बताइए देले रहे । एमकी बेर बिदागिरी में कवनों आलटाल न भेल । युवराज्ञी आ नवयुवराज अपना नगर में चल अएलन ।

बाँकिर राजा के मन से चोर पकड़ेवाला बात बिसरल न । राजा फेर से डुगडुगिया पिटवा देलन, 'जे केहु ओह चोर के पकड़ के ले आई भा ऊ चोर अगर अपने आज १२ बजे तक ले सामने आ जाई त पकड़निहार भा ओह चोर के एक लाख रोपेया देल जाई ।'

युवराज झटपट उत्तरतर्फ लागे एक पाइलाको ठाउँमा दुई पाइला सार्दै । केही छिनपछि फेरि घुमेर आए ।

'कहाँ उता कतै पनि ?'

'के बिन्ती गरुँ सरकार ! मौसूफ उता सवारी होइबक्सियो र ऊ त हेरिबक्सियोस् न पूर्वबाट आएर फेरि मलाइ बेइज्जत गर्न खोज्दै थियो सरकार !'

अब युवराजलाई पनि यस्तो लाग्न थाल्यो चोर त निश्चय नै यहीँ पक्रिइन्छ । आइमाईलाई भने, 'तँ अर्कै लुगा लाएर गइहाल भाँडा माझ्न र आफ्नो लुगा मलाई दिइदे । मेरो पोशाक लिएर जा आफ्नो घरमा लुकाएर राखेस् र कसैलाई पनि न भनेस् । चोर पक्रिए पछि सबैलाई थाहा भई नै हाल्छ ।

त्यो केटोलाई त यसै क्षणको प्रतिक्षा थियो । तुरुन्तै लुगा फेरेर आयो र युवराजलाई आफ्नो लुगा लाइदियो । युवराज थाले कोदो पिन्न र केटो चाहिँ बुढीकहाँ गएर सुत्यो ।

अब मिरमिरे उज्यालो भयो, कसैले एउटी आइमाईलाई कोदो पिन्दै गरेको देख्यो त्यो पनि बीच बाटोमा । जब ऊ नजीक पुग्यो त त्यो कुनै अरु नभएर त्यस नगरका युवराज पो रहेछन् आइमाईको भेषमा ।

विस्तारै घाम पनि चढ्न थाल्यो । त्यहाँ त नगरबासीहरू तमाशा पो हेर्न लागेछन् । यता युवराज लाजले भुतुक्क भइ उधोमुन्टो लाएर कोदो पिन्दै नै रहे । पछि लावालस्कर आयो, युवराजको सवारी भयो राजभवनमा ।

केही दिनमा फेरि राजा युवराज्ञीलाई लिन ससुराली पुगे । उता नवयुवराज त सबै कुरो गरी नै सकेका थिए । यसपल्ट बिदाईमा कुनै ढिलाई भएन । युवराज्ञी आ युवराज अफ्नो नगरमा आइपुगे ।

तर राजाको मनबाट चोर पक्रिने कुरो चाहिँ गएन । राजाले फेरि कटुवाल कराउन लाए, 'जोसुकैले पनि उक्त चोरलाई समाएर ल्याउँछ वा चोर यदि आफैँ आज १२ बजे भित्र आफूलाई प्रकट गर्छ भने समाउने मान्छे वा चोरलाई एक लाख रुपैयाँ दिइने छ ।'

चोर के देखे ला समूचा नगरबासी लोग बेहाल रहे । बड़का मंच बनल । राजा-रानी, युवराज-युवराज्ञी मंच पर अएलन । जब १२ बजल त नवयुवराज अएलन मंच पर अपना आजा-आजी, बाप-मातारी के प्रणाम कके दसो नौह जोड़ के खड़ा होगेलन ।

अपना बाप मतारी के बीच में भेल परन के इयाद करवइत कहलन, 'हमरा अपने लोग के परेशान करेके कवनो नियत न रहे । बाँकिर एतना न कएला पर हमरा अपन बपहर छुटे के डर रहे । अब ई चोर अपने लोग के सामने बा । चाहे इनाम दिआओ भा सजाय । ई अपराधी भोगे ला तेयार बा ।'

राजा-रानी अपना पोता के उठाके गर से लगा लेनी । युवराज युवराज्ञी भी एक दोसरा के देख के मुस्काए लगलन ।

तमसगीर नगरबासी सब कहे लागल, 'बेटा होए त अइसन !'

(श्रोत : जगदीश चौधरी, बरेवा, ढाका थाना, पूर्वी चम्पारण, बिहार ।)

चोरलाई हेर्न पनि पूरै नगरबासी तँछाड-मछाड गरिरहेका थिए । अग्लो मञ्च बनाइए । राजा-रानी, युवराज-युवराज्ञी मञ्चमा आए । जब १२ बज्यो, नवयुवराज आए मञ्चमा । आफ्ना बाज्ये-बज्यै र बुवाआमालाई दण्डवत् गरे र दुवै हात जोडी सम्मुख उभिए ।

आफ्ना बुबाआमाको बीचमा भएको प्रणलाई सम्झाउँदै उनले भने, 'मौसूफहरूलाई दुःख दिनु मेरो कुनै नियत थिएन । तर यति नगरेको भए मैले आफ्नो पुर्ख्यौली राज्य र बुबा हजूरलाई पाउन सक्तिनथेँ कि ? अब यो चोर मौसूफहरूको सामु उभिएको छ । बक्सिस दिइबक्सियोस् वा दण्ड । यो अपराधी भोग्न तयार छ ।'

राजा-रानी आफ्ना नातीलाई उठाएर अङ्कमाल गर्दै म्वाइ खाए । युवराज र युवराज्ञी पनि एकअर्कातिर हेर्दै मुसुक्क हाँसे ।

रमिते नगरबासीले पनि भन्न थाले, 'छोरो होस् त यस्तो !'

(श्रोत : जगदीश चौधरी, बरेवा, ढाका थाना, पूर्वी चम्पारण, बिहार ।)

सेकसामी

एगो देश में एगो राजा रहे । ओकरा दूगो बेटा रहे । बेटा स त अबही लादाने रहे, बाँकिर ओह घड़ी लइकाइएँ में शादी होत रहे । एने राजारानी के उमीर भी खसन्ता हो गेल रहे ।

एक दिन राजा अपना मन्त्री से कहलन, 'ए मन्त्री, राजकुमार लोग डेङाडेङी चले लागल बा आ हमनियो के उमीर अब पाकल आम लेखा हो गेलबा । पता न, कब टभक जाए गाछ से । ओही से अब कहीं निमन घर आ कनिया देखके राजकुमार के शादी हो जाएके चाहीं ।'

मन्त्री अपन सचिव, राजपुरोहित आ कुछ सिपाही के लेके खर्चापानी बान्हके चल देलन लड़की खोजे । नगर से बाहर निकल के एगो पोखरा के आँट पर दम धरे लागल लोग ।

एने मन्त्री के नियत ठीक रहे ना । ऊ सचिव आ राजपुरोहित के लगे बोलाके कहलन, 'देखल जाओ सचिवजी आ पंडिजी, राजकुमारन के शादी लगपास में हो जाई त हमनी के कुछियो न मिली । ओही सुके राजकुमार के शादी दूरदराज के कवनों गाँव में क देल जाओ । दूनू राजकुमार के जवान होखे से पहिलही राजारानी मरजाई । समधियाना में खबर पहुँचे से पहिलही हमनी तीनु जने राजपाट बाँट लेवेके ।'

सलाह मिल गेल । मन्त्री अपन लावालस्कर सहित बहुत दूर सयो कोस दूर जा के दू गो अलग अलग राज में लड़की देखलन । ओनहु से लड़िका देखे के दिन दिआएल । दुनू ओर से देखासुनी भेल । दिन उतरल । दूनू राजकुमार लोग के शादी होगेल ।

दू बरिस का बाद राजा गुजर गेलन आ शोक सन्ताप से एक साल बाद रानियो गुजर गेलिन ।

दुनू आदमी के काजकिरिया त बहुत धूमधाम से भेल । बाँकिर रानी के काम सुधते मातर मन्त्री, सचिव आ राजपुरोहित के बैठक भेल । तीनू आदमी के एके मत रहल, राजकुमार लोग के पढ़ाई छोड़ा देवेके ।

सेकसामी

एकादेशमा एउटा राजा थिए । उनका दुइटा छोरा थिए । छोराहरू त अझै नाबालकै थिए, तर त्यसबेला केटाकेटी उमेरमै विवाह हुन्थ्यो । यता राजारानीको उमेर पनि खस्किसकेको थियो ।

एक दिन राजाले मन्त्रीलाई भने, 'ए मन्त्री, राजकुमारहरू अब पाइला सार्न लागेका छन् र हाम्रो उमेर पनि अब पाकेको आँप झैं भइसकेको छ । थाहा छैन कुन कुन बेला रुखबाट टप्किजाओस् । त्यसैले राम्रो घर र बेहुली खोजेर राजकुमारहरूको बिहे भइसक्नु पर्‍यो ।'

मन्त्री आफ्नो सचिव, राजपुरोहित र केही सिपाहीहरू सहित खर्च लिएर हिँडे केटी खोज्न । नगर बाहिर निस्केर उनीहरू एउटा पोखरीको किनारमा बसी थकाई मार्न लागे ।

यता मन्त्रीको नियत ठीक थिएन । उनी सचिव र राजपुरोहितलाई नजिकै बोलाएर भने, 'हेर्नोस् सचिवजी र पुरेत बाजे, राजकुमारहरूको विवाह नजकैका ठाउँमा भएको खण्डमा हामी केही पनि पाउँदैनौँ । त्यसैले राजकुमारहरूको विवाह टाढाको कुनै गउँमा गराइदिनु पर्‍यो । दुबै राजकुमारहरू हुर्किसक्नुभन्दा पहिलै राजारानीको मृत्यु हुन्छ । सम्धीहरूकहाँ खबर पुग्नु अगावै हामी तीनैजना राजपाट बाँडफाँड गरिहाल्नेछौं ।'

सल्लाह भयो । मन्त्री आफ्नो लावालस्कर सहित धेरै टाढा सयौँ कोस टाढा दुईटा फरक-फरक राज्यमा केटी हेरे । उताबाट पनि केटा हेर्नको लागि पनि साइत तोकियो । दुबैतिर बाट बेहुलाबेहुली हेरियो । विवाहको तिथी तय गरियो । राजकुमारहरूको विवाह भयो ।

दुईवर्ष पछाडि राजाको मृत्यु भयो र त्यसको एक वर्ष पछि रानी पनि शोक-सन्तापले स्वर्गे भइन् । दुबैजनाको काजकिरिया राजधर्म अनुसार राम्रैसँग गरियो । तर रानीको काजकिरिया सक्दै मन्त्री, सचिव र राजपुरोहितको बैठक बस्यो । तीनैजनाको एकमत रह्यो, राजकुमारहरूको पढाई छुटाइदिनका लागि ।

राजमहल में सभी दरबारिया लोग के आकस्मिक बैठक भेल । बैठक में राजपुरोहित कहलन, 'अभी राजभवन के शनिचरा दब बा । एह अवस्था में राजकुमार लोग के पढ़ाई कएल ठीक नइखे । ओह लोग के पढ़ाई जारी रहल त ओहलोग के जानो जा सकले । ओही से तत्काल ओह लोग के पढ़ाई रोक दिआओ । फेर जब स्थिति ठीक होई त ओह लोग के पढ़ावल जाई । तत्काल ओह लोग के कपड़ालाता, खानपीन आ रहनसहन सभी बदलल जरुरी बा ओहीलोग के सलामती खातिर ।'

सभी लोग सहमत हो गेल । राजकुमार लोग के स्कूल से पढ़ाई छोड़ा दिआएल । ओहलोग खातिर बकरी किना गइल चरावेके । अब ओहलोग के देहपर फाटल पुरान कपड़ा, बसिआ तेवसिआ खाना आ बकरी के चरवाही से दोस्ती होगेल ।

एने मन्त्री, सचिव आ राजपुरोहित के लइका लोग के राजशी खाना, राजशी पोशाक आ राजशी स्कूल में पढ़ाई चले लागल ।

जेतने दिन बिते, राजकुमार के जिनगी बेकार से बदतर बनते चल गेल ।

एकदिन दूनू राजकुमार बकरी लेके जङल में त गेल लोग, बाँकिर ओह दिन ई लोग बकरी के अनेरे छोड़ देलक आ चले लागल अनठेकानिए ।

जाइत जाइत उलोग तीन चार गो राज टप के कवनों नयाँ राज में पहुँचल ।

कचहरी लागल रहे । राजकुमारलोग कचहरी में पहुँचल । ओतहाँ के मन्त्री से एहलोग के भेंट हो गेल ।

राजकुमारलोग मन्त्री से कहलक, 'कवनों नोकरी मिली ?'

मन्त्री ओह लोग के बहुत गौर से देखलन । उनका मन में राजकुमार लोग के सुन्दर चेहरा से कुछ अनेसा जरुर हो गेल रहे कि कहीं ई लोग कवनों राज के राजकुमार न त बा लोग ।

तइयो ऊ राजकुमारन से कहलन, 'महाराज से एक बेर पुछेके परी । बिहान आवऽ'

बिहने फेर राजकुमार लोग मन्त्री से मिलल । ओह लोग के सइक के नोकरी मिलल ।

घोड़ा के घास गऱ्हेके, नहावेके, घुमावेके एहलोग के रोज के काम रहे ।

राजदरवारमा सबै भाइभारदारहरूको आकस्मिक बैठक बस्यो । बैठकमा राजपुरोहितले भने, 'अहिले राजदरबारलाई शनिको दशा छ । यस अवस्थामा राजकुमारहरूले पढाई गर्नु ठीक छैन । उहाँहरूको पढाई जारी रहेमा उहाँहरूको ज्यान पनि जान सक्छ । त्यसैले उहाँहरूको पढाई तत्काल रोक्नुपर्‍यो । फेरि जब स्थिति ठीक हुन्छ, उहाँहरूलाई पढाइनेछ । हाल केही समयको लागि उहाँहरूकै भलाइको लागि उहाँहरूको खानपीन, लाताकपडा र रहनसहन सबै बदल्नु जरुरी छ ।

सबै जना सहमत भए । स्कूलबाट राजकुमारहरूको पढाई छुटाइयो । उनीहरूका लागि बाख्रा किनियो चराउनको लागि । अब उनीहरूको जीऊमा च्यातिएका पुराना कपडा, बाँकी रहेको बासी-तेवासी भात र बाख्रा चराइसँग मित्रता गाँसियो ।

अर्कोतिर मन्त्री, सचिव र राजपुरोहितका सन्तानहरूका लागि राजशी खाना, राजशी पोशाक र राजशी स्कूलमा पढाई शुरु भयो ।

जति जति दिन बित्दै गयो राजकुमारहरूको जिन्दगी अझ कष्टकर हुँदै गयो ।

एकदिन दुबै राजकुमारहरू बाख्रा लिएर वनमा त गए तर त्यो दिन उनीहरू बाख्रालाई त्यसै छोडेर त्यसै बरालिँदै गए ।

जाँदा-जाँदै उनीहरू तीन-चारवटा राज्यहरू कटेर कुनै नयाँ राज्यमा पुगे ।

राजाको इजलास चल्दै थियो । राजकुमारहरू न्यायालय पुगे । त्यहाँ यिनीहरूको भेंट त्यहाँको मन्त्रीसँग भयो ।

राजकुमारहरूले मन्त्रीलाई भने, 'कुनै नोकरी पाइन्छ ?'

मन्त्रीले उनीहरूलाई साऱ्है ध्यान दिएर हेरे । राजकुमारहरूको व्यक्तित्वले मन्त्रीको मनमा यिनीहरू कहींका राजकुमार त होइनन् भन्ने शङ्का अवश्य उब्जायो ।

तैपनि मन्त्रीले राजकुमारहरूसँग भने, 'महाराजसँग सोध्नुपर्छ । भोलि आऊ ।

भोलिपल्ट राजकुमारहरू फेरी मन्त्रीलाई भेटें । उनीहरूले सइसको नोकरी पाए । घोडाको लागि घास काटनु, नुहाउनु, घुमाउनु यिनीहरूको दैनिक काम थियो ।

रहते रहते पड़ोस में एगो परिवार से ओह लोग के जानपहचान बढ़ गेल ।

एक दिन बड़का राजकुमार घोड़ा चरावे चल गेल । छोटका ओही घर में तनिका देर रुक गेल । घरवाला के भइया भइया कहे । ओही सुके उनका घरवाली के भउजी कहत कुछ मजाक करेके चाहलक ।

ऊ लड़की बोल पड़ल,.ल, 'तू हमरा से मजाक कइले बाड़ऽ । रह साँझ के तोहरा भइया से कहिले ।'

छोटका राजकुमार मतखाह होके चल गइल अपन डेरा में आ भुकुर भुकुर लागल रोए ।

साँझ के बड़का राजकुमार आएल । भाइ के मतखाह देख के पुछलक का भेल । नन्हका राजकुमार सब बृतान्त कह के सुना देलक ।

बड़का राजकुमार गेल ओह लड़की से पुछलक, 'का बात ह ? छोटका कुछ भलाबुरा त ना कहलक ह ? अगर ओइसन कुछ भेल ह त हम ओकरा ओर से माफी मङइत बाड़ी ।'

ऊ लड़की कहलक, 'तू हमरा के नइख चिन्हत । हमर नइहर तोहरे नगर में बा । तोहनी राजकुमार बाड़ऽ से हमरा मालूम बा । तोहनी के मन्त्री, सचिव आ राजपुरोहित के मिलीभगत से तोहनी एतना दुःख कष्ट भोगइत बाड़ऽ । तोहनी दूनू जने के शादी हो गेल बा एही लङ के रामनगर आ हरिनगर में ।'

अब बड़का राजकुमार आएल भाई लगे । सारा बाताकहानी भइल । दूनू आदमी सोचे लागल, 'अगर ससुरारो जाऊ त हमनी के कवनों रङढङ के कपड़ो नइखे । लोग चिन्ही कइसे ?'

बिहने बड़का राजकुमार गेल कचहरी में । राज बिराजमान रहस । ऊ राजा से कहलक्, 'महाराज, जान बकस पइती त एगो अर्जी करती !'

राजा कहलन्, 'कहऽ का बात बा ?'

राजकुमार कहलक, 'सरकार ! हमरा कुछ दिन खातिर राउर बिन्दल घोड़ा, राजवाड़ी पोसाक आ बगल में राजवाड़ी तेगा चाहीं ।'

बस्दा-बस्दै छिमेकमा एउटा परिवारसँग यिनीहरूको चिन्हजान बढ्द्र गयो ।

एकदिन जेठा राजकुमार घोडा चराउन गए । कान्छा चाहिँ त्यही घरमा एक छिन रोकिए । राजकुमारहरूले हरवालाई दाई-दाई भनेर बोलाउँथे । त्यसैले उनी उनको पत्नीलाई भाउजु भन्दै केही मजाक गर्न खोजे ।

ती गृहिणीले भनिन्, 'तिमी मसँग मजाक गर्छौ ! पख बेलुकी तिम्रो दाइलाई भन्छु ।'

कान्छा राजकुमार निराश भई घर गए र सुँक-सुँक गर्दै रुन लागे ।

साँझपख जेठा राजकुमार आए । भाईलाई निराश देखी सोधे, के भयो । कान्छा राजकुमार सारा वृत्तान्त भनेर सुनाइदिए ।

जेठा राजकुमार गएर गृहिणीलाई सोधे, के कुरा हो ? भाइले केही त्यस्तो नराम्रो त भनेन ? यदि त्यस्तो केही छ भने उसको तर्फबाट म माफी माग्दछु ।

ती महिलाले भनिन्, 'तिमी मलाई चिनिरहेका छैनौ । मेरो माइत तिम्रै नगरमा छ । तिमीहरू राजकुमार हौ त्यो मलाई थाहा छ । तिमीहरूको मन्त्री, सचिव र राजपुरोहितको आपसी मिलेमतोले गर्दा तिमीहरूले यति दुःख कष्ट भोग्नुपरेको छ । तिमीहरू दुबैजनाको विवाह भइसकेको हो यहीं नजीकैको रामनगर र हरिनगरमा ।'

जेठा राजकुमार भाईकहाँ आए । विस्तारमा कुराकानी भयो । दुवैजना सोच्न लागे, 'यदि ससुराली नै जाऔँ भने पनि हाम्रो जीऊमा रङ्गढङ्गको कपडा पनि छैन । त्यहाँ मानिसहरूले हामीलाई चिन्लान् पनि कसरी ?'

भालिपल्ट जेठा राजकुमार पुगे राजन्यायालयमा । राजा विराजमान थिए । उनले राजाकहाँ बिन्ती बिसाए, 'महाराज जीऊज्यान बक्स भए एउटा अर्जी चढाउँथे ।

राजाले भने, 'भन, के छ त्यस्तो कुरा ?'

राजकुमारले भने, 'सरकार केही दिनको लागि हजूरको बिन्दल घोडा, राजशी पोशाक र कम्मरमा भिर्न राजखड्ग चाहियो ।'

राजा कहलन, 'ठीक बा । तू तेयार होके आवऽ मिल जाई ।'

अब बिहने राजवाड़ी ठाठ में बड़का राजकुमार घोड़ा पर सवार होगेल ।

नन्हका राजकुमार रास रोक के खड़ा हो गेल ।

बड़का राजकुमार पुछलक, 'काहे ?'

नन्हका कहलक, 'राजकुमार बनके तू जाइत त बाड़, बाँकिर जहाँ उतरबऽ उहाँ एगो सइस त चाहीं । ओही से हमर बात मानऽ हमरो के ले चलऽ । जवले हमनी जात्रा पर रहब, तू राजकुमार आ हम तोहर सइस बन के रहम ।'

दूनू भाइए अब चल देलक जात्रा पर ।

जाइत जाइत जाइत जाइत पुगल राजा के दरबार में साँझ के ।

सब लोग कहे लागल, 'राजा के दामाद अएलन ! राजा के दामाद अएलन !!'

बड़का राजकुमार घोड़ा पर से उतर गेल आ छोटका राजकुमार घोड़ा लेके चल गेल घुमावे ।

घुमाफिरा के पोँछपाँछ के ले आएल घोड़ा के । लोग कहलक बाहरे बान्ह देवेके । बाँकिर ऊ लोग से पुछलक, 'राजा के घोड़ा कहाँ बन्हाले ?'

लोग कहलक, 'घोड़सार में ।'

'त इहो घोड़ा ओतही बन्हाई ।'

'ठीक बा । ओतहीए बान्ह द ।'

घोड़ा बान्ह के सइस कहलक, 'हम अब जाएब पैखाना करे । केने ठीक रही ?'

लोग बता देलक, 'उत्तर ओरी केरवानी बा आ दखिन ओरी बाँसवारी बा । विचार अपन, जेने जा ।'

सइस लोटा में पानी लेके चल गेल केरवानी ओरी । देखलक एगो बड़ा निमन केरा के थम रहे बाँकिर फरल न रहे । ओकरे आड़ में ऊ पैखाना कयलक आ पैखान कएला के

राजाले भने, 'ठीक छ । तिमी तयार भएर आऊ, पाइन्छ ।'

भोलिपल्ट राजशी पोशाकमा जेठा राजकुमार घोडामा सवार भए ।

कान्छा राजकुमार घोडाको लगाम रोकी उभे ।

जेठाले सोधे, 'किन ?'

कान्छोले भने, 'तपाईं राजकुमार भएर जाँदै हुनुहुन्छ, तर जहाँ ओर्लिनुहुन्छ त्यहाँ एक जना सइस त चाहिन्छ । त्यसैले मेरो कुरा मान्नुस् मलाई पनि सँगै लानुस् । जबसम्म हामी यात्रामा रहन्छौ, तपाईं राजकुमार र म तपाईंको सइस बनेर बस्छु ।'

दुबै दाजुभाइ हिँडे यात्रामा ।

जाँदा-जाँदै जाँदा-जाँदै पुगे गएर रामनगर राजदरबारमा साँझपख ।

चारैतिर चर्चा चल्यो, 'राजाका ज्वाईं आए ! राजाका ज्वाईं आए ! !'

जेठा राजकुमार घोडाबाट ओर्ले र कान्छा घोडा लिएर निस्के घुमाउन ।

घुमाइ-फिराइ गरेर ल्याए घोडालाई । मानिसहरूले घोडालाई बाहिरै बाँध्न भने । तर उनले मानिसहरूलाई सोधे 'राजाको घोडा कहाँ बाँधिन्छ ?'

मानिसहरूले भने 'तबेलामा ।'

'त्यसो भए यो घोडा पनि तबेलामै बाँधिएला ।'

'ठीक छ त्यहीँ बाँध ।'

घोडा बाँधेर सइसले भने, 'म अब दिसा बस्न जान्छु । कतातिर ठीक होला ?'

मानिसहरूले भने, 'उत्तरतिर केराबारी छ र दक्षिणतिर बाँसबारी । विचार आफ्नो, जतातिर जाऊ ।'

सइस लोटामा पानी लिएर गयो केराबारी तर्फ । हेऱ्यो, एउटा साऱ्है राम्रो केराको बोट थियो फलेको थिएन । त्यही बोटको ओतमा ऊ दिसा बस्यो र दिसा बसिसके पछि

बाद थमवा के काट के गिरो देलक आ राजमहल लौट आएल । हाँथ गोड़ धोलक, कुलागलाली कएलक । नोकर के हैसियत अनुसार खाना आएल । खाना खएलक ।

ओने राजकुमार के राजमहल में भीतर बोलावल गेल । बारहो बिजन छत्तीसो प्रकार तेयार भेल । राजकुमार भोजन कएलन । गेलन अपना सयन कक्ष में । राजकुमारी लगलिन उनकर सेवा बरदास करे ।

एने सइस फेर लोटा में पानी लेके गेल पैखाना करे । अबकी बेर जवन थम के पहिले ई काट के गिराके आएल रहे, ओह थम में से अपना बराबर के काट के लेआएल घोड़सार में । केरा के थम एक ओर राख देलक आ जगले फोंफ काट काट के सुत रहल अपना बिछौना पर ।

ओने राजमहल में जब राजकुमार के देह जाँते लागल राजकुमारी तरह तरह के तेल आ अतर के हाँथे । थकावट त रहले रहे । राजकुमार तुरन्ते सुत रहलन । जब राजकुमार लगलन फोंफ काटे त राजकुमारी समूचा खाना में एगो छिपा में ध के दरबार के बाइसो गेट खोल के निकल लिन बाहर ।

एने सइस के थाह लाग गेल । काहे कि ई त सुते के बहाना मात्र कएले रहे ।

राजकुमारी बिजन लेले पहुँचलिन घोड़सार में अपन सइस का लगे । एने छोटका राजकुमार फोंफ कटते कटते देखे लागल जे का किसकारी चल रहल बा ।

राजा के सइस जइसही देखलक राजकुमारी के अपना लगे आएल, हुमचा कोड़ा मारलक पीठ पर आ पुछलक डाँट के, 'आज हमरा खाना में देरी काहे ?'

राजकुमारी कहली, 'माफ करऽ आज हमर पति राजकुमार आएल बाड़न । उनकरे खातिर बात करते करते देर हो गेल ह । उनका के सुता के अबगे अवइत बाड़ी ।'

एतना सुनते सइस ताबड़ तोड़ चार-पाँच कोड़ा फेर घिँचलक आ पुछलक, 'ए भोँसड़ी तू हमर कि ओकर ?'

'न हजूर, हम अपनही के बाड़ी ।'

केराको बोटलाई काटेर ढालिदियो र राजदरबार फर्क्यो । हातखुट्टा धोयो, मुख कुल्ला गऱ्यो । नोकरको हैसियत अनुसार खाना आयो । खाना खायो ।

उता राजकुमारलाई राजदरबारमा भित्रै बोलाइयो । बाऱ्है व्यञ्जन र छत्तीसै प्रकार तयार भयो । राजकुमारले ज्युनार गरे । गए आफ्ना सयन कक्षमा । राजकुमारी लागिन उनको सेवा सुश्रूषा गर्न ।

यता सइस फेरि लोटामा पानी दिसा बस्न निस्क्यो । यसपाली जुन केराको बोट उसले ढालेर आएको थियो त्यसबाट आफ्नै बराबरको लामो भाग काटेर तबेलामा ल्यायो । केराको बोट एकातर राख्यो र ननिदाइकनै घरेर पल्टी रह्यो आफ्नो ओछ्यानमा ।

उता दरबारभित्र जब राजकुमारको जीऊ थिच्न लागिन् राजकुमारी थरि थरिका तेल र अत्तरसँगै । थाकाई त छँदै थियो । राजकुमार तुरन्तै निदाइहाले । जब राजकुमार घुर्न शुरु गरे, राजकुमारी खानाका सबै प्रकार एउटा थालमा राखेर दरबारका बाइसै ढोका खोली बाहिर निस्की ।

यता सइसलाई यो कुरा थाहा भइसक्यो । किनकि उसले सुतेको स्वांग मात्रै पारेको थियो ।
राजकुमारी खानेकुरा लिई पुगिन् तबेलामा आफ्नो सइसनेर । यता कान्छा राजकुमार घरेको स्वाङ पार्दै हेरिबस्यो त्यहाँ के के भइरहेको थियो ।

राजाको सइसले राजकुमारीलाई आफू नजिक आएको देख्ने बितिकै एक कोर्रा कम्मरमा हानेर सोध्यो, 'आज मेरो खाना ल्याउन ढीलो किन भयो ?'

राजकुमारीले भनिन्, 'माफ गर, आज मेरो पति राजकुमार आउनुभएको छ । उहाँकै सेवा सुश्रूषा गर्दै अलि ढीलो भयो । उहाँलाई सुताएर आउँदैछु ।'

यति सुन्ने बित्तिकै सइसले फेरि ४-५ कोर्रा हान्यो र फेरि सोध्यो, 'ए राँडी, तँ मेरी कि उसकी ?'

'हैन हजूर म हजूरकै हूँ ।'

'अगर साँचो के तू हमर बाड़े त अबहिने एगो काम कर तू ।'

'कथी ?'

'हई तेगा ले आ जो अपना बिअहुआ के सिर काट के लेआ । तबहिए जानम कि तू हमर बाड़े ।'

एकनी दूनू जने में ई बाता कहानी होते रहे कि छोटका राजकुमार गँवेसिना जा के केरा के थम अपना जगे पर गिरा के ध देलक आ अपन चदरा उपर से ओढ़ा देलक । दरबार के दुआर सब त खुलले रहे सरासर पहुँच गेल भाइ के सेज का लगे । ओतहाँ एगो अलमारी रहे । ओकरे आड़ में जा के छोटका राजकुमार खड़ा होगेल ।

एने राजकुमारी तेगा लेके चलल अपना बिअहुआ के सिर काटे । जइसही राजकुमारी राजकुमार के मुह उघार के तेगा चलावे के चाहलक, छोटका राजकुमार एकरा हाँथ से पछड़ुड़िए झपट के तेगा छिन के मारलक छरपान बाहर चल आएल आ तेगा एगो भुँसउली में भुँसा का तरे नुका देलक । आके अपना जगह पर सुत रहल ।

ओने राजकुमारी तेगा खोज के हरान । चारु ओर खोजे तेगा मिलबे न करे ।

बाद में हार मान के राजकुमारी राजकुमार का सङे सुत रहल पलङ पर ।

बिहान भेल । राजकुमार के नीन टुटल । पर पैखाना के बेर भेल । लोग कहलक शौचालय में जाएला । बाँकिर राजकुमार न मनलन । इनका त अपना भाइओ से भेंट करेके रहे ।

एगो नोकर लोटा में पानी लेके सङे सङे निकलल राजकुमार के झाँड़ा फिरावे ।

जब दुआर पर आएल त झट से छोटका भाई लोटा छिनलेलक नोकर के हाँथ से आ कहलक, 'आज तक ले हम अपना मालिक के अपने झाँड़ा फिरावे ले जाइले । हम अपने लेके जाइतबाड़ी ।'

दुनु भाइए अगाड़ि पछाड़ि गेल पैखाना करे । छोटका भाई पोखरा के आँट पर बइठ के रास्ता देखे लागल आ बड़का चल गेल लोटा लेके पैखाना करे ।

'यदि साँच्चिकै तँ मेरै छेस् भने तुरुन्तै एउटा काम गर् ।'

'के ?'

यो खड्ग ले र जा, आफ्नो श्रीमान्को टाउको छिनालेर ल्या । अनि मात्रै म तँलाई आफ्नो मान्नेछु ।'

यी दुवैजना बीच यी कुरा चल्दै थियो कि कान्छा राजकुमार बिस्तारै गएर केराको बोट आफ्नो ठाउँमा खाटमा सुताएर आफ्नो बरकोले छोपिदियो । दरबारका सबै ढोका त खुल्लै थियो, सरासर दौडिँदै पुग्यो दाईको ओछ्यानमेर । त्यहाँ एउटा दराज थियो । त्यसैको ओतमा राजकुमार उभिरह्यो ।

यता राजकुमारी खडग लिएर हिँडिन् आफ्नो श्रीमान्को टाउको काट्न । राजकुमारीले राजकुमारको मुख उघारेर खड्ग चलाउन के चाहेकी थिई, कान्छा राजकुमारले उनको हातबाट पछिल्तिर बाट लप्केर खड्ग खोसिहाले र कुद्दै बाहिर आएर एउटा गोठमा राखिएको भुसमा लुकाइहाले । अनि फेरि आफ्नै ठाउँमा आई सुतिहाले ।

उता राजकुमारी खड्ग खोज्दै हैरान । चारैतिर खोज्थिन् तर खड्ग त काहीं पनि फेला न पर्ने ।

पछि हार खाएर राजकुमारी राजकुमारसँगै सुतिहालिन् खाटमा ।

मिरमिरे उज्यालो भयो । राजकुमार निद्राबाट उठे । दिसा जाने समय भयो । सुसारेले शौचालय जान भनी । तर राजकुमार मानेनन् । उनलाई त आफ्नो भाइसँग पनि भेट्नु थियो ।

एउटा नोकर लोटामा पानी लिएर निस्क्यो सँगसँगै राजकुमारलाई दिसा गराउन ।

जब दैलोमा आयो, कान्छोले लपक्क अगाडि आएर लोटा खोसिहाल्यो नोकरको हातबाट र भन्यो, 'आजसम्म म आफ्नो मालिकलाई आफैँ दिसा बसाउने गरेको छु । आज पनि आफैँ लान्छु ।'

दुबै दाइभाइ अघिपछि हिँडे दिसा गर्न । कान्छो चाहिं पोखरीको डीलमा बसेर बाटो हेर्न लाग्यो र जेठा चाहिं लोटा लिएर गए दिसा बस्न ।

तौले ओतहाँ के मन्त्री, सचिव आ राजपुरोहित आएल ओही आँट पर राजकुमार के पैंड़ा जोहइत ।

एह तीनू आदमी के देखते मातर छोटका राजकुमार तीन बेर कहलक, 'हाँ ! हाँ ! हाँ !'

मन्त्री पुछ पड़लन, 'हए सइस तू हमनी के देखते हाँ हाँ काहे करे लगले ह ?'

सइस कहलक, 'का कहु ? इहाँ के राजा के बेटी बे लगाम बा । दोसरा के बात कवन बा ?'

एतना सुनते सइस के बान्ह के लोग ले आएल आ हाजत में बन क देलक ।

ओने राजकुमार पैखाना सुधाके आएल देखलक भाई नइखे । सिपाही लोग बतएलक हाल जे रहे से ।

दस बजल, राजा के कचहरी लागल । राजकुमार के सइस के पहिला मोकदमा परल ।

'कारन का ह जे हमरा सइस के लोग हाजत में बन कएले बा ?'

मन्त्री कहलक एगो सिपाही के सइस के लेआवेके ।

छने भर में सइस के सीना चढ़ाके बन्हले सिपाही सब लेआएल ।

राजा पुछलन सइस से, 'बात का ह ? काहे लोग तोहे बन्हले बा ?'

फेर सइस उहे बात दोहरएलक, 'जहाँ के राजा के बेटी बेलगाम बा उहाँ हम का कहु । कुछ कहले व्यर्थ बा ।'

बात सुन के रजो नाराज हो गेलन । तुरन्त फँसिआरा के बोलवएलन आ आदेश देदेलन ओह सइस के फाँसी देदेवेके ।

जब फँसिअरवा गाछी लगे पहुँचल तौले ओही पैंड़े एगो लड़की अपना घरे से कोहनाएल भागल अवइत रहे ।

दूनू फँसिआरा आ राजकुमार के देखके पुछलक फँसियारा से, 'तनिके सा हमरा के एह लइका से बतियाए द त फाँसी दिह लोगन ।'

यत्तिकैमा त्यहाँको मन्त्री, सचिव र राजपुरोहित आए उही डीलमा राजकुमारलाई पछ्याउँदै ।

यी तीनैजनालाई देख्ने बित्तिकै कान्छा राजकुमार ले तीनचोटी, 'हाँ ! हाँ ! हाँ !' गरे ।

मन्त्रीले सोधिहाले, 'ए सइस, तिमी हामीलाई यहाँ देख्ने बित्तिकै हाँ हाँ किन गरेको ?'

सइसले भन्यो, 'के भनूँ ? यहाँको राजा र राजकी छोरीको त इज्जत छैन । अरुको त के कुरा गरुँ ?'

यति सुन्ने बित्तिकै सइसलाई पाता फर्काएर ल्याए र थुनामा हालिदिए ।

उता राजकुमार दिसा सिध्याएर आए, हेर्छन् भाइ छैन । सिपाहीहरूले बताइदिए के भएको थियो ।

दस बज्यो, राजाको इजलास शुरु भयो । राजकुमारको सइसको पहिलो मुद्दा आयो ।

'के कति कारणले मेरो सइसलाई यहाँ थुनामा राखिएको छ ?'

मन्त्रीले एउटा सिपाहीलाई आदेश दिए सइसलाई त्यहाँ ल्याउनको लागि ।

एक छिनमै सइसलाई पाता फर्काउँदै सिपाहीहरूले ल्याए ।

राजाले सइसलाई सोधे, 'के पऱ्यो त्यस्तो ? किन तिमीलाई बाँधेका छन् यिनीहरू ?'

फेरि सइसले त्यही कुरा दोहोऱ्यायो, 'जहाँको राजाकी छोरीको इज्जत छैन त्यहाँ म के भनूँ ? केही कुरा भन्नु नै व्यर्थ छ ।'

कुरा सुनेर राजा पनि रिसाए । तुरुन्त जलादलाई बोलाएर आदेश दिए सइसलाई फाँसी दिन ।

जब उनीहरू फाँसी दिने रुख नेर पुगे त्यही बाटो एउटी युवती आफ्नो घरबाट रिसाएर भाग्दै आई ।

दुबै जलाद र राजकुमारलाई देखेपछि सोधिन् जलादलाई, 'यो ठीटोसँग एक छिन मलाई कुरा गर्न दिनोस् अनि फाँसी दिनुहोला ।'

जब ऊ लड़की एकान्त में लइका से पुछलक त राजकुमारो जे रहे से सोरहो आना साँच बात बता देलक ।

लड़की के गर में नौलाखा हार रहे । हार निकाल के ऊ फँसियारा सब के देलक आ कहलक, 'जमा दुघंटा के हम मोहलत मङइत बाड़ी । ई हारो तोहनीए के होई आ दु घंटा में एह लइका के फँसिओ लटका दिह ।'

फँसिअरो लोग बात मान गेल ।

ऊ लड़की दउरत दउरत आएल राजा के कचहरी में । राजा से कहलक, 'अन्याय भेल महाराज !'

राजा डाँट के पुछलन, 'कहाँ अन्याय भेल ? बता खोल के ।'

'हजूर, कवनों के हरसटे फाँसी ननू देवेके चाहीं । बाँकिर अपने के कचहरी में ओइसही भेल बा । ई अन्याय न त आउर कथी ह ?'

'केकरा विषय में तू बुझउवल बुझवइत बाड़े ? कह खोल के ।'

'सरकार, जवना सइस के अपने अभीन फाँसी देवेला फँसिआरा सब के भेजले बाड़ी, कम से कम ओह सइस से कुछ पुछली ह सफाई में ? एकतर्फीए बात सुन के भेजदेली ह फाँसी पर ।'

एतना सुनते राजा फेर एगो जीप लेके भजल सिपाही लोग के, 'जल्दी जो आ लेआ सइस के लौटाके अगर फाँसी नइखे परल त ।'

ले आएल सिपाही सब फँसिआरा आ सइस के फेर से दरबार में ।

राजा सइस से पुछलन, 'तू एगो नोकर चाकर होके अइसन उबान बात काहे बोलले ? एकर ओजह बताव । अगर तोहर बात साँच होई त तोहरा फाँसी के बदले हम इनाम देहम ।'

सइस कहलक, 'सरकार, एह नगर में जे सब से बुढ़ होखे उनका के बोलावल जाओ । तब हम अपन बात कहब खोलके ।'

जब ती युवतीले ठीटोलाई एकान्तमा सोधिन्, राजकुमारले पनि जे जति थियो सोऱ्है आना सत्यकुरा बताइदिए ।

युवतीको गलामा नौलाखा हार थियो । हार झिकेर ऊ जलादहरूलाई दिई र भनी, 'म जम्मा दुई घण्टाको समय माग्दछु । यो हार पनि तपाईंहरूकै हुन्छ र दुई घण्टा पछि यो ठीटोलाई फाँसी दिई झुण्ड्याइदिनु होला ।'

जलादहरूले पनि कुरो माने ।

युवती दगुर्दै आई राजाको इजलासमा । राजासँग भनिन्, 'अन्याय भयो महाराज !'

राजाले हकारेर सोधे, 'कहाँ अन्याय भयो ? खुलाएर बताऊ ।'

'हजूर, कसैलाई एक्कासी फाँसी त दिने होइन नि । तर हजूरको इजलासमा त्यस्तै भएको छ । यो अन्याय नभए अरु के हो ?'

'कसको विषयमा तँ गाउँखाने कथा भन्दैछेस् ? खुलाएर भन् ।'

'सरकार, जुन सइसलाई मौसूफले अहिले फाँसी दिन पठाइबक्सेको छ जलादहरूलाई, कम्तीमा त्यस सइससँग केही सोधिबक्सेको छ सफाईमा ? एकतर्फी कुरा सुनेर नै पठाइबक्सेको छ फाँसी दिन ।'

यति कुरा सुन्ने बित्तिकै राजाले फेरि एउटा जीप लिएर पठाए सिपाहीहरूलाई, 'तुरुन्त जाऊ र ल्याऊ त्यो सइसलाई फर्काएर यदि झुण्ड्याइएको छैन भने ।'

ल्याए सिपाहीहरूले फाँसी दिनेहरु र सइसलाई फेरि दरबारमा ।

राजाले सइसलाई सोधे, 'तँ एकजना नोकर चाकर भएर यस्तो अपशब्द किन बोलिस् ? यसको कारण बता । यदि तेरो कुरो साँचो हो भने तँलाई फाँसीको बदला पुरस्कार दिइने छ ।'

सइसले भने, 'सरकार, यो नगरमा जो सबैभन्दा बयोवृद्ध हुनुहुन्छ वहाँलाई बोलाइयोस् । अनि म आफ्नो कुरा खुलाएर भन्छु ।'

तुरन्ते एगो सय बरिस के बुढ़िया के खोजवा के मङवावल गेल ।

सइस फेर कहलक, 'सरकार, राजरबार से लेके बइठका तक ले कपरकोट गिरवावल जाओ ।'

कपरकोट गिरल ।

सइस बुढ़िया से कहलक, 'गे दाई, तू हमरा ला झुठ न बोलिहे । साँच बोल देबे त हमर काम चल जाई । पाछे हम मरिओ जाएम त गम नइखे ।' फेर राजा से कहलक, 'सरकार, राजकुमारी के कपरकोट में बोलावल जाओ ।'

राजकुमारी के कपरकोट में मङावल गेल ।

सइस बुढ़िया से कहलक, 'दाई, जा के देख त इनका पीठ पर दाग बा कि न ?'

बुढ़िया देख के कहलक, 'सरकार, राजकुमारी के पीठ पर दूगो मोट आ लमहर दाग बा । बुझाइता इनका के केहु कोड़ा से मरले होखे ।'

एतने में सइस फेर कहलक, 'हमरा के एगो सिपाही का सङे हऊ भुँसउलिआ तक ले भेजल जाओ, एगो आउरी परवान लेके अवइत बाड़ी ।'

सिपाही का सङे सइस गेल भुँसउली में आ उहाँ नुकावल तेगा उठा के लेआएल ।

सइस कहलक, 'पुछल जाओ अपना राजकुमारी से आ सइस से । राजकुमारी के इहे सइस कोड़ा से मरले बा ।'

राजा कहलन, 'काहे ?'

राजा के सामने सइस डर का मारे सारा बात पल भर में उगिल देलक ।

छोटका राजकुमार फेर बोलल, 'अब राजकुमारी से पुछल जाओ । ई तेगा केकर ह आ एह तेगा से ऊ केकरा के मारे गेल रहलिन ?'

राजकुमारिओ जे साँच साँच बात रहे से बता देलिन कचहरी में ।

राजा अपन फँसिला सुना देलन ।

तुरुन्तै एकजना सय वर्षकी बुढीलाई खोजी झिकाइयो ।

सइसले फेरि भन्यो, 'सरकार, राजदरबारदेखि बैठककोठासम्म शिविर लगाइयोस् ।'

शिविर लगाइयो ।

सइसले बुढीलाई भन्यो, 'बुढी आम्मै, तपाईं मेरोलागि झूटो न बोल्नुहोला । साँचो बोल्नुभो भने मेरो काम बनिहाल्छ । पछि म मरे पनि मलाई कुनै पछुतो हुने छैन ।' फेरि राजासँग भन्यो, 'सरकार, राजकुमारीलाई शिविरमा बोलाइयोस् ।'

राजकुमारीलाई शिविरमा बोलाइयो ।

सइसले बुढीलाई भन्यो, 'बुढी आम्मै, गई हेर्नुस् त, यहाँको पिठ्युमा डाम छ कि नाई ?'

बुढीले देखेर भनी, 'सरकार, राजकुमारीको पिठ्युमा दईवटा बाक्लो र लामो डाम छन् । यस्तो बुझिन्छ यहाँलाई कसैले कोर्राले हिर्काएको होस् ।'

यत्तिकैमा सइसले फेरि भन्यो, 'मलाई एकजना सिपाहीसँग ऊ त्यो गोठसम्म पठाइबक्सियोस्, एउटा अरु प्रमाण पनि लिएर आउँछु ।'

सिपाहीसँग सइस गयो त्यो गोठमा र त्यहाँ लुकाइराखेको खड्ग उठाएर ल्यायो ।

सइसले भन्यो, 'सोध्नी होस् आफ्नो राजकुमारीसँग र सइससँग । राजकुमारीलाई यही सइसले कोर्राले हानेको छ ।'

राजाले सोधे, 'किन ?'

राजाको सामु सइसले डरले थुर थुर काम्दै सम्पूर्ण कुरो केही छिनमै ओकलेर बताइदियो ।
कान्छा राजकुमारले फेरि भने, 'अब राजकुमारीलाई फेरि सोधिबक्सियोस् । यो खड्ग कसको हो र यस खड्गले मौसूफ कसलाई मार्न खोजिबक्सेको थियो ?'

राजकुमारीले पनि सत्य साँचो जे थियो इजलासमा बताइ दिइन् ।

राजाले आफ्नो फैसला सुनाइदिए ।

राजकुमारी आ सइस के तरहरा खन के गाड़ दिआएल । फँसिला में मदत करेवाली लड़की के हार लौटा दिआएल आ एगो दोसर हार इनामो दिआएल । दुनू भाई राजकुमार ओतहाँ से घोड़ा जोतलन चल देलन फेर से कवनों देश का ओर ।

जब राजा के नगर से बाहर निकलल त ऊ लड़की दूनू भाई से कहलक, 'देखऽ, हम त अपन बापमतारी के मुँह तुर के घर से निकल गेल बाड़ी । तोहनी में से एगोड़े हमरा से शादी करऽ, न त हम अपन परान हत लेम ।

बड़का राजकुमार छोटका के ओर ईसारा करइत कहलन शादी करे ला ।

छोटका कहलख, 'हम शादी क लेब त तोहर घर अङना सब रोका जाई । तू शादी करबऽ त हमनी दुनू भाई ला निमन रही । ओइसहु तोहरे मेहरारु मारल गेल बा । हमर त अबही पता लगावे के बाँकिए बा ।'

बड़का राजकुमार ओह लड़की से शादी कलेलन एगो मन्दिर में आ चल अएलन पुरनका राजा किहँ जहाँ दुनू भाई नोकरी करइत रहस । आके सारा हालबात सुनएलन आ अपन पूरा परिचय देलन ।

एह राजा के मदत से अपना राज पर चढ़ाई कएलक लोग । मन्त्री, सचिव आ राजपुरोहित मारल गेल । फेर से एह लोग के राज भेल ।

कुछ दिन के बाद छोटका राजकुमार कहलन अपना भइआ से अपना ससुरार जाए खातिर । इजाजत मिल गेल । बाँकिर ई कवनो राजवाड़ ठाठ बाठ में न जा के एगो साधारण आदमी के भेष में फेर चल देलन पैदले अपना ससुरार ।

जाते जाते हरिनगर पहुँचलन । नगर के गोएँड़ा में आम के एगो बगीचा रहे । ओही में अपन निमन कपड़ा सब के एगो मोटड़ी बान्ह के टाङ देलन आ फाटल चिटल पेन्ह के चल देलन नगर में । राजा के कचहरी लागल रहे । राजकुमार पहुँचलन कचहरी में आ राजा से अर्जी कएलन नोकरी खातिर ।

राजा अपना मन्त्री से सलाह कएलन ।

राजकुमारी र सइसलाई गहिरो खाल्डो खनी पुरियो । फैसलामा मदत गर्ने युवतीको हार फर्काइयो र एउटा अर्को हार पारितोषिक पनि दिइयो । दुबै भाइ राजकुमार त्यहाँबाट घोडमा सवार भए र बरालिए कुनै अर्कै देश तिर ।

जब राजाको नगरदेखि बाहिर आए, ती युवतीले दुवैजनाई भनी, 'हेर, म त आफ्ना बाबुआमाको ख्याल नगरी घरबाट बाहिर निस्की सकेकी छु । तिमीहरूमध्ये एकजना मसँग बिहा गर, होइन भने म आत्महत्या गर्नेछु ।'

जेठा राजकुमारले कान्छो तिर ईशारा गर्दै बिहा गर्न भने ।

कान्छोले भन्यो, 'मैले बिहा गरेँ भने हजूरको घर आँगन सबै रोकिन्छ । हजूरले बिहा गर्नुभो भने हामी दुबैजनाको लागि राम्रो हुनेछ । त्यसैपनि हजूरकै श्रीमती मारिएकी छिन् । मैले आफ्नो त अझ पता लगाउन बाँकी नै छ ।'

जेठा राजकुमारले ती युवतीसँग बिहा गरे एउटा मन्दिरमा र आइपुगे पुरानै राजाकहाँ जहाँ दुबैजना नोकरी गरिरहेका थिए । आएर पूरै समाचार बेलीविस्तार लाए र आफ्ना सही परिचय पनि दिए ।

यिनै राजाको मदतले आफ्ना राज्यमाथि चढाइ गरे । मन्त्री, सचिव र राजपुरोहित मारिए । फेरि यी राजकुमारहरूकै राज्य भयो ।

केही दिन पछि कान्छा राजकुमारले दाज्यूमहाराजलाई ससुराली जाउँ भनी बिन्ती गरे । अनुमति पनि पाए । तर यिनले कुनै राजशी ठाटबाठमा नभई एउटा साधारण व्यक्तिको हुलियामा निस्किगए आफ्नो ससुराली पैदल नै ।

जाँदा जाँदै हरिनगर आइपुगे । नगर नजिकिए पछि यिनले एउटा आँपको बगैंचा फेला पारे । त्यसैमा आफ्ना लुगाफाटाहरूलाई पोके पारी एउटा हाँगामा झुण्ड्याए र च्यातिएका झुत्रा लुगा लाएर नगर प्रवेश गरे । राजाको इजलास चलिरहेको थियो । राजकुमार न्यायालयमा पुगे र राजासँग कुनै नोकरी पाउँ भनी बिन्ती गरे ।

राजाले पनि आफ्ना मन्त्रीसित सल्लाह गरे ।

राजकुमार के नोकरी मिल गेल अपने कनिया के अङरक्षक के । इनकर काम रहे राजकुमारी के बास्ता लेके स्कूल पहुँचावेके आ स्कूल से दरबार पहुँचावेके ।

राजकुमार के नोकरी शुरु हो गेल । घरे खाना भी मिले त राजकुमारिए के हाँथ से । बाँकिर ससुरार में ई परसन न माङस । जे मिले ऊ खा लेस । अब आज पाँच मुठी, बिहान चार मुठी, परसों तीन मुठी करते करते इनकर खाना एक मुठी पर झर गेल बाँकिर ई परसन न मङलन कहिओ ।

राजकुमारी के भी अइसन करे के पाछे एके गो मकसद रहे अपना नोकर के सहनशीलता के पता लगावेके । राजकुमारी बहुत खुस हो गेलिन अपना नोकर के आदत से । एक दिन मन्त्री से पुछलिन, 'एह नोकर के हम कवना नाम से बोलाएम ? ई त अबही अपन नामों नइखे बतवले हमें ।'

मन्त्री के पुछला पर राजकुमार अपन नाँव सेकसामी बता देलन ।

अब राजकुमारी के कवनों जरुरत परे त सेकसामी कहके अपना नोकर के बोलावे । एहीलेखा कुछ दिन बितल ।

एक दिन मन्त्री के बेटा के मन में पाप उपरज गेल । ऊ राजकुमार से कहलक, 'ए सेकसामी, जो कह दे राजकुमारी के हमरा से कुछ बात करेके । ई काम करबे त तोहे हम पाँच हजार रोपेया देहम ।'

राजकुमार साँचे बात बता देलक राजकुमारी के, 'हजूर, अपने उनका से बोलम त ऊ हमरा के पाँच हजार रोपेया दिहेन ।'

राजकुमारी कहलिन, 'जो कह दे ओही फुलबारी में ऊ बइठल रहिहन । हम स्कूल से आएम त उनका से भेंट करम ।'

साँझ में साँचो लेखा राजकुमारी मन्त्री के बेटा से गाछी में मिलके बात कइलिन चार पाँच मिनट । राजकुमार के पाँच हजार रोपेया भेंट गेल ।

राजकुमारले नोकरी पाए तर आफ्नै श्रीमतीको अङ्गरक्षकको । यिनको काम थियो राजकुमारीको स्कूले झोला बोकी उनलाई स्कूल पुऱ्याउने र स्कूलबाट राजदरबार ल्याइपुऱ्याउने ।

राजकुमारको नोकरी शुरु भयो । जे भए पनि यिनले राजकुमारीकै हातबाट खाना पाउँथे । तर ससुरालीमा यिनी खाना थप्तैनथे । जे जति आउँथ्यो खाइहाल्थे । अब आज पाँच मुठी, भोलि चार मुठी, पर्सी तीन मुठी गर्दागर्दै यिनको खाना एक मुठीमा झरिसक्यो तर पनि यिनले कहिल्यै पनि खाना थपेनन् ।

राजकुमारीले पनि यसो गर्नुको पछाडि एउटा उद्देश्य थियो आफ्नो नोकरको सहनशीलता पता लगाउने । राजकुमारी धेरै खुशी भइन् आफ्नो नोकरको बानी बेहोराबाट । एक दिन मन्त्रीसँग सोधिन्, 'यो नोकरलाई मैले कुन नामले बोलाउने ? यसले अहिलेसम्म आफ्नो नाम पनि बताएको छैन मलाई ।'

मन्त्रीले सोधेपछि राजकुमारले आफ्नो नाम सेकसामी बताए ।

अब राजकुमारीले केही काम परेको बेला सेकसामी भनेर आफ्नो नोकरलाई बोलाउँथिन् । यसै गरी दिन बित्दै गयो ।

एक दिन मन्त्रीको छोरोको मनमा पाप पलायो । उसले राजकुमारलाई भने, 'ए सेकसामी, जा राजकुमारीलाई भन्दे मसँग केही कुराकानी गर्नलाई । यति काम गरिस् भने म तँलाई पाँच हजार रुपैयाँ दिन्छु ।'

राजकुमारले पनि साँचै कुरो बताइदिए राजकुमारीलाई, 'सरकार, मौसुफले उहाँसँग बोलिबक्सियो भने उहाँले मलाई पाँच हजार रुपैयाँ दिनुहुन्छ रे !'

राजकुमारीले भनिन्, 'जा भनिदेऊ ऊ त्यही बगैंचामा बसिराखून् । म स्कूलबाट आउँदै गर्दा उनीसँग भेट्छु ।'

साँझपख साँच्चिकै राजकुमारी मन्त्रीको छोरासँग बगैंचामा भेटेर कुरा गरिन् चार-पाँच मिनेट जति । राजकुमारले पाँच हजार रुपैयाँ पाइहाले ।

एने मन्त्री के बेटा के मनो बढ़ गेल । ऊ फेर राजकुमार से कहलक, 'ए सेकसामी, जो कह दे राजकुमारी के हमरा से मोहबत करी त हम तोहे दस हजार रोपेया देहम ।'

राजकुमार फेर जा के राजकुमारी से ई बात कह देलन । राजकुमारी कहलिन, 'ठीक बा तू जा के दस हजार रोपेया लेले आ कहदे हुनका के नदी का किनारे रहल बगीचा में बरबिछौना लगा के हमर पैंड़ा ताकेके । हम स्कूल से लोटम त जाएम ओह लङ ।'

राजकुमार मन्त्री के बेटा से जा के कह देलन सब बात । दस हजार रोपेया मिल गेल ।

अब त राजकुमार के माथ चकराए लागल । सोचे लागल, 'भउजइया हमर ओइसनके रहे आ देखइत बाड़ी जे हमर मेहरारुओ ओइसन के न त बा ?'

अब ओह दिन दिनभर मतखाह होगेल सेकसामी । न खाए न पिए । न चाह, न सरवत, न पनपिआई, न खाना ।

साँझ भेल । राजकुमारी कहलिन, 'सेकसामी, चल साथे चलइत बाड़ी मन्त्री के बेटा से भेंट करे ।'

सेकसामी कहलक, 'ओह में कह का करे जाऊ ? बोलवले बाड़न अपने के, अपने जाऊ ।'

'हम कहइत बाड़ी चल तुहू चूपचाप । तोहरा ओतहाँ रहल जरुरी बा ।'

सेकसामी के मानही के परल । आखिर नोकर जे रहे ।

जब दूनू जने ओतहाँ पहुँचल त देखलक, मन्त्री के बेटा तोसक तकिया लगा के तान बितान कके सुतल रहे पछया बेआर में ओह फूलबारी में ।

राजकुमारी मन्त्री के बेटा के मुँह पर से चदर हटा देलिन आ तेगा निकाल के मारलिन छेव गर्दन पर । सिर धड़ से छट दिन अलग होगेल ।

राजकुमारी सेकसामी से कहलिन, 'लास उठा के नदी में फेंक दे ।'

राजकुमार धएलक टङड़ी आ लास के घिँसिआ के फेँक देलक नदी में । मुड़ियो के थुकचा थुकचा उड़ाके नदी में फेँक देलक लोग ।

यता मन्त्रीको छोरोको मन पनि बढ्दै गयो । उसले फेरि राजकुमारलाई भने, 'ए सेकसामी, जा भन्दे राजकुमारीलाई मसँग मायाप्रीति गर्छे भने म तँर्ला दस हजार रुपैयाँ दिन्छु ।'

राजकुमारले फेरि गएर राजकुमारीलाई यो कुरो भनिदिए । राजकुमारीले भनिन्, 'ठीक छ तँ गएर दस हजार रुपैयाँ लिइहाल र भन्दे उनलाई नदी किनारको बगैँचामा ओछ्यान समेत लाएर मलाई पर्खिबस्न । म स्कूलबाट फर्किंदा त्यहाँ आउँछु ।'

राजकुमारले फेरि मन्त्रीको छोरो भा' ठाउँमा गएर सबै कुरा सुनाइदिए । दस हजार रुपैयाँ पाइयो ।

अब त राजकुमारको मस्तिष्कमा रिङ्गटा शुरु भयो । सोच्न थाले, 'भाउज्यू मेरी उस्तै थिई र हेरिरहेको छु न मेरी स्वास्नी पनि त्यस्तै छे कि ?'

अब त्यो दिन दिनभरि उदास भई समय बिताए सेकसामीले । न खान्थे न पिउँथे । न चिया, न सर्बत, न खाजा, न खाना ।

साँझ पऱ्यो । राजकुमारीले भनिन्, 'सेकसामी, सँगै हिँड जाँदैछु मन्त्रीको छोरोसँग भेट्न ।'

सेकसामीले भने, 'त्यसमा म के गर्न जाऊँ ? बोलाएका त हुन् मौसूफलाई, हजूर गइबक्सियोस् ।'

'म भन्दैछु हिँड तँ पनि चूपचाप । तँ त त्यहाँ हुनै पर्छ ।'

सेकसामीले मान्नै पऱ्यो । आखिर ऊ नोकर जो थियो ।

जब दुबैजना त्यहाँ पुग्छन् अनि हेर्छन्, मन्त्रीको छोरो डसना तकिया लगाएर तान बितान गरी लम्पसार परेको थियो पछुवा हावामा त्यस बगैँचामा ।

राजकुमारी मन्त्रीको छोरोको मुखबाट बरको हटाइन् र खड्ग झिकेर छप्काइदिइन् घाँटीमा । जीउ र टाउको छ्याप्पै अलग भइसक्यो ।

राजकुमारी सेकसामीलाई भनिन्, 'लास उठाएर नदीमा फाल दे ।'

राजकुमारले पनि खुट्टामा समाएर लासलाई घिसार्दै फालिदिए नदीमा । टाउकोलाई थुक्चा-थुक्चा पारी नदीमा फालिदिए दुबैजनाले ।

साँझ में आएल दरबार में । ओह दिन सेकसामी परोसन लेले के खाना खएलक हिँछा भर ।

कुछ दिन बितल । एक दिन कचहरी में जा के सेकसामी राजा से जा अर्जी कएलक, 'सरकार, घर में एके गो बुढ़ मतारी बा । बहुत दिन हो गेल । अब हम एक बेर घरे जाए के चहइतबाड़ी ।'

पहिले त राजा न मानस जाए देवे खातिर । बाँकिर बहुत कहला सुनला पर पाँच हजार रोपेया देके सेकसामी के जाएके आदेश मिल गेल । ओने राजकुमारियो इनका के पनरह हजार रोपेया देदेलिन ।

सेकसामी गाछ पर से अपन कपड़ा उतरलक, पेन्हलक आ घरे चल आएल ।

घरे आएला पर भइआ पुछलक, 'का बात बा ? कवनों गड़बड़ त नइखे ?'

राजकुमार कहलक, 'कवनों बात के गड़बड़ी नइखे ।'

कुछ दिन के बाद बड़का राजकुमार अब चहलन छोटका राजकुमार के गवना कर देवेके । भेजलन बाभन आ हजाम के हरिनगर । दिन उतर के चल आएल ।

निमन दिन बाउर भेल बाउर दिन निमन भेल । छोटका राजकुमार चललन कार पर सवार होके । बाजा गाजा लावालस्कर सब चलल हरिनगर । जब बरियात नगर के गोयँड़ा पहुँचल त राजकुमार सब केहु के कह देलन, 'हमर अपन गाड़ी सिर्फ राजमहल पहुँची बाँकिर एक चक्कर लगाके हम बिना गाड़ी से उतरले लौट आएम । तोहनी बिदागिरी करएले आ मिलल दान दहेज लेके घरे आ जइहे स ।'

'काहे ?'

'राजपुरोहित के सलाह बा, सीधे सामने काल पड़ रहल बा । दुलहा-दुलही के आमने सामने भेल खतरा से खाली नइखे । एह बात के खबर हमरा ससुरार पहुँच गेल बा ।'

साँझपख आइपुगे दरबारमा । त्यस दिन सेकसामीले पनि थपिथपिकन खाना खाए इच्छा पुग्ने गरि ।

केही दिन बित्यो । एक दिन इजलासमा गएर सेकसामी राजालाई बिन्ती चढाए, 'सरकार, घरमा एकजना बुढी आमा मात्रै हुनुहुन्छ । धेरै दिन भइसक्यो । अब एकचोटी धर जान चाहन्छु ।'

पहिले त राजा जानदिन तयारै थिएन । तर धेरै बिन्तीभाऊ गरेपछि पाँच हजार रुपैयाँ दिएर सेकसामीलाई जान आदेश दिई दिए राजाले । उता राजकुमारीले पनि यिनलाई पन्ध्र हजार रुपैया दिई दिइन् ।

सेकसामीले रुखबाट आफ्नो कपड़ा झिके, लगाए र घर आइपुगे ।

घर आएपछि दाज्यूले सोधे, 'के कुरा छ ? केही गड़बड़ त छैन ?'

राजकुमारले भने, 'कुनै किसिमको गड़बड़ी छैन ।'

केही दिन पछि जेठा राजकुमारले कान्छो राजकुमारको द्विरागमन गर्न खोजे । पठाए बाहुन र हजामलाई हरिनगर । शुभसाइतमा द्विरागमनको कुरो छिनियो ।

शुभ दिन अशुभ र अशुभ दिन शुभ भयो । कान्छा राजकुमार निस्के ससुराली कार चढेर । बाजा गाजा लावालस्कर सबै हिँडे हरिनगरको लागि । जब जन्ती नगरको नजीक पुग्यो, राजकुमारले सबैलाई भने, 'मेरो आफ्नो गाड़ी राजमहलमा पुग्छ मात्रै तर एक चक्कर लगाएर म गाड़ीबाट न ओर्लिकनै फनक्क फर्किन्छु । तिमीहरू बेहुली बिदा गराएर पाइएको दाइजो कोसेली लिएर घर आउनू ।'

'किन ?'

'राजपुरोहितको सल्लाह छ, सन्मुख नै काल परिहरहेको छ यसबेला । बेहुला-बेहुला आमुन्ने-सामुन्ने हुनुले खतरा मात्रै निम्त्याउँछ । यस्तो आप्ठ्यारो स्थितिको जानकारी मेरो ससुराली पुगिसकेको छ ।'

ओहीलेखा भेल । राजकुमार अपन गाड़ी राजमहल पहुँचवलन आ एक चक्कर लगाके लौट गेलन । बाँकी बरियतिया लोग दान दहेज लेके लड़की बिदा करा के घरे लौट आएल ।

साँझ के कोहबर में जब लड़की अपना पति बदले सेकसामी के सेज पर अवइत दखलक त कहलक, 'ई त सेकसामी ह । हमर पति कइसे ?' एतना समझते ऊ डाँट के बोलल, 'ए सेकसामी, ओतही रुक जो । अगर हमर पति के पता लाग गेल त तू ठहरे मारल जएबे ।'

राजकुमार बोललन, 'हम सेकसामी ना लागी । हम त तोहर स्वामी बाड़ी । जइसे गुरुजी अपना चटिया के जाचे निकलेलन ओइसही हम तोहे जाँचे निकलल रहली ।'

लड़की लजा गेल ।

(श्रोत : जगदीश चौधरी, बरेवा, ढाका थाना, पूर्वी चम्पारण, बिहार ।)

त्यसै भयो । राजकुमार आफ्नो गाडी राजदरबारमा पुऱ्याए मात्रै, एक चक्कर लगाएर फनक्क फर्किआए । बाँकी जन्तीहरूले दाइजो र कोसेली सहित बेहुली बिदा गराए र घर फर्किए ।

साँझ सुहागरातको बेला जब बेहुलीले आफ्नो पतिको ठाउँमा सेकसामीलाई ओछ्यान तिर आउँदै गरेको देखेपछि आश्चर्यचकित भइन्, 'यो त सेकसामी हो । यो मेरो श्रीमान् कसरी हुनसक्छ ?' यति कुरा खेलाउँदै हँकार्दै सोधिन्, 'ए सेकसामी, त्यहीं रुकिहाल । यो कुरा यदि मेरो श्रीमान्ले थाहा पाउनु भो भने ठाडै तेरो ज्यान जान्छ ।'

राजकुमारले भने, 'म सेकसामी होइन । म त तिम्रो स्वामी नै हूँ । जसरी गुरुले आफ्नो शिष्यको परीक्षा लिन्छन्, त्यसैगरी म पनि तिम्रो परीक्षा लिन निस्केको थिएँ ।

बेहुली लाजले भुतुक्क भई ।

(श्रोत : जगदीश चौधरी, बरेवा, ढाका थाना, पूर्वी चम्पारण, बिहार ।)

References

Bhola, H. S. (1994) *A Source Book for Literacy Work,* UNESCO

Thakur, G. et al (2055 B. S. to 2059 B. S.) *Hamar Bhasha Bhojpuri Class 1 to 5)*, Curriculum Development Centre, Sanothimi

Thakur, G. et al (2059 to 2060 B. S.) *Bhojpuri Class 9 & 10,* Curriculum Development Centre, Sanothimi